


देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

समदिया मिथिला

कार्तिक, कृष्ण पक्ष, द्वादशी, संवत् : 2083

देशक पहिल मैथिली दैनिक



धनतेरसक हार्दिक शुभकामना

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 57 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00

A BRANDED JEWELLERY SHOWROOM

MAJ

महादेव साह अमरनाथ प्रसाद ज्वेलर्स

मानक: पथप्रदर्शक:
100% Hallmark Jewellery

INTERNATIONAL GEMOLOGICAL INSTITUTE

धनतेरस ज्वेलरी एक्जीविशन

समस्त मिथिलांचलवासियों को धनतेरस, दीपावली एवं छठ महापर्व की हार्दिक शुभकामनाएं



UPTO 40% OFF
सोने एवं चाँदी के मेकिंग चार्ज पर

UPTO 25% OFF
डायमंड ज्वेलरी के मूल्य पर

धनतेरस-दीवाली ऑफर



अमरनाथ प्रसाद
(प्रदेश भाजपा नेता)

दिव्या देवी
(समाजसेवी)

कैरोमीटर की सुविधा उपलब्ध | 7493957959, 7643052043, 9431643733 | गांधी चौक, राजनगर, मधुबनी

महादेव साह अमरनाथ प्रसाद ज्वेलर्स की नई प्रतिष्ठान

RP MALL राजनगर

चार फ्लोर में शादी के कपड़ों का विशाल संग्रह

SAREE
SUITS
LEHENGAS
JEANS
NEHRU COAT
KIDS WEAR

राज राजेश्वरी COLLECTION

Buy 1 Gate 1 Free



विशेष छूट!
35% OFF
शादी-विवाह के कपड़ों पर



RP MALL, गांधी चौक, राजनगर, मधुबनी | 85272 79982 | 8603132727

पटना मे आब कचरा गाड़ी सभक लाइव ट्रैकिंग, नव वर्ष मे लागू होयत नव व्यवस्था

प्रत्येक मास खर्च होयत 24.07 करोड़

पटना, समदिया



राजधानी पटना मे सफाइ व्यवस्था कें नीक, पारदर्शी आ आधुनिक बनेबाक लेल पटना नगर निगम नव व्यवस्था लागू करय जा रहल अछि। एहि अंतर्गत पहिल बेर कचरा संग्रह करय बला प्रत्येक गाड़ीक जीपीएस तकनीक सं रियल टाइम निगरानी कयल जाएत। नव व्यवस्था नव वर्ष सं पूरा तरहे लागू होयत। एहि लेल 75 वार्डक संचालनक जिम्मेदारी दू अलग-अलग एजेंसी कें देल जाएत। प्रत्येक एजेंसी कें तीन-तीन अंचलक जिम्मेदारी सौंपल जाएत। नव व्यवस्था अंतर्गत चयनित एजेंसी सभ कें 75 वार्ड मे कुल 1939 वाहन रखय पड़तनि। एहि मे क्लोज्ड ऑटो टिपर, ओपन ऑटो टिपर, ई-रिक्शा, हाथ ठेला, फ्रंट हो लोडर, जेसीबी, ओपन हेवी टिपर, स्ट्रीट स्वीपिंग मशीन, रिफ्यूज कॉपैक्टर आ हुक लोडर शामिल अछि। वार्डक जरूरतक अनुसार वाहनक संख्या तय कयल गेल अछि। एकर उद्देश्य कचरा संग्रह आ परिवहनक प्रक्रिया कें व्यवस्थित बनायब अछि।

वर्तमान मे पटना नगर निगम मे कार्यरत करीब 9600 सफाइकर्मी कें नव व्यवस्था अंतर्गत चयनित एजेंसी सभक पे-रोल पर समायोजित कयल जाएत। एजेंसी सभ कें कर्मचारी सभ कें न्यूनतम वेतन, ईपीएफ, ईएसआई आ आन सभ वैधानिक सुविधा देबय पड़तनि। एकर अतिरिक्त प्रत्येक सफाइकर्मी लेल कम सं कम 15 लाख रुपैयाक समूह दुर्घटना बीमा उपलब्ध करायब अनिवार्य होयत। कचरा उठेबा मे लापरवाही भेटला पर एजेंसी सभ पर जुमार्ना सेहो लगाओल जाएत।

पूरा सफाइ व्यवस्था कें आईटी-सक्षम प्रणालीक माध्यम सं संचालित कयल जाएत। सभ कचरा संग्रह करय बला वाहन मे जीपीएस ट्रैकिंग, आरएफआईडी टैगिंग आ क्यूआर कोड आधारित ट्रैकिंग प्रणाली लगाओल जाएत। एहि पूरा प्रणाली कें इंटीग्रेटेड कमांड एंड कंट्रोल सेंटर (आईसीसीसी) सं जोड़ल जाएत। एहि सं केंद्रीय स्तर पर वाहन आ सफाइकाजक निगरानी कयल जा सकत। व्यवस्थाक उद्देश्य काजकाज मे पारदर्शिता आ एजेंसी सभक जवाबदेही सुनिश्चित करब अछि।

शहरक सभ कचरा ट्रांसफर स्टेशनक संचालन, प्रबंधन आ नियमित रखरखाव चयनित एजेंसी सभक जिम्मे रहत। एतय स्थापित कॉपैक्टर आ हुक लोडरक संचालन सेहो एजेंसी सभ सुनिश्चित करत। कचरा संग्रह आ परिवहन मे उपयोग होमय बला वाहन आ उपकरण कें चालू हालत मे रखबाक जिम्मेदारी हुनके सभक होयत। वाहनक नियमित सर्विसिंग, मरम्मत आ खराब भेला पर समय पर दोसर वाहन उपलब्ध करायब सेहो एजेंसी कें अपन खर्च पर करय पड़तनि। सभ वाहनक वैध रजिस्ट्रेशन, फिटनेस, बीमा आ प्रदूषण प्रमाणपत्र राखब अनिवार्य होयत। नव व्यवस्था अंतर्गत एजेंसी सभक संग चारि वर्षक अनुबंध कयल जाएत। अनुबंधक अवधि पूरा भेलाक बाद सभ वाहन पूरा तरहे पटना नगर निगमक स्वामित्व मे आबि जाएत। एहि दौरान वाहनक संचालन आ रखरखावक जिम्मेदारी संबंधित एजेंसी सभक रहत। निगम द्वारा निर्धारित शर्त सभक अनुसार सफाइ व्यवस्थाक संचालन कराओल जाएत।

मेयर सीता साहूक अनुसार, नव व्यवस्था लागू भेला सं पटना नगर निगम पर वित्तीय बोझ कम होयत। वर्तमान मे शहरक सफाइ व्यवस्था पर हर महीना करीब 28 करोड़ रुपैया खर्च होइत अछि। नव व्यवस्था लागू भेलाक बाद ई खर्च घटि कए लगभग 24.07 करोड़ रुपैया प्रति महीना रहि जाएत। हुनकर कहब अछि जे एहि सं नगर निगम कें हर वर्ष 25 करोड़ रुपैया सं बेसी बचत होयत।

जीपीएस, आरएफआईडी आ क्यूआर कोड आधारित निगरानी व्यवस्था लागू भेला के बाद कचरा संग्रह आ परिवहनक प्रक्रिया पर केंद्रीय स्तर सं नजरि राखल जा सकत। वाहनक उपलब्धता, ओकर कार्यशील स्थिति आ सफाइकर्मी सभ सं जुड़ल प्रावधानक जिम्मेदारी एजेंसी सभ पर रहत। एहन स्थिति मे नव व्यवस्थाक प्रभावी संचालन आ निर्धारित मानक सभक पालन पर नगर निगमक निगरानी महत्वपूर्ण होयत।

पटना मे 15 नवंबर सं जीरो माइल दिस जायबला दहिना फ्लैंक पर चलत गाड़ी



जाम सं भेटत राहति

पटना, समदिया

पटना मे बैरिया बस स्टैंड लग मसौढ़ी रोड मोड़ सं जीरो माइल दिस जाएबला सड़क पर शीघ्र वाहनक आवाजाही शुरू होयत। एहि मार्गक दहिना फ्लैंक पर पक्का ढलाईक काज तेजी सं चलि रहल अछि। एनएचएआई के अनुसार, 15 नवंबर तक काज पूरा करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। एकर बाद एहि सड़क पर वाहनक परिचालन शुरू कए देल जाएत।

मसौढ़ी मोड़ सं जीरो माइल दिस जाएबला दहिना दिसक सर्विस लेन मे पक्का ढलाईक काज शुरू भए चुकल अछि। एहि हिस्सा के निर्माण पूरा भेलाक बाद बामा दिसक सर्विस लेनक सेहो पक्का ढलाई कराओल जाएत। एहि सं सड़कक खराब स्थिति के कारण वाहन चालक सभ कें होमय बला परेशानी कम होयबाक उम्मीद अछि।

जिलाधिकारी एनएचएआईक परियोजना निदेशक कें मसौढ़ी मोड़ सं जीरो माइल धरि सर्विस लेनक मरम्मत करबाक निर्देश देने छलाह। एकर संग मेट्रो पुलक नीचा सं जीरो माइल धरि क्षतिग्रस्त सर्विस लेनक सेहो पक्का ढलाई करबाक लेल कहल गेल छल। डीएम निर्माण काज मे उच्च गुणवत्ता बनौने रखबाक आ निर्धारित समय-सीमा मे काज पूरा करबाक निर्देश देने छलाह।

एहि सड़कक खराब स्थिति के कारण आम लोकक संग बैरिया बस टर्मिनल आबय-जायबला यात्री सभ कें सेहो परेशानी होइत छलनि। सड़कक मरम्मत पूरा भेला सं एहि मार्ग पर आवागमन सुगम होयबाक उम्मीद अछि। संगहि वाहनक आवाजाही मे होमय बला बाधा कम होयत आ जामक समस्या सं सेहो राहति भेटि सकैत अछि।

दहिना फ्लैंकक ढलाई पूरा भेलाक बाद आ ओहि पर परिचालन शुरू भेला पर एनएचएआई बामा दिसक सर्विस लेनक पक्का ढलाई कराओत। एहि सं दुनू दिसक सड़क नीक होयत। फिलहाल दहिना फ्लैंकक काज 15 नवंबर तक पूरा करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। एकर बाद बामा दिसक निर्माण काज आगू बढ़ाओल जाएत।

पटना मे 22-24 नवंबर धरि आयोजित होयत 73म विद्यापति स्मृति पर्व समारोह

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी करताह उद्घाटन, मैथिली भाषा-संस्कृति आ लोककला देखबा लेल जुटताह देशभरिक मैथिल

पटना, समदिया



मैथिली भाषा-संस्कृति आ साहित्यक संवर्धन तथा महाकवि विद्यापतिक स्मृति मे चेतना समिति, पटनाक तत्वावधान मे 22, 23 आ 24 नवम्बर 2026 कें 73म विद्यापति स्मृति पर्व समारोहक आयोजन होयत। एहि तीन दिवसीय समारोह मे साहित्यिक, सांस्कृतिक आ लोककलाक विविध कार्यक्रम आयोजित कयल जायत। समारोहक उद्घाटन बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी करताह। आयोजनक लेल पटना स्थित मिलर स्कूल परिसर चुनल गेल अछि।

समितिक सचिव जयदेव मिश्र देल विज्ञप्ति मे कहलनि जे समारोहक पहिल दिन 22 नवम्बर कें अपराह्न चारि बजे महाकवि विद्यापतिक श्रद्धांजलि आ सम्मान समारोहक संग सांस्कृतिक कार्यक्रम शुरू होयत। एहि अवसर पर विभिन्न क्षेत्र मे उल्लेखनीय योगदान देनिहार व्यक्तित्व सभ कें सम्मानित कयल जायत। राष्ट्रीय स्तरक नामचीन कलाकार अपन प्रस्तुति देताह। दोसर दिन 23 नवम्बर कें सांस्कृतिक कार्यक्रमक अतिरिक्त इजोत घरक अन्हार नाटकक मंचन होयत। कार्यक्रम अपराह्न चारि बजे शुरू भए राति दस बजे धरि चलत।

तेसर दिन 24 नवम्बर के 'सीता हमर अस्मिता विषय पर विचार गोष्ठीक आयोजन होयत। एहि मे देशक विभिन्न भाग सं आमंत्रित विद्वान अपन विचार रखताह। ओहि दिन सांस्कृतिक कार्यक्रमक संग भव्य कवि सम्मेलन सेहो होयत, जाहि मे वरिष्ठ कवि सभ अपन काव्यपाठ करताह।

समारोहक विशेष आकर्षणक रूप मे मिलर स्कूल परिसर मे मिथिला हस्तशिल्प आ मैथिली पुस्तकक प्रदर्शनी लगाओल जायत। एहि ठाम हस्तशिल्पक विभिन्न उत्पाद आ खाद्य सामग्रीक बिक्री सेहो होयत। एकर अतिरिक्त झिझिया, जट-जटिन, पमरिया आ मुखौटा नृत्यक प्रस्तुति होयत। नृत्यांगना सुदीपा घोष विद्यापति भाव नृत्य प्रस्तुत करतीह। 23 नवम्बर कें मैथिली महिला संघक ओर सं आनन्द मेला मे मिथिलाक पारंपरिक व्यंजनक स्टॉल सेहो लगाओल जायत। समिति सचिव जयदेव मिश्र लोकनि सं समारोह मे सहभागी भए एकरा सफल बनेबाक अपील कयलनि अछि।

पीएमसीएच मे ओपीडी पंजीकरण होयत ऑनलाइन

दिसंबर सं घर बैसले स्लॉट बुकिंग शुरू होयबाक संभावना

रोगी पोर्टल पर डॉक्टर आ तारीख चुनि सकताह

पटना, समदिया



पटना मेडिकल कॉलेज अस्पताल (पीएमसीएच) मे ओपीडी पंजीकरण ऑनलाइन करबाक तैयारी चलि रहल अछि। योजना के अनुसार, दिसंबर सं रोगी सभ घर बैसले डॉक्टर सं परामर्श लेबाक लेल स्लॉट बुकिंग करा सकताह। एहि व्यवस्था सं दूर-दराज सं आबय बला रोगी सभके सुविधा होयत।

आईजीआईएमएस जकां पीएमसीएच मे सेहो ऑनलाइन पंजीकरणक व्यवस्था लागू कयल जाएत। एकरा लेल अस्पतालक पोर्टल तैयार कयल जा रहल अछि। पंजीकरणक समय रोगी सभके आधार नंबर देबय पड़तनि। एहि सं हुनकर पूरा रिकॉर्ड डिजिटल रूप मे अस्पताल प्रशासन लग उपलब्ध रहत।

पीएमसीएच मे फिलहाल ओपीडी पंजीकरण ऑफलाइन होइत अछि। अस्पताल मे एकरा लेल 13 काउंटर अछि। भोर 8 बजे सं रोगी सभक भीड़ जुटय लगैत अछि आ पंजीकरण काउंटर दुपहर 2 बजे बंद भए जाइत अछि। रोगी सभके पर्ची कटेबाक लेल घंटो कतार मे ठाढ़ रहय पड़ैत अछि। देरी सं पहुंचय बला रोगी सभके अगिला दिनक प्रतीक्षा करय पड़ैत अछि।

अस्पताल प्रशासनक दिस सं देल गेल जानकारीक अनुसार, ओपीडी मे रोज 3 सं 4 हजार रोगी पहुंचैत छथि। ऑनलाइन पंजीकरण शुरू भेला पर रोगी सभ अपन सुविधाक अनुसार पहिनहि तारीख बुक करा सकताह।

विभागक पोर्टल पर भेटत जानकारी

अस्पतालक पोर्टल पर सभ विभागक ओपीडी संबंधी जानकारी भेटत। कोन दिन कोन विभाग मे कोन डॉक्टर रोगी सभके देखताह, ई जानकारी सेहो पोर्टल पर देल रहत। रोगी सभ अपन जरूरत आ पसंदक अनुसार डॉक्टर आ तारीख चुनि पंजीकरण करा सकताह।

स्कैनर सं निकलत पर्ची, सीधे डॉक्टर लग पहुंचताह रोगी

ऑनलाइन पंजीकरण कराबय बला रोगी सभके अस्पताल परिसर मे लगाओल गेल स्कैनर सं ओपीडीक पर्ची निकालबाक सुविधा भेटतनि। एकरा लेल रोगीके अपन पंजीकरणक विवरण स्कैन करय पड़तनि। पर्ची भेटला के बाद रोगी सीधे संबंधित विभाग मे डॉक्टर सं परामर्श लए सकताह। एहि सं काउंटर पर भीड़ घटत आ रोगी सभक समय सेहो बचत। एहि बीच पीएमसीएचक अस्पताल अधीक्षक डॉ. राजीव कुमार सिंह बतौलनि जे ओपीडी मे रोगी सभके पंजीकरणक लेल कतार मे नहि ठाढ़ रहय पड़य, एहि लेल ऑनलाइन पंजीकरणक सुविधा शुरू कयल जाएत। पंजीकरणक समय प्रत्येक रोगीके अपन आधार नंबर देबय पड़तनि। एहि सं रोगी सभक पूरा जानकारी ऑनलाइन उपलब्ध रहत।

बिहार मे 9 मास मे 477 करोड़क साइबर ठगी, पटना देश मे दोसर स्थान पर

पटना। बिहार मे साइबर अपराधक घटना तेजी सं बढ़ि रहल अछि। जून 2026 मे देशक 15 प्रमुख साइबर अपराध प्रभावित राज्य सभक सूची मे बिहार चारिम स्थान पर छल, मुदा सितंबरक रैंकिंग मे राज्य तेसर स्थान पर पहुंचि गेल। गृह मंत्रालयक भारतीय साइबर अपराध समन्वय केंद्र (आई4सी) केर ताजा रिपोर्ट मे ई जानकारी सामने आएल अछि। ओतहि, पड़ोसी राज्य झारखंड आ पश्चिम बंगालक रैंकिंग मे सेहो बदलाव दर्ज कयल गेल अछि। आई4सीक जिलास्तरीय रैंकिंग मे पटना देश मे दोसर स्थान पर अछि। ओतहि, नालंदा छठम आ नवादा नबम स्थान पर शामिल अछि। जून मे पटना चारिम स्थान पर छल, मुदा सितंबर मे दू स्थान ऊपर पहुंचि गेल। एही तरह नालंदा सेहो नबम सं छठम स्थान पर आबि गेल अछि। दोसर दिस, नवादाक रैंकिंग सातम सं नबम स्थान पर पहुंचि गेल अछि। रिपोर्टक अनुसार, जनवरी सं सितंबर 2026 के बीच बिहार मे साइबर अपराधी कुल 1,64,343 घटना कें अंजाम देलनि। एहि घटना सभ मे लोक सभ सं 477.22 करोड़ रुपैयाक ठगी कयल गेल। हालांकि, कारबाइक दौरान 142.08 करोड़ रुपैयाक राशि पर होल्ड लगा देल गेल अछि। एहि बावजूद ठगीक पैघ राशि एखनो साइबर अपराधी सभक कब्जा मे अछि। आंकड़ा बतबैत अछि जे ऑनलाइन ठगीक दायरा लगातार बढ़ि रहल अछि आ आम लोकक मेहनतक कमाइ अपराधी सभक निशाना पर अछि।

पटना एम्स 19 सफल किडनी प्रत्यारोपण कए रचलक इतिहास

दू ब्रेन डेड रोगीक अंगदान सं बचल जान

पटना, समदिया



एम्स पटना ऑर्गन ट्रांसप्लांटेशन क्षेत्र मे एकटा आ पैघ उपलब्धि अपन नाम दर्ज केने अछि। संस्थान मे एखन धरि कुल 19 सफल किडनी प्रत्यारोपण कयल जा चुकल अछि। एहि मे दूटा अत्यंत जटिल प्रत्यारोपण ब्रेन स्टेम डेथ के बाद अंगदान करय बला रोगी सभक किडनी सं संपन्न भेल अछि। खास बात ई अछि जे पिछला किछु सप्ताहक भीतर एम्सक विशेषज्ञ डॉक्टर सभ लगातार पांच सफल प्रत्यारोपण कयलनि। एहि ऐतिहासिक सफलता सं बिहारक संग-संग पड़ोसी राज्यक गंभीर किडनी रोगी सभ कें सेहो नव जीवन भेटबाक उम्मीद जगल अछि।

हालहि आईजीआईएमएस पटना मे ब्रेन स्टेम डेथ घोषित एकटा रोगीक परिजन अंगदान करबाक साहसिक निर्णय लेलनि। एकर बाद स्टेट ऑर्गन एंड टिश्यू ट्रांसप्लांट ऑर्गनाइजेशन (सोटो), बिहारक माध्यम सं एकटा किडनी एम्स पटना कें आवंटित कयल गेल। सूचना भेटिते एम्सक मेडिकल टीम शीघ्रता सं ऑपरेशनक सभ तैयारी पूरा कए लेलक। अंग कें समय पर सुरक्षित पहुंचयबाक लेल प्रशासन तुरंत ग्रीन कॉरिडोर तैयार करौलक। ट्रैफिक पुलिस आ एस्कॉर्ट टीमक तालमेल सं एंबुलेंस आईजीआईएमएस सं एम्स धरि के यात्रा मात्र 16 मिनट मे पूरा कयलक। ई किडनी फुलवारी शरीफ निवासी एकटा रोगी मे प्रत्यारोपित कयल गेल। हुनकर पहिल प्रत्यारोपण 8 जनवरी 2016 कें भेल छल। ओहि समय रोगीक पिता अपन किडनी दए हुनकर जान बचौने छलाह। करीब एक दशक धरि नीक जकां काज करबाक बाद प्रत्यारोपित किडनी काज करब बंद कए देलक, जाहि कारण दोबारा प्रत्यारोपण जरूरी भए गेल छल। रोगीक गंभीर स्थिति कें देखैत ब्रेन डेड अंगदाता सं भेटल ई किडनी हुनका लेल जीवनदान साबित भेल। दोबारा प्रत्यारोपण सफल भेलाक बाद आब रोगीक स्थिति पूरी तरहे स्थिर आ सुरक्षित बताओल जा रहल अछि। किडनी निकालबाक प्रक्रिया के नेतृत्व यूरोलॉजी विभागाध्यक्ष डॉ. कमलेश गुंजन कयलनि, जखनकि प्रत्यारोपण सर्जरी एडिशनल प्रोफेसर डॉ. विपिन चंद्रक देखरेख मे भेल। नेफ्रोलॉजी विभाग दिस सं प्रो. डॉ. अमरेश कृष्णा आ डॉ. मेघा सैगल मेडिकल प्रबंधन संभारलनि। ओतहि प्रो. निशांत सहाय के नेतृत्व मे एनेस्थीसिया टीम मुस्तैद रहल। चिकित्सा अधीक्षक प्रो. डॉ. प्रशांत कुमार सिंह आ ट्रांसप्लांट कोऑर्डिनेटर ललन कुमार दुनू संस्थानक बीच तालमेल बनौलनि। एम्स पटना के कार्यकारी निदेशक (प्रभारी) प्रो. डॉ. पूनम प्रसाद भदानी डॉक्टर आ पैरामेडिकल स्टाफक पूरा टीम के एहि सामूहिक सफलता पर बधाइ देलनि। संस्थान प्रबंधन अंगदाता रोगीक परिवारक प्रति आभार व्यक्त करैत कहलनि जे अपन प्रियजन कें खोयबाक असहनीय दुखक बीच अंगदानक निर्णय मानवताक सब सं पैघ उदाहरण अछि। परिजनक एहि एकटा निर्णय सं दोसर परिवार कें नव जीवन आ खुशियां वापस भेटल अछि।

7 नवंबर सं पटना मे ठप होयत सफाइ व्यवस्था नगर निगमक सफाइ कर्मी सभ देलनि चेतावनी

कहलनि- 2 मास सं नहि भेटल वेतन

पटना, समदिया




वेतन आ पेंशनक भुगतान नहि होयबाक कारण नगर निगमक कर्मचारी आ सफाइ मजदूर सभक नाराजगी बढ़ैत जा रहल अछि। नगर निगम चतुर्थवर्गीय कर्मचारी महासंघ चेतावनी देने अछि जे जं 6 नवंबर धरि कर्मचारी सभक वेतन नहि भेटलनि तं 7 नवंबर सं शहरक सफाइ व्यवस्था ठप कए देल जाएत। वेतन भुगतानक मांग लए नगर आयुक्तक घेराव सेहो कयल जाएत।

महासंघक अध्यक्ष नंद किशोर दास कहलनि जे 4 नवंबर धरि निगमक कतेको कर्मचारी सभके वेतन आ पेंशनक भुगतान नहि भेल अछि। एहि कारण कर्मचारी सभक बीच आक्रोश अछि।

संघक आरोप अछि जे निजी एजेंसीक अंतर्गत काज कए रहल सफाइ कर्मी सभके सितंबर आ अक्टूबर मासक वेतन नहि भेटल अछि। ओतहि, अगस्त मास मे सेहो कतेको सफाइ मजदूर सभके पूरा राशि देबाक बदला मनमाना तरीका सं मात्र 3-4 हजार रुपैया देल गेल।

संघक नेता सभ आरोप लगौलनि जे दोसर ठेकेदार सभके करोड़ो रुपैयाक भुगतान कयल जा रहल अछि, मुदा सफाइ मजदूर सभके कतेको मास सं हुनकर पारिश्रमिक नहि भेटल अछि। दीपावली आ छठि जेहन महत्वपूर्ण पर्व सामने अछि।

एहन स्थिति मे वेतन नहि भेटबाक कारण कर्मचारी सभक लेल घरक किराया, भोजन, बच्चा सभक जरूरत आ इलाजक खर्च जुटेनाइ मुश्किल भए गेल अछि। लंबे समय सं वेतन नहि भेटबाक कारण कतेको कर्मचारी पहिनहि कर्ज लेबाक लेल मजबूर छथि। पर्वक समय आर्थिक परेशानी आ बढ़ि गेल अछि।



देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

समदिया मिथिला

कार्तिक, कृष्ण पक्ष, द्वादशी, संवत् : 2083

देशक पहिल मैथिली दैनिक



धनतेरसक हार्दिक शुभकामना

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 57 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00

एक नजरि

पीओके मे पाक सेनाक क्रूरता, आम लोक पर बरसौलक गोली, 7 मरल

रावलकोट : पाकिस्तान अधिकृत कश्मीर (पीओके) केर रावलकोट मे बृहस्पतिदिन प्रदर्शनकारी सभ पर पाकिस्तानी सुरक्षाबल गोलीबारी कयलक, जाहि मे कम-सं-कम 7 लोकक मृत्यु भए गेल। मृतक सभ मे बच्चा सेहो शामिल अछि, जखन कि 18 लोक गंभीर रूप सं घायल छथि। यूनाइटेड कश्मीर पीपुल्स नेशनल पार्टी (यूकेपीएनपी) आरोप लगौलक जे शांतिपूर्ण प्रदर्शनकारी सभ पर भारी मशीनगन आ ड्रोन सं हमला कयल गेल। मटियालमेरा बस टर्मिनल, उमर फारूक चौक सहित कतेको ठाम प्रदर्शनकारी सभ कें निशाना बनाओल गेल। एहि दौरान बख्तरबंद गाड़ी सेहो उपयोग कयल गेल। 7 जून सं शुरू भेल आंदोलन मे आब तक 153 लोकक मृत्यु भए चुकल अछि।

तेजाब छीटि दोकान मे लगा देल गेल आगि, एक गंभीर

सीवान : सीवानक जीबी नगर थाना क्षेत्रक सरैया बाजार मे बुधदिन एकटा जनरल स्टोर संचालक नदीम अंसारी (27) केर आगि मे झरकि संदिग्ध परिस्थिति मे मृत्यु भए गेलनि। मृतक अलावल टोला चौकी हसन गामक निवासी छलाह। आरोप अछि जे किछु लोक हुनका पर तेजाब छीटि आगि लगा दोकान मे बंद कए देलक। शटर बाहर सं बंद रहबाक कारण स्थानीय लोक ताला तोड़ि हुनका बाहर निकाललनि।

एमएलसी चुनाव मे हारि पर जदयू मे मंथन नीतीश, ललन आ निशांत रहलाह अनुपस्थित

उमेश कुशवाहा बजलाह, भाजपा सं फेविकोल सन जुड़ाव अछि

पटना, समदिया

विधान परिषद चुनाव मे 3 सीट पर हारक बाद जनता दल यूनाइटेड (जदयू) बृहस्पतिदिन पटना स्थित पार्टी कार्यालय मे समीक्षा बैठक केलक। एहि बैठक मे पूर्व मुख्यमंत्री आ पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष नीतीश कुमार, केंद्रीय मंत्री ललन सिंह आ स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार शामिल नहि भेलाह। प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहाक अध्यक्षता मे भेल एहि बैठक मे पार्टीक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा सहित कतेको वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह। बैसार मे विधान परिषद चुनाव मे भेल हारिक कारण, संगठनक कमजोरी आ चुनावक दौरान नेता सभक भूमिका पर विस्तार सं विचार-विमर्श भेल। पार्टी विरोधी गतिविधि मे शामिल छोट-पैघ नेता आ कार्यकर्ता सभ पर कारबाइ करबाक मांग सेहो उठल। बैठक मे निर्णय लेल गेल जे चुनावक दौरान पार्टीक विरोध मे काज करयबला नेता आ कार्यकर्ता सभक पहिचान कए जल्दिए हुनका पार्टी सं निष्कासित कयल जाए। समीक्षा बैठक मे चुनाव जीतय आ हारयबला उम्मीदवार सभक संग ओहि जिला सभक जिलाध्यक्ष कें सेहो बजाओल गेल छल, जतय मतदान भेल छल। विधान परिषदक 4 सीट पर भेल चुनाव मे जदयू कें मात्र पटना स्नातक सीट पर जीत भेटल, जखन कि शेष 3 सीट पर पार्टी कें हारक सामना करय पड़ल।



कतय-कतय गलती भेल, ओकरा चिह्नित कएल गेल अछि

बैठक सं पहिने भाजपा सं गठबंधनक एहि हारिक पाछू रहल कारण आ संगठनात्मक स्तर पर भेल चूक पर नेता सभ अपन-अपन विचार रखलनि।

संबंध पर पूछल गेल सवालक जवाब दैत जदयू प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा कहलनि जे भाजपा सं हमर सभक गठजोड़ फेविकोल सन मजबूत अछि। जदयू विधायक रणधीर सिंह कहलनि जे बैठक मे चुनावी हारि पर चर्चा भेल अछि। कतय-कतय गलती भेल, तकरा चिह्नित कयल गेल अछि। ओतहि विधायक विनय कुमार चौधरी कहलनि जे समीक्षा बैठक मे शामिल होयल छी। समीक्षा पूरा भेलाक बादे पता चलत जे हमरा सभ सं कतय चूक भेल।

तिरहुत स्नातक सीट सं जदयू प्रत्याशी अभिषेक झा सेहो बैठक मे शामिल होयबाक लेल पहुंचलाह। ओ कहलनि जे चुनाव लोकतांत्रिक प्रक्रिया अछि आ एहि दौरान कतेको तरहक बात होइत रहैत अछि। जे मजबूत होइत छथि, वएह चुनाव लड़ैत छथि आ मैदान मे उतरैत छथि। ओ कहलनि जे पहिने पार्टीक बैठक मे शामिल भए ली, तकर बाद पत्रकार सभक बीच उपस्थित होयब।

एहि बीच, सम्राट चौधरी सरकार मे भूमि सुधार आ राजस्व मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि जे विपक्ष दिन मे सपना नहि देखय। एनडीए पूरा तरहें एकजुट अछि आ गठबंधनक पांचो घटक दल पांच पांडव जकां मजबूती सं एक-दोसराक संग ठाढ़ अछि। ओ कहलनि जे एनडीए मे एहि तरहक बैठक होइत रहैत अछि। पार्टीक वरिष्ठ नेता सभ बैसि आपस मे विचार-विमर्श करैत छथि। एहि मे कोनो असामान्य बात नहि अछि। गठबंधनक कोनो घटक दल मे रोष नहि अछि आ एकजुटता पर संदेह करबाक कोनो कारण नहि।

दोसर दिस, राजद प्रवक्ता एजाज अहमद दावा कयने छलाह जे एनडीए मे सभ किछु ठीक नहि अछि। गठबंधनक भीतर आपसी खींचतान चरम पर अछि। एहि कारणें समीक्षा बैठक बजाओल गेल अछि। मुदा दिलीप जायसवाल विपक्ष पर पलटवार करैत कहलनि जे विपक्ष एहि तरहक माहौल बनेबाक प्रयास कए रहल अछि, मुदा ओकरा एहि प्रयास सं किछु हासिल नहि होयत।

गश्तीक क्रम मे एसआइ रंधीर कुमार कें लागल गोली, मचल अफरातफरी

- सकतपुर थाना क्षेत्रक उजान मे झाड़ी लग भेल घटना, बामा पैर सं आर-पार भेल गोली

तारडीह (दरभंगा), समदिया

सकतपुर थाना क्षेत्रक उजान पंचायत अंतर्गत छिन्नमस्तिका स्थान सं किछुए दूरी पर बृहस्पति कें गश्तीक क्रम मे सहायक अवर निरीक्षक (एएसआइ) रंधीर कुमार कें गोली लागि गेलनि। घटना पाठक पोखर अमताही-लालपुरक लग झाड़ी मे दुपहर करीब 3 बजे भेल। गोली हुनकर बामा पयर मे लागि आर-पार भए गेलनि। घटनाक बाद पुलिस विभाग मे अफरातफरी मचि गेल।

जानकारीक अनुसार, एएसआइ रंधीर कुमार पुलिस टीमक संग इलाकामे गश्त कए रहल छलाह। एहि दौरान पोखरिक लग झाड़ी मे अचानक हुनकर बामा पैर मे गोली लागि गेलनि। गोली कतए सं चलल आ कोन परिस्थिति मे लागल, फिलहाल एकर जानकारी नहि भेटल अछि। कहल जाइत अछि जे गश्ती दल मे शामिल दोसर पुलिसकर्मी सभ कें गोली चलबाक आवाज धरि नहि सुनाइ पड़लनि।



घायल एएसआइ संग रहल पुलिसकर्मी सभ तत्काल प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र तारडीह पहुंचौलनि। ओतय प्रभारी चिकित्सक डॉ. सुमंत कुमार सिंह प्राथमिक उपचार कयलनि। ओ कहलनि जे गोली बामा पैर कें आर-पार कए देने अछि। नीक इलाज लेल हुनका दरभंगा मेडिकल कॉलेज अस्पताल (डीएमसीएच) रेफर कए देल गेलनि।

घटनाक सूचना भेटिते सकतपुर थानाक प्रभारी थानाध्यक्ष मधुलता कुमारी घटनास्थल पर पहुंचलीह। बेनीपुर थानाध्यक्ष पंकज कुमार, बाजितपुर थानाध्यक्ष सहित आन पुलिस अधिकारी सभ सेहो मौका पर पहुंचलाह। पुलिस घटनास्थल कें सुरक्षित कए साक्ष्य जुटेबाक प्रक्रिया शुरू कए देने अछि। क्राइम सीन टेप लगा कए लगपासक इलाकाक छानबीन कयल जा रहल अछि।

घटना सं उठि रहल अछि कतेको रंगक सवाल

एहि बीच सकतपुर थानाध्यक्ष अरविंद कुमार कहलनि जे बहिनक मांगलिक कार्यक्रमक कारण बुधदिन छुट्टी लए ओ घर आबि गेल छलाह। हुनका घटनाक जानकारी भेटल अछि। पुलिस पूरा मामिलाक जांच कए रहल अछि। गश्तीक दौरान पुलिस अधिकारी कें गोली लगबाक घटना कतेको सवाल ठाढ़ कए रहल अछि। गोली के चलौलक, की ई कोनो बाहरी व्यक्तिक गोली छल अथवा कोनो दोसर परिस्थिति मे ई घटना भेल? पुलिस जांचक बादे स्थिति स्पष्ट भए सकत। ओना एहि संबंध मे एसएसपी जगुनाथ रेड्डी कहलनि जे घायल गश्तीक क्रम मे एएसआइ रणधीर कुमार कें गोली मारल गेल अछि। मामिलाक जांच चलि रहल अछि। जे दोषी होयत, कारबाइ कएल जाएत।

दरभंगा मे एसआइआरक समर्थन मे उतरलाह केंद्रीय मंत्री भूपेंद्र यादव आ संजय झा

कहलनि- 1950 सं आठ बेर भेल मतदाता सूची पुनरीक्षण

दरभंगा, समदिया

दरभंगा मे बृहस्पतिदिन लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ अभियानक अंतर्गत आयोजित सभा आ पदयात्रा मे केंद्रीय मंत्री भूपेंद्र यादव आ जदयू के राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा मतदाता सूची विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआइआर)क समर्थन कयलनि। दुनू नेता विपक्ष पर एसआइआर कें लए' लोक मे भ्रम फैलयबाक आरोप लगौलनि।

भूपेंद्र यादव कहलनि जे मतदाता सूची कें शुद्ध करब लोकतंत्र मजबूत करबाक लेल आवश्यक अछि। मिथिलाक धरती आ माता जानकीक जन्मभूमि पर आबि ओ अपना कें सौभाग्यशाली बतौलनि। हुनकर कहब छलनि जे



बिहार लोकतंत्रक जननी रहल अछि। ओ कहलनि जे 1950 सं आब तक आठ बेर मतदाता सूचीक पुनरीक्षण भए चुकल अछि। आब नबम बेर ई प्रक्रिया चलि रहल अछि। मृत्यु भेला परो कतेको लोकक नाम सूची मे बनल रहैत अछि। किछु लोकक नाम गांव आ शहर दुनू ठाम रहैत अछि। विवाहक बाद महिलाक नाम नैहर आ सासुर दुनू ठाम रहि जाइत अछि। एहन दोहर प्रविष्टि हटेबाक लेल एसआइआर जरूरी अछि।

ओ कहलनि जे मतदान लेल 18 वर्षक आयु आ भारतीय नागरिक होयब अनिवार्य अछि। 12 दस्तावेज मे सं कोनो एकटा दस्तावेजक आधार पर नाम जुड़ाओल जा सकैत अछि। मनमाना ढंग सं ककरो नाम नहि काटल जा सकैत अछि।

रक्षके बनि गेल अछि भक्षक, जनता अपन सुरक्षा स्वयं करय : तेजस्वी यादव

मधुबनी बलिराजगढ़ पीड़ित परिवार सं भेंट केलनि नेता प्रतिपक्ष

- दरभंगा एयरपोर्ट पर पत्रकार सभ सं केलनि बात

मधुबनी/दरभंगा, समदिया

बिहार विधानसभाक नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव राज्यक कानून-व्यवस्था पर गंभीर सवाल उठौलनि अछि। मधुबनी जेबाक क्रम मे दरभंगा हवाई अड्डा पर पत्रकार सभ सं बात करैत ओ सरकार कें पूरा तरहें विफल बतौलनि। तेजस्वी कहलनि जे राज्यक स्थिति एतेक बिगड़ि गेल अछि जे पुलिस आब रक्षकक बदला भक्षक बनि गेल अछि। आम लोक अपन सुरक्षा लेल स्वयं विवश छथि।

पुलिस पर लगौलनि गंभीर आरोप

तेजस्वी यादव मधुबनीक बाबूबरही थाना क्षेत्रक बलिराजगढ़ मे एएसआइ द्वारा चलाओल गेल गोली सं एक व्यक्तिक मृत्यु भेलाक घटनाक उल्लेख कयलनि। ओ पीड़ित परिवार कें न्याय देबाक मांग करैत रोशन यादव मामिला मे कारबाइ नहि होयबाक मुद्दा सेहो उठौलनि। हुनकर कहब छलनि जे राज्य मे कानून-व्यवस्थाक स्थिति एतेक खराब भए गेल अछि जे लोक अपन सुरक्षा लेल स्वयं उपाय करय लेल मजबूर छथि।



एनडीए आ केंद्र सरकार पर निशाना


नेता प्रतिपक्ष एनडीए द्वारा निकालल जा रहल पदयात्रा पर सेहो तीव्र हमला कयलनि। ओ आरोप लगौलनि जे ई यात्रा मात्र वोट चोर सभ कें बचेबाक लेल सोचि-विचारि कए कयल जा रहल प्रयास अछि। एहि क्रम मे ओ केंद्र सरकार, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, गृह मंत्री अमित शाह आ मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार पर गंभीर आरोप लगबैत कहलनि जे एहन लोक सभ कें संरक्षण देल जा रहल अछि। एहि बीच तेजस्वी यादव मधुबनी गोलीकांड मे मृत अशोक यादवक घर पहुंचि हुनकर परिजन सभ सं भेंट कयलनि। सांझ 4:50 बजे अपन काफिला संग पहुंचल तेजस्वी करीब 20 मिनट धरि पीड़ित परिवारक बीच रहलाह। ओ मृतकक तैलचित्र पर पुष्प अर्पित कए श्रद्धांजलि देलनि आ हुनकर पत्नी स्मिता देवी तथा पुत्र सितेश कुमार कें सांत्वना देलनि।

सरकारी नोकरीक लेल संघर्ष करबाक भरोस

परिवार सं भेंटक दौरान तेजस्वी यादव मृतकक पुत्र सितेश कुमार कें हिम्मत दैत कहलनि जे ओ मोन लगाकए 12म कक्षाक परीक्षा पास करथि। हुनका सरकारी नोकरी देबाक लेल ओ सरकार सं संघर्ष करताह आ हरसंभव प्रयास करताह।

अनंत सिंह आब 4 दिसंबर धरि करताह सरेंडर, सुप्रीम कोर्ट देलक आर 3 दिनक समय

पटना : मोकामा विधायक अनंत सिंह कें आब 4 दिसंबर धरि जेल मे आत्मसमर्पण करय पड़तनि। सर्वोच्च न्यायालयक लिखित आदेश मे आत्मसमर्पणक तिथि 1 दिसंबरक बदला 4 दिसंबर निर्धारित कयल गेल अछि। एहि तरहे हुनका 3 दिनक अतिरिक्त मोहलत भेटलनि। दुलारचंद यादव हत्याकांड मे सर्वोच्च न्यायालय हुनकर जमानत रद्द करैत आत्मसमर्पण करबाक आदेश देने छल। न्यायमूर्ति एमएम सुंदरेश आ न्यायमूर्ति प्रसन्ना बी वरालेक पीठ 30 अक्टूबर कें सुनवाईक क्रम मे अनंत सिंहक आग्रह पर बेटी शिवांगीक 25 नवंबर कें होबयवला विवाहक बाद 1 दिसंबर धरि आत्मसमर्पण करबाक समय देने छल। मुदा लिखित आदेश मे 4 दिसंबर धरि मोहलत देल गेल अछि। एहि बीच अनंत सिंह अपन पैतृक गांव नदवां मे बेटी शिवांगीक विवाहक तैयारी मे जुटल छथि। 10 बीघा जमीन पर पंडाल बनाओल जा रहल अछि। विवाह मे घुड़दौड़ सन शाही आयोजन सेहो राखल गेल अछि।



जलवायु परिवर्तन सं स्वास्थ्य पर पड़ि रहल प्रभाव पर भेल चर्चा

स्वास्थ्य प्रणाली विषय पर अनुमंडलीय अस्पतालक सभागार मे कार्यशाला आयोजित

झंझारपुर, समदिया



घोघरडीहा प्रखंड स्वराज्य विकास संघ, जगतपुरक तत्वावधान मे बृहस्पतिदिन प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र, झंझारपुर मे जलवायु अनुकूल स्वास्थ्य प्रणाली विषय पर एकदिवसीय उन्मुखीकरण कार्यशालाक आयोजनकयल गेल। कार्यशालाक उद्देश्य जलवायु परिवर्तनक स्वास्थ्य पर पड़ि रहल प्रतिकूल प्रभावक प्रतिस्वास्थ्य विभागक पदाधिकारी आ स्वास्थ्यकर्मीक समझ विकसित करब तथा जलवायु संबंधी चुनौतीकअनुरूप स्वास्थ्य सेवा कें बेसी सक्षम आ सुदृढ़ बनायब छल। कार्यक्रमक शुभारंभ झंझारपुर पीएचसीक चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. मुकेश कुमार, अनुमंडलीय अस्पतालक प्रबंधक झा गिरीश कुमार, पीएचसी प्रबंधक सह स्वास्थ्य प्रशिक्षक अरुण कुमार मंडल, जिला समन्वयक भव्या, जयप्रकाश, राम शोभित राम, बीएमओरामचंद्र मंडल, सीएचओ धीरज कुमार, जितेंद्र जहांगीर, एएनएम मालती कुमारी, पल्लवी कुमारी, सुनीताकुमारी, पूजा कुमारी, अनामिका कुमारी तथा कार्यक्रमक जीपीएसभीएस समन्वयक प्रशिक्षक डॉ. अजयकुमार झा संयुक्त रूपे दीप प्रज्वलित कय कयलनि। कार्यक्रम मे शैलेंद्र कुमार कर्ण सभ अतिथि आस्वास्थ्य विभागक पदाधिकारी सभक स्वागत कयलनि। ओ कार्यशालाक उद्देश्य आ महत्व पर प्रकाश दैतकहलनि जे बदलैत मौसिमक परिस्थिति मे स्वास्थ्य प्रणाली कें जलवायु अनुकूल बनायब समयक आवश्यकता अछि। तकनीकी सत्र मे डॉ. अजय कुमार झा जलवायु परिवर्तन आ मानव स्वास्थ्यक बीचसंबंध पर विस्तारपूर्वक चर्चा कयलनि। ओ कहलनि जे जलवायु परिवर्तनक कारण कतेको प्रकारक बेमारीआ स्वास्थ्य संबंधी चुनौती उत्पन्न भए रहल अछि, जाहि सभक सीधा असर जनस्वास्थ्य पर पड़ि रहलअछि। ओ स्वास्थ्य संबंधी जोखिमक प्रति जागरूकता, बेमारीक समय पर पहचान तथा स्वास्थ्य सेवाकपूर्व तैयारी आ बदलैत परिस्थिति अनुरूप ओकर अनुकूलनक महत्व पर विशेष जोर देलनि। एहि दौरान कार्यशाला मे उपस्थित प्रतिभागी सभक संग एहि विषय पर विचार-विमर्श सेहो कयल गेल। कार्यशाला मेस्वास्थ्य विभागक विभिन्न पदाधिकारी आ स्वास्थ्यकर्मी भाग लेलनि। ओतहि जीपीएससीएसक दिस संविमल कुमार सिंह, नुनु झा, शिवम, अनिकेत सहित कतेको अन्य प्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

सरकारक वादाखिलाफीक विरुद्ध पैक्स अध्यक्ष लेलक धान अधिप्राप्तिक बहिष्कार करबाक निर्णय

तारडीह, समदिया



खरीफ विपणन बरख 2026-27 मे धान अधिप्राप्ति शुरू होइते तारडीह प्रखंडक पैक्स अध्यक्ष सभ कठरा के पैक्स प्रांगण मे सरकार आ सहकारिता विभागक कार्यशैलीक विरुद्ध मोर्चा खोलि देने छथि। बृहस्पति,5 नवंबर के आयोजित बैसार मे विभिन्न पंचायतक पैक्स अध्यक्ष सभ नाराजगी जतबैत धानअधिप्राप्तिक बहिष्कार करबाक सामूहिक निर्णय लेलनि। बैसार मे कठरा के पैक्स अध्यक्ष राजकुमार झा,महथौरक रामप्रसाद पौद्दार, ठेंगहाक राजगीर राय आ बथियाक गुलशीर अहमदक अतिरिक्त पोखरभिंडा,राजाखरवार, बैका, नदियामी, नारायणपुर, शेरपुर आ ककोढ़ाक पैक्स अध्यक्ष सभ शामिल छलाह। ओतयकुरसो मछैता के तेज तर्रार पैक्स अध्यक्ष पंकज कुमार झा सेहो अपन नाराजगी जतौलैन। पंकज कुमारझा कहलैन जे सरकार घोषणा मे किछु आ जमीनी स्तर पर किछु अछि। पैक्स अध्यक्ष सभ आरोप लगौलनि जे पिछला बरख सरकार बैंक ऋण पर छह मास तकक ब्याज माफ करबाक घोषणा केने छल, मुदा एकर लाभ नहि भेटल। मजबूरी मे पैक्स अध्यक्ष सभके अपन निजी राशि सं बैंकक ब्याज चुकाबय पड़लनि। खाद्य आपूर्ति कार्यालय द्वारा चालान निर्गत कयलाक बादो समय पर बैंक मे राशि नहिपठाओल जाइत अछि। ओतहि जिला सहकारिता कार्यालय पर मनमाना तरीका सं ऑडिट करय आ पैक्सअध्यक्ष सभक सहमति बिना मिल टैगिंग करबाक आरोप सेहो लगाओल गेल। पैक्स अध्यक्ष सभक कहबछनि जे बिहार सरकारक विकेंद्रीकृत धान अधिप्राप्ति व्यवस्थाक अंतर्गत किसान सभ सं न्यूनतम समर्थनमूल्य पर धान खरीदबाक जिम्मेदारी पैक्स सभके देल गेल अछि, मुदा पैक्स सभक आर्थिक आ प्रशासनिकसमस्याक लगातार अनदेखी कयल जा रहल अछि। एहन स्थिति मे किसान सभके सरकारी समर्थनमूल्यक लाभ पहुंचाबयवाली व्यवस्था सेहो प्रभावित भए सकैत अछि। अध्यक्ष सभ स्पष्ट कयलनि जेजखन तक हुनका सभक समस्याक समाधान आ मांग पर ठोस निर्णय नहि लेल जाइत अछि, तखन तकतारडीह प्रखंड मे धान अधिप्राप्तिक बहिष्कार जारी रहत।

झंझारपुर मे स्वास्थ्यकर्मी सभ कें देल गेल प्रशिक्षण आब इलाजक 100 प्रतिशत होयत ऑनलाइन

झंझारपुर, समदिया



झंझारपुर अनुमंडलीय अस्पतालक सभागार मे मंगलदिन भव्या कार्यक्रम कें लए कए एकदिवसीय प्रशिक्षणक आयोजन कयल गेल। एहि प्रशिक्षण मे अनुमंडलीय अस्पतालक नव आ पुरान सभस्वास्थ्यकर्मी कें भव्या कार्यक्रमक अंतर्गत काज करबाक जानकारी देल गेल। ओतहि झंझारपुर पीएचसीकअधीनस्थ स्वास्थ्य केंद्र सभक स्वास्थ्यकर्मी सभ कें दू पाली मे प्रशिक्षण देल गेल। अनुमंडलीय अस्पतालक प्रबंधक झा गिरीश कुमार बतौलनि जे भव्या कार्यक्रमक प्रशिक्षक आ समन्वयक जयप्रकाशनायक प्रशिक्षण देलनि। प्रशिक्षणक दौरान बताओल गेल जे आब सभ स्वास्थ्यकर्मी कें भव्या आइडी बनायब, आईपीडी मे मरीजक पंजीकरण आ ईएचआर (इलेक्ट्रॉनिक हेल्थ रिकॉर्ड) तैयार करबाक काज ऑनलाइन माध्य मे करय पड़तनि। ओ कहलनि जे आब आपातकालीन सेवा देबाक समय सेहो शत-प्रतिशत भव्या कार्यक्रमक अंतर्गत ईएचआरक माध्यम सं ऑनलाइन ओटीपी द्वारा मरीजक पंजीकरणअनिवार्य होयत। एहि व्यवस्था सं मरीजक पूरा इलाजक अभिलेख ऑनलाइन सुरक्षित रहत आ रोगी केंबेर-बेर कागज-पात लए कए आबय-जाय पड़तनि। प्रशिक्षण मे अनुमंडलीय अस्पतालक एक्सरे टेक्नीशियन, ओटी असिस्टेंट, ड्रेसर आ स्टाफ नर्स शामिल छलाह। ओतहि झंझारपुर पीएचसीक अधीन स्वास्थ्य उपकेंद्रसहित अन्य स्वास्थ्य केंद्रक एएनएम, सीएचओ, स्टाफ नर्स आ अन्य स्वास्थ्यकर्मी सेहो प्रशिक्षण लेलनि।

ई-फाइलिंगक माध्यम सं पेपरलेस कोर्ट बनेबाक तैयारी तेज

अधिवक्ता, मुंशी आ आमलोक कें ई-फाइलिंगक प्रति कयल जायत जागरूक

झंझारपुर, समदिया



व्यवहार न्यायालय, झंझारपुर कें आधुनिक आ पेपरलेस बनेबाक दिशा मे न्यायिक पहल तेज भए गेलअछि। एहि कड़ी मे बृहस्पतिदिन प्रधान जिला एवं सत्र न्यायाधीश पवन कुमार पांडेयक निर्देश परकंप्यूटर कमेटीक बैसार आयोजित कयल गेल। जिला एवं अपर सत्र न्यायाधीश तृतीय अनिल कुमाररामक प्रकोष्ठ मे भेल एहि बैठकक अध्यक्षता कमेटीक अध्यक्ष अनिल कुमार राम कयलनि। बैसार मेन्यायालय मे ई-फाइलिंग व्यवस्था कें प्रभावी बनेबाक, ऑनलाइन माध्यम सं मुकदमाक सुनवाइ आ जेलमे बंद बंदी सभक ऑनलाइन पेशी जेकां महत्वपूर्ण विषय पर विस्तार सं विचार-विमर्श कयल गेल। एहि अतिरिक्त न्यायिक आदेश आ निर्णय कें ऑनलाइन अपलोड करबाक तथा लंबित मुकदमा सभ सं जुड़ल ऑनलाइन आंकड़ा अद्यतन करबाक प्रगतिक सेहो समीक्षा कयल गेल। एहि काज सभक प्रगति संतोषजनक पाओल गेल। बैसार मे सर्वसम्मति सं निर्णय लेल गेल जे व्यवहार न्यायालयक अधिवक्ता,मुंशी आ आमलोक कें ई-फाइलिंग व्यवस्थाक प्रति जागरूक आ प्रोत्साहित कयल जायत। एहि लेलन्यायालयक कर्मी सभ कें आवश्यक प्रशिक्षण देबाक संग संवेदनशीलता आ तत्परताक संग काज करबाकलेल प्रेरित कयल जायत। बैसार मे आगू न्यायालयक कार्यप्रणाली कें पूर्ण रूपे पेपरलेस बनेबाक दिशा मेठोस पहल करबाक सहमति बनल। बैसार मे जिला एवं अपर सत्र न्यायाधीश चतुर्थ नयन कुमार, सब जजप्रथम सह नोडल पदाधिकारी राजू कुमार, सब जज द्वितीय शिखा कुमारी, एसडीजेएम आनंद राज, मुंसिफसुमित कुमार, न्यायिक दंडाधिकारी एफएन फातमा आ एन. कामरान उपस्थित छलाह।

मशाल प्रतियोगिता लेल छात्र-छात्रा कें देल जा रहल अछि प्रशिक्षण

बिस्फी, समदिया



बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक राजकीय उत्क्रमित माध्यमिक विद्यालय, सिंघासोंक परिसर मे मशाल प्रतियोगिता मेभाग लेबाक लेल छात्र-छात्राक बीच विभिन्न खेलक प्रतियोगिता आयोजित कयल गेल। खेल प्रतियोगिताकनोडल शिक्षक आ अन्य शिक्षक सभक सहयोग सं छात्र-छात्रा कें मशाल प्रतियोगिता लेल प्रशिक्षित कयलजा रहल अछि। विद्यालयक प्रधानाध्यापक जितेंद्र पांडेय आ बसंत कुमार चौधरी बतौलनि जे मशालप्रतियोगिता मे भाग लेबाक लेल छात्र-छात्रा कें नियमित प्रशिक्षण देल जा रहल अछि। एहि प्रतियोगिता मेकबड्डी, लंबी कूद, बाल प्रो, 30 मीटर दौड़, 800 मीटर दौड़ सहित कतेको खेल शामिल अछि। नोडल शिक्षक बिनोद कुमार, नागेश्वर कुंवर, शिक्षक प्रवीण कुमार सिंह, अशेष कुमार साहू, अर्चना कुमारी, मुकेश कुमार, सुमित कुमार सिंह, अभिराम सौरभ, इंद्रजीत आ तुफैल अहमद सहित अन्य शिक्षक सभक सहयोग संप्रतियोगिताक आयोजन कयल जा रहल अछि। एहि क्रम मे प्रतिभागी छात्र-छात्राक सूची सेहो तैयार कयलजा रहल अछि।प्रतियोगिता मे अंकुश कुमार, मो. शमीर, गुलनाज, रीति कुमारी, सोनाक्षी, निशा, आशीष, अंश मिश्रा सहितअन्य छात्र-छात्रा भाग लेलनि।

ओडीएफ घोषित क्षेत्रो मे सेहो खुलल मे शौच, प्रशासन सं ठोस पहल करबाक मांग

सीतामढ़ी, समदिया



जिला मे खुले मे शौच के समस्या पूर्ण रूपे समाप्त नहि भेलापर भाजपा प्रदेश कार्यसमिति सदस्य रामआधार महतो प्रशासनक ध्यान एहि दिस आकृष्ट कयलनि अछि। ओ जिलाधिकारी सं एहि समस्या केगंभीरतापूर्वक लैत समाधानक लेल ठोस पहल करबाक मांग कयलनि। श्री महतो कहलनि जे स्वच्छताअभियानक वास्तविक उद्देश्य तखने पूरा होयत, जखन जिला के सभ सार्वजनिक स्थल आ ग्रामीण क्षेत्रमे स्वच्छताक स्थिति नीक होयत। मात्र ओडीएफ घोषित कए देब पर्याप्त नहि अछि, बल्कि एकर प्रभावजमीन पर सेहो देखाइ पड़बाक चाही। ओ कहलनि जे खुले मे शौच के समस्या सं नहि मात्र स्वच्छताप्रभावित होइत अछि, बल्कि आम लोकक स्वास्थ्य आ पर्यावरण पर सेहो प्रतिकूल असर पड़ैत अछि। एहि समस्या के दूर करबाक लेल संबंधित क्षेत्र मे प्रशासनिक निगरानी बढ़ेबाक, शौचालयक नियमित उपयोग लेल लोक कें प्रोत्साहित करबाक आ साफ-सफाइक समुचित व्यवस्था करबाक आवश्यकता अछि। रामआधार महतो जिला प्रशासन सं विशेष अभियान चलाकए एहन स्थल सभ कें चिह्नित करबाक आ आवश्यक कारबाइ सुनिश्चित करबाक आग्रह कयलनि। ओ कहलनि जे स्वच्छ आ स्वस्थ समाजक निर्माण लेल प्रशासनिक सक्रियताक संग जनसहभागिता सेहो आवश्यक अछि।

धनतेरस पर महादेव साह अमरनाथ प्रसाद ज्वेलर्स मे आकर्षक छूट

सोना-चानीक मेकिंग चार्ज पर 40 प्रतिशत आ हीराक गहनाक दाम पर 25 प्रतिशत छूट

राजनगर/मधुबनी, समदिया



धनतेरस आ दीपावलीक पावन अवसर पर गहनाक खरीदारी करय चाहय बला ग्राहक सभक लेल राजनगर स्थित महादेव साह अमरनाथ प्रसाद ज्वेलर्स आकर्षक छूटक विशेष ऑफर लए कए आयल अछि। एहिअवसर पर ग्राहक सभ कें सोना आ चानीक गहना पर मेकिंग चार्ज मे 40 प्रतिशत छूट देल जा रहलअछि। ओतहि हीराक गहनाक मूल्य पर 25 प्रतिशतक आकर्षक छूटक व्यवस्था कयल गेल अछि। एहिविशेष ऑफरक संग ग्राहक अपन पसंदक गहना खरीद कए पाबनिक खुशी कें दोगुना कए सकैत छथि।शोरूमक निदेशक आ प्रसिद्ध स्वर्ण व्यवसायी अमरनाथ प्रसाद कहलनि जे धनतेरस पर ग्राहक सभकपसंद आ मांग कें ध्यान मे राखि सोना, चानी आ हीराक गहनाक आकर्षक आ विस्तृत श्रृंखला उपलब्धकराओल गेल अछि। एतय पारंपरिक डिजाइन सं लए कए आधुनिक डिजाइन धरि गहनाक आकर्षक संग्रहउपलब्ध अछि। ओ कहलनि जे महादेव साह अमरनाथ प्रसाद ज्वेलर्स अपन गुणवत्ता, शुद्धता, पारदर्शिता आ विश्वसनीयताक लेल वर्षो सं मिथिलांचल मे विशेष पहचान बनौने अछि। ग्राहक सभक विश्वासे हमरसभक सब सं पैघ पूंजी अछि। पाबनिक अवसर पर आकर्षक छूटक संग ग्राहक सभ कें उत्कृष्ट खरीदारीकअनुभव देबए हमर सभक उद्देश्य अछि।

छठि-दीपावली पर यात्रा भेल आसान, रांची आ राउरकेला सं झंझारपुर लेल चलत दू जोड़ी विशेष ट्रेन

झंझारपुर, समदिया



पाबनि-तिहार मे घर आबय बला मिथिलावासी सभक लेल खुशखबरी अछि। रेलवे बृहस्पतिदिन सं झंझारपुर आ रांची-राउरकेला बीच दू जोड़ी विशेष ट्रेन चलाबि रहल अछि। रेल सूत्रक अनुसार, ई ट्रेन सभ 5 नवंबर सं 20 नवंबरक बीच चलत। एहि विशेष ट्रेनक परिचालन सं दीपावली आ छठि पाबनि पर घरआबय-जाय बला यात्रिक सभ कें बड्ड राहति भेटतनि। रेलवे सं भेटल जानकारीक अनुसार, दू अलग-अलग मार्ग पर विशेष ट्रेन चलाओल जा रहल अछि। गाड़ी संख्या 08105 राउरकेला-झंझारपुर विशेष ट्रेन 5नवंबर सं 19 नवंबरक बीच प्रत्येक बृहस्पतिदिन चलत। ओतहि वापसी मे गाड़ी संख्या 08106 झंझारपुर-राउरकेला विशेष ट्रेन 6 नवंबर सं 20 नवंबरक बीच प्रत्येक शुक्रदिन चलत। दोसर दिस, गाड़ी संख्या 08641 रांची-झंझारपुर विशेष ट्रेन 6 नवंबर सं 20 नवंबरक बीचप्रत्येक शुक्रदिन चलत। जखन कि गाड़ी संख्या 08642 झंझारपुर-रांची विशेष ट्रेन सेहो 6 नवंबर सं 20 नवंबरक बीच प्रत्येक शुक्रदिन परिचालित होयत। एहि ट्रेन सभक परिचालन सं झारखंड मे रहि काज करयबला झंझारपुर, मधुबनी आ दरभंगाक हजारो मजदूर, छात्र आ कामगार सभ कें छठि पाबनि पर घर आबय मे सुविधा होयतनि। प्रत्येक बरख पाबनि-तिहारक समय रेल टिकट लेल मारामारी रहैत अछि। एहन स्थिति मे विशेष ट्रेन चलला सं नियमित ट्रेन सभ पर यात्रिक दबाव कम होयत आ भीड़ मे सेहो कमीआओत।

गायत्री देवीक प्रयास सं परिहार आ सोनबरसा नगर पंचायत बनेबाक प्रस्ताव पारित

परिहार विधानसभा क्षेत्रक विकास कें भेटत नव दिशा

सीतामढ़ी, समदिया



परिहार विधानसभा क्षेत्रक परिहार आ सोनबरसा के नगर पंचायत बनेबाक प्रस्ताव जिला बीस सूत्रीसमितिक बैसार मे सर्वसम्मति सं पारित भेल। एहि निर्णय पर भाजपा नेता सह पंचायत समितिसदस्यक पति विनोद यादव प्रसन्नता व्यक्त करैत परिहार विधायक श्रीमती गायत्री देवीक प्रयासकसराहना कयलनि। ओ कहलनि जे विधायक गायत्री देवीक नेतृत्व आ क्षेत्रक विकासक प्रति सक्रियताक कारण परिहार विधानसभा क्षेत्र मे विकासक नव-नव संभावना बनि रहल अछि। विनोद यादव कहलनि जे परिहार आ सोनबरसा के नगर पंचायत बनेबाक प्रस्ताव पारित होयब दुनू क्षेत्रक लेल महत्वपूर्ण उपलब्धिअछि। एहि सं आगू दुनू क्षेत्रक सुनियोजित शहरी विकासक बाट प्रशस्त होयत। नगर पंचायत बनेबाकप्रक्रिया पूरा भेलाक बाद सड़क, नाला, जलनिकासी, साफ-सफाई, स्ट्रीट लाइट, पेयजल आ अन्य आधारभूत नागरिक सुविधाक विस्तार संभव होयत। ओ कहलनि जे विधायक गायत्री देवी क्षेत्रक समस्या सभ कें संबंधित मंच पर उठेबाक आ विकास योजना कें जमीन पर उतारबाक लेल निरंतर प्रयासरत छथि। परिहार आ सोनबरसा कें नगर पंचायत बनेबाक दिशा मे भेल ई पहल सेहो क्षेत्रक विकासक दृष्टिकोण सं महत्वपूर्ण अछि। विनोद यादव कहलनि जे कोनो क्षेत्र कें नगर पंचायतक दर्जा भेटला सं खाली प्रशासनिक पहचान नहि बदलैत अछि, बल्कि विकासक नव संभावना सेहो उत्पन्न होइत अछि। शहरी सुविधाकविस्तार होइत अछि, बाजार सभ कें व्यवस्थित करबाक अवसर भेटैत अछि आ स्वच्छता, जलनिकासी तथाआधारभूत संरचनाक विकास कें नव गति भेटि सकैत अछि। ओ कहलनि जे परिहार विधायक गायत्रीदेवीक नेतृत्व मे विधानसभा क्षेत्रक विभिन्न इलाका मे विकासक संभावना लगातार मजबूत भए रहल अछि।

जीवंत ग्राम सेनुवरिया मे एसएसबी केलक निःशुल्क चिकित्सा शिविर आयोजित, 300 लोकक भेल उपचार

रक्सौल, समदिया



सिकटा प्रखंड क्षेत्रक सेनुवरिया गाम मे 47वीं वाहिनी सशस्त्र सीमा बलक 'एच' कंपनीक दिस सं बृहस्पतिदिन निःशुल्क चिकित्सा शिविरक आयोजन कयल गेल। शिविर मे कमांडेंट (मेडिकल) डॉ. निशिकांत 300 लोकक स्वास्थ्य जांच आ उपचार कयलनि। एहि मे 77 पुरुष, 86 महिला आ 137 बच्चा शामिलछलाह। उपचारक बाद सभ कें निःशुल्क दवाई सेहो देल गेलनि। एहि दौरान ग्रामीण सभ कें मलेरिया,टाइफाइड, डेंगू सहित दूषित पानि सं होमय बला विभिन्न बेमारीक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देलगेल। लोक सभ कें दूषित पानि पीबय सं बचबाक सलाह देल गेल।चिकित्सा शिविर मे डॉ. निशि कांत ग्रामीण सभक मधुमेह आ रक्तचाप (ब्लड प्रेशर) जांच कयलनि आ उचित परामर्श देलनि। एकर अतिरिक्त चर्मरोग, सर्दी, खोंखी, ज्वर, आंखि, घुटना आ कमरक दर्द सहित अन्य स्वास्थ्य संबंधी समस्या सभक जांच कयल गेल। जरूरतमंद लोक कें आगू उचित उपचार करयबाकसलाह सेहो देल गेल। एहि अवसर पर एसएसबीक सहायक कमांडेंट अंकित कुमार, सहायक उपनिरीक्षकरमेश चंद्र सिंह, आरक्षी सुधीर कुमार, पप्पू कुमार, आलोक कुमार श्रीवास्तव, हिमांशु राठी, सेनुवरिया गामकमुखिया तबरेज आलम, उत्क्रमित मध्य विद्यालय सेनुवरियाक प्रधानाध्यापक हर्ष कुमार सिंह, नवल किशोरकुशवाहा, मृत्युंजय पांडेय, नीतू कुमारी सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह। डॉ. निशि कांत कहलनि जेपछिला किछु दिन मे क्षेत्र मे चक्रवातक कारण भए रहल बरखा कें देखैत ग्रामीण सभ कें नीक स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध करयबाक उद्देश्य सं एहि चिकित्सा शिविरक आयोजन कयल गेल अछि। ओ कहलनि जेभारत-नेपाल सीमावर्ती क्षेत्रक ग्रामीण सभ कें समय-समय पर उपचारक सुविधा भेटैत रहय, एहि लेल एसएसबी निरंतर जनसेवाक कार्य मे सक्रिय भूमिका निभा रहल अछि। ग्रामीण सभ एसएसबीक एहि पहलके सराहना करैत नियमित रूप सं एहन चिकित्सा शिविर आयोजित करबाक मांग कयलनि। शिविरकसफल आयोजन सं क्षेत्रक लोक सभ मे प्रसन्नता देखल गेल।

सहरसा मे 51,594 मीट्रिक टन धान खरीदक लक्ष्य निर्धारित, 1 नवंबर सं अधिप्राप्ति शुरू

अनुमानित उत्पादनक आधार पर तय भेल धान खरीदक लक्ष्य

सहरसा, समदिया



खरीफ विपणन मौसिम 2026-27 मे किसान सभ सं धान खरीदबाक लेल बिहार सरकारक खाद्य एवं उपभोक्ता संरक्षण विभाग जिलावार लक्ष्य निर्धारित कए देने अछि। सरकारक सचिव अभय कुमार सिंह जिलाधिकारी सभ कें जारी पत्र मे धानक अनुमानित उत्पादनक आधार पर अधिप्राप्ति तथा उसना आ अरवा चाउरक मिलिंगक लक्ष्य तय कयलनि अछि। जारी तालिकाक अनुसार, सहरसा जिला मे करीब 2 लाख 36 हजार 155 मीट्रिक टन धानक अनुमानित उत्पादनक मोकाबला 51 हजार 694 मीट्रिक टन धान अधिप्राप्तिक लक्ष्य निर्धारित कयल गेल अछि। हालांकि, वास्तविक अधिप्राप्तिक लेल तालिका मे करीब 51 हजार 594 मीट्रिक टनक लक्ष्य अंकित अछि। एहि तरहें अनुमानित उत्पादनक अनुपात मे सहरसा लेल धान खरीदक लक्ष्य तय कयल गेल अछि। धान अधिप्राप्ति 1 नवंबर सं शुरू भए गेल अछि। विभाग स्पष्ट निर्देश देने अछि जे लक्षित जनवितरण प्रणालीक उपभोक्ता सभक आवश्यकता देखैत उसना चाउरक निर्धारित लक्ष्य मे जिला स्तर पर कोनो कमी नहि कयल जा सकैत अछि। एहि लक्ष्य मे कोनो परिवर्तन करबाक लेल राज्य सरकारक अनुमति लेब अनिवार्य होयत। निर्धारित लक्ष्यक अनुरूप सहकारी संगठन सभ सं जुड़ल राइस मिलक माध्यम सं उसना आ अरवा चाउरक मिलिंग कराओल जायत। सरकार खरीफ विपणन मौसिम 2026-27 मे पूरा राज्य लेल 35 लाख मीट्रिक टन धान अधिप्राप्तिक लक्ष्य रखने अछि। यदि निर्धारित लक्ष्यक अनुरूप धान खरीद नहि भए पबैत अछि, तं उसना आ अरवा चाउरक मिलिंग लक्ष्य मे सेहो समानुपातिक संशोधन कयल जायत। किसान सभ अपन संबंधित पैक्स अथवा व्यापार मंडल मे धान बेचि सकताह। जिला प्रशासन कें अधिप्राप्ति काज मे तेजी अनबाक, नियमित समीक्षा करबाक, स्थल निरीक्षण, भंडारण, सत्यापन आ गुणवत्ता पर निगरानी रखबाक निर्देश देल गेल अछि। एकर अतिरिक्त गैर-कृषक तत्व सभ कें अधिप्राप्ति व्यवस्थाक अनुचित लाभ उठयबाक अवसर नहि भेटय, एहि पर विशेष ध्यान देबाक लेल कहल गेल अछि।

बिना स्वीकृति योजनाक निर्माण पर उठल सवाल नगर निगमक कार्यप्रणाली जांचक घेरा मे

- **निर्माण काज, सफाइ व्यवस्था आ कथित वित्तीय अनियमितताक निष्पक्ष जांच करबाक मांग**

सहरसा, समदिया



नगर निगम क्षेत्र मे विकास योजनाक कार्यान्वयन के लए एक बेर फेर गंभीर सवाल उठय लागल अछि। विभिन्न वार्ड मे बिना तकनीकी आ प्रशासनिक स्वीकृति तथा बिना वर्क ऑर्डरक सड़क आ नाला निर्माण कराओल गेल अछि। विश्वसनीय सूत्रक अनुसार, कथित तौर पर वार्ड पार्षद सभ कें 15-15 लाख टाकाक दू-दूटा योजना देल गेल छल। एहन स्थिति मे निर्लंबित निवर्तमान नगर आयुक्त प्रभात कुमार झाक विदा भेलाक बाद एहि निर्माण कार्य सभक भुगतान कोन आधार पर होयत, ई पैघ सवाल बनल अछि। निर्माण कार्यक गुणवत्ता पर सेहो सवाल उठि रहल अछि। कथित कमीशनखोरीक आरोपक बीच सड़क निर्माण मे छड़, कंक्रीटक मोटाइ आ सीमेंटक मात्राक तकनीकी जांच करबाक मांग उठि रहल अछि। निष्पक्ष जांचे ई स्पष्ट भए सकत जे निर्माण कार्य प्राक्कलन आ निर्धारित मानकक अनुरूप भेल अछि वा नहि। दोसर दिस, आउटसोर्सिंगक माध्यम सं संचालित सफाइ व्यवस्थाक लए सेहो चर्चाक बाजार गरम अछि। निर्धारित संख्या सं कम सफाइकर्मी लगाओल जेबाक आ कथित रूप सं पार्षद सभ कें लाभ पहुंचाओल जेबाक बात सामने आबि रहल अछि। हालांकि, एहि आरोप सभक आधिकारिक पुष्टि जांचक बादे संभव अछि। कांग्रेस नेता सुदीप सुमन वार्ड सभ मे राबिश गिरयबाक कार्यक जीपीएसयुक्त तस्वीर आ लोकेशनक जांच करबाक मांग कए रहल छथि। दोसर दिस, पूर्व उपसभापति रंजना सिंह द्वारा हवाई अड्डा क्षेत्र मे पार्क निर्माणक राशि उपयोगक संबंध मे उठाओल गेल सवालक जांच सेहो चर्चा मे अछि। आब शहरवासी सभक नजरि नव नगर आयुक्तक नियुक्ति पर टिकल अछि। लोक सभ कें आशा अछि जे लंबित योजना, निर्माण कार्यक गुणवत्ता, सफाइ व्यवस्था आ कथित वित्तीय अनियमितताक निष्पक्ष समीक्षा कए नगर निगम मे पारदर्शिता आ जवाबदेही सुनिश्चित कयल जाएत। एहि बीच, विभाग द्वारा नव नगर आयुक्तक नियुक्ति होयब धरि जिला प्रशासन उप विकास आयुक्त कें नगर आयुक्तक प्रभार सौंपने अछि।

एनडीए निकाललक लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ पदयात्रा

दरभंगा, समदिया



लहेरियासरायक पोलो मैदान मे बृहस्पतिदिन राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन (एनडीए)क तत्वावधान मे लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ पदयात्राक आयोजन कयल गेल। भाजपा जिलाध्यक्ष प्रो. आदित्य नारायण मन्नाक अध्यक्षता मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे लोकतंत्रक मजबूती, जनहित आ जनअधिकारक रक्षाक संकल्प लेल गेल। पदयात्रा मे केंद्रीय वन, पर्यावरण आ जलवायु परिवर्तन मंत्री भूपेंद्र यादव मुख्य अतिथिक रूप मे शामिल भेलाह। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष आ दरभंगा नगर विधायक संजय सरावगी तथा जदयू राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष सह राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा सहित एनडीएक वरिष्ठ नेता सभ संबोधित कयलनि। केंद्रीय मंत्री भूपेंद्र यादव कहलनि जे लोकतंत्र मात्र चुनाव करयबाक व्यवस्था नहि, बल्कि जनता के विश्वास, संवैधानिक संस्थाक सम्मान आ जनादेश स्वीकार करबाक आधार अछि। राजनीतिक स्वार्थ लेल संवैधानिक व्यवस्था पर सवाल उठेनाइ आ जनता मे भ्रम फैलाएब लोकतांत्रिक परंपराक विरुद्ध अछि। जनता सर्वोपरि अछि आ ओकर निर्णयक सम्मान कएनाइ प्रत्येक राजनीतिक दलक जिम्मेदारी अछि। ओ कार्यकर्ता सभ सं संविधान आ लोकतांत्रिक संस्थाक मजबूती लेल एकजुट भए काज करबाक आह्वान कयलनि। जदयू नेता संजय कुमार झा कहलनि जे राजनीतिक मतभेद लोकतंत्रक स्वाभाविक हिस्सा अछि, मुदा एकर कारण संवैधानिक मयार्दा कमजोर नहि होयबाक चाही। लोकतंत्रक मजबूती लेल संवाद आ जनहितक मुद्दा पर स्वस्थ बहस जरूरी अछि। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कहलनि जे जनता के जनादेश सर्वोपरि अछि। विपक्ष कें अनावश्यक विवाद आ भ्रम पैदा करबाक बदला जनहितक मुद्दा पर रचनात्मक सुझाव देबाक चाही। बिहारक जनता आब विकास, शांति, सुरक्षा आ सुशासन कें प्राथमिकता दैत अछि। सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर सेहो संवैधानिक संस्थाक सम्मान आ जनताक विश्वास बनौने रखबाक जरूरत पर जोर देलनि।

बिजलीक संरचना सभक लगपास अतिक्रमण नहि करी दुर्घटना सं बची : अमित कुमार

सहरसा। विद्युत दुर्घटनाक रोकथाम आ आम नागरिकक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक उद्देश्य सं विद्युत विभाग लोक सभ सं बिजलीक संरचना सभक आसपास कोनो तरहक अतिक्रमण नहि करबाक अपील कयने अछि। विभाग स्पष्ट कयने अछि जे कनीको लापरवाही गंभीर दुर्घटनाक कारण बनि सकैत अछि। विद्युत कार्यपालक अभियंता ई. अमित कुमार कहलनि जे बिजलीक ट्रांसफॉर्मर, पोल आ तारक आसपास अतिक्रमण करब अत्यंत खतरनाक अछि। एहि स्थान सभक लग खेलब, कूड़ा-कचरा फेकब, दोकान लगायब अथवा कोनो तरहक अस्थायी निर्माण करब गंभीर विद्युत दुर्घटना कें आमंत्रित कय सकैत अछि। एहि सं संबंधित व्यक्तिक संग-संग आसपास रहय बला आन लोकक जान-माल पर सेहो खतरा उत्पन्न भए सकैत अछि। ओ कहलनि जे बिजलीक उपकरण आ लाइन सभक आसपास अनधिकृत गतिविधि सं विद्युत आपूर्तिक व्यवस्था सेहो प्रभावित होइत अछि। एहन अतिक्रमण जनसुरक्षाक लेल गंभीर खतरा अछि। नियमानुसार अतिक्रमण करय बला संबंधित व्यक्ति सभक विरुद्ध कानूनी कारबाइ सेहो कयल जा सकैत अछि।

बाल विवाह मुक्त बिहारक संकल्प पूरा करबाक लेल ऑनलाइन प्रशिक्षण

सुपौल, समदिया



महिला एवं बाल विकास निगम, बिहार, पटनाक प्रबंध निदेशकक निदेर्शानुसार जिला हब फॉर एंपावरमेंट ऑफ वूमेन, सुपौलक तत्वावधान मे बाल विवाह मुक्त हमर बिहारक संकल्प कें साकार करबाक उद्देश्य सं जिला मे समेकित बाल विकास सेवा आ स्वास्थ्य विभागक क्षेत्रीय कर्मी सभ कें ऑनलाइन प्रशिक्षण देल गेल। एहि क्रम मे 4 नवंबर 2026 कें जिलाक सभ बाल विकास परियोजना पदाधिकारी, महिला पर्यवेक्षिका आ आंगनबाड़ी सेविका सभ कें ऑनलाइन माध्यम सं प्रशिक्षण देल गेल। ओतहि 5 नवंबर 2026 कें स्वास्थ्य विभागक सभ एएनएम आ आशा कार्यकर्ता सभ कें बाल विवाहक रोकथाम आ उन्मूलन संबंधी प्रशिक्षण देल गेल। प्रशिक्षणक दौरान जिला परियोजना प्रबंधक श्रीमती रूपम कुमारी बाल विवाह उन्मूलन अभियानक उद्देश्य, विभागीय समन्वय आ अभियान कें जमीनी स्तर पर प्रभावकारी ढंग सं संचालित करबाक आवश्यकतापर प्रकाश देलनि। ओ कहलनि जे बाल विवाह जेकां सामाजिक कुरीति कें समाप्त करबाक लेल सभ संबंधित विभाग आ क्षेत्रीय कर्मी सभक सक्रिय सहभागिता आवश्यक अछि। आंगनबाड़ी आ स्वास्थ्यकर्मी अपन-अपन कार्यक्षेत्र मे बाल विवाहक संभावित घटना सभक पहचान कए समय रहैत संबंधित पदाधिकारी कें सूचना देथि आ समुदाय मे जागरूकता फैलाबथि। जिला मिशन समन्वयक हरिनारायण कुमार बाल विवाहक दुष्परिणाम पर विस्तार सं चर्चा करैत कहलनि जे बाल विवाह बालिका सभक शिक्षा, स्वास्थ्य, पोषण, शारीरिक आ मानसिक विकास तथा भविष्यक संभावना सभ कें प्रभावित करैत अछि। कम उम्र मे विवाह भेला सं मातृ आ शिशु स्वास्थ्य पर सेहो प्रतिकूल असर पड़ैत अछि। ओ कहलनि जे बाल विवाहक रोकथाम मात्र प्रशासनक जिम्मेदारी नहि, बल्कि एहि लेल परिवार, समाज, पंचायत, विद्यालय, आंगनबाड़ी आ स्वास्थ्य विभाग कें मिलि-जुलि काज करय पड़त। ओ सभ कर्मी सभ सं अपन-अपन क्षेत्र मे बाल विवाहक विरुद्ध जागरूकता अभियान चलयबाक आ कोनो संभावित बाल विवाहक सूचना तत्काल संबंधित पदाधिकारी कें देबाक अपील कयलनि। लैंगिक विशेषज्ञ श्रीमती नीतू कुमारी बाल विवाहक सामाजिक आ लैंगिक पक्ष पर प्रकाश दैत कहलनि जे बाल विवाह बालिका सभक अधिकार, स्वतंत्रता, शिक्षा आ समान अवसर कें बाधित करैत अछि। ओ बालिका सभ कें शिक्षित आ आत्मनिर्भर बनेबाक, लैंगिक समानता कें बढ़ावा देबाक तथा परिवार आ समुदायक सोच मे सकारात्मक बदलाव अनबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। ओ कहलनि जे आंगनबाड़ी सेविका आ आशा कार्यकर्ता घर-घर संपर्क कए अभिभावक आ किशोर-किशोरी सभ कें बाल विवाहक दुष्परिणामक प्रति जागरूक करबाक अभियान मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत छथि।

विद्यापति स्मृति पर्वक तैयारी, मैथिली कें रोजगार सं जोड़बाक पहल

मैथिलीक प्राथमिक स्तर सं एमए धरि पढ़ाइ आ शिक्षक नियुक्ति लेल आंदोलनक निर्णय



सहरसा, समदिया

जिलाक सत्तरकटैया प्रखंड अंतर्गत 19 नवंबर कें विद्यापति धाम, लछमिनियां मे आयोजित होमयवला विद्यापति स्मृति पर्व समारोहक तैयारीक सिलसिला मे बृहस्पतिदिन देर सांझ विद्यापति नगर स्थित प्रो. मायानंद मिश्र परिसर मे बुद्धिजीवी आ मैथिलीप्रेमी सभक बैसार भेल। बैसार मे समारोहक रूपरेखा, तैयारी तथा मैथिली भाषा आ मिथिलाक विकास सं जुड़ल मुद्दा पर विस्तार सं चर्चा कयल गेल।

विद्यापति स्मृति संस्थान, लछमिनियांक दिस सं एहि समारोहक आयोजन कयल जा रहल अछि। संस्थाक अध्यक्ष अरविंद यादव छथि। आयोजन मे किसलय कृष्ण आ भोगेंद्र शर्मा निर्मलक महत्वपूर्ण भूमिका रहतनि। बैसारक अध्यक्षता करैत समारोहक मुख्य वक्ता प्रो. भवानंद मिश्र कहलनि जे मिथिलांचल आ मैथिलीक विकासक नाम पर घोषणा तं होइत अछि, मुदा धरातल पर अपेक्षित परिणाम नहि देखाइत अछि। ओ अभिभावक सभ सं बच्चा सभ कें मैथिली पढ़बाक लेल प्रेरित करबाक अपील कयलनि। कहलनि जे ई मात्र मातृभाषाक प्रति प्रेमक विषय नहि, बल्कि रोजगारक अवसर सं सेहो जुड़ल अछि। प्रो. मिश्र कहलनि जे प्राथमिक स्तर सं एमए धरि मैथिलीक पढ़ाइ सुनिश्चित करय आ शिक्षक नियुक्ति लेल आंदोलनक दिशा मे पहल कयल जायत। हुनकर कहब छलनि जे मिथिलांचलक कार्यालय आ शिक्षण संस्थान सभ मे मैथिलीक अनुरूप पद पर नियुक्ति भेला सं करीब एक लाख लोक कें रोजगार भेटि सकैत अछि। बैसार मे सहमति बनल जे भाषाक संरक्षणक जिम्मेदारी मात्र संगठन अथवा साहित्यकार सभक नहि, बल्कि समाज, अभिभावक आ युवा पीढ़ीक सेहो अछि। जाति, धर्म आ संप्रदाय सं ऊपर उठि मिथिलाक विकास लेल सामूहिक संघर्ष करबाक संकल्प लेल गेल। समारोह मे दिग्विजय सिंह, पं. तरुणा झा, प्रो. संजय वशिष्ठ, गोसाईं मंडल, दीनानाथ पटेल आ प्रो. उमेश मंडल सहित अन्य गणमान्य लोक सभ कें आमंत्रित करबाक प्रस्ताव राखल गेल। बैसार मे प्रो. अशोक झा, प्रो. कमलानंद झा, प्रो. गणेश झा, समीर पाठक, प्रो. अक्षय कुमार चौधरी, सतीश चंद्र वर्मा, विभाष राय, अश्विनी कुमार खान आ मोनू झा सहित कतेको बुद्धिजीवी उपस्थित छलाह। बैसारक मूल संदेश छल जे विद्यापति स्मृति पर्व कें मात्र सांस्कृतिक आयोजन तक सीमित नहि राखि, बल्कि मैथिली शिक्षा, भाषाई अधिकार, रोजगार आ मिथिलाक समग्र विकास पर जनजागरणक माध्यम बनाओल जाए।

प्रखंडस्तरीय प्रशिक्षण कार्यशाला मे कृषि सांख्यिकी संबंधी देल गेल जानकारी

सीतामढ़ी। खरीफ मौसिम 2026-27 कें ध्यान मे रखैत कृषि सांख्यिकी सं जुड़ल कार्य कें बेसी सटीक, पारदर्शी आ प्रभावकारी बनेबाक उद्देश्य सं सोनबरसा प्रखंड मुख्यालय स्थित कृषि भवन मे बृहस्पतिदिन दू दिवसीय प्रखंडस्तरीय प्रशिक्षण कार्यशालाक आयोजन कयल गेल। कार्यशाला मे कृषि सांख्यिकी सं जुड़ल विभिन्न महत्वपूर्ण पहलू पर विस्तार सं जानकारी देल गेल। संगहि खरीफ मौसिमक दौरान कृषि संबंधी आंकड़ाक संकलन, ओकर सही आकलन, अभिलेखक रखरखाव तथा आंकड़ाक गुणवत्ता आ शुद्धता सुनिश्चित करबाक संबंध मे अधिकारी आ कर्मचारी सभ कें आवश्यक प्रशिक्षण देल गेल।

ऑपरेशन मुस्कानक 12म चरण मे 251 हरायल मोबाइल बरामद

अखन धरि 1,111 मोबाइल फोन वास्तविक मालिक सभ कें लौटाओल गेल

सहरसा, समदिया



बिहार पुलिस मुख्यालय, पटनाक निर्देश पर जिला मे लगातार चलाओल जा रहल ऑपरेशन मुस्कान अभियानक अंतर्गत पुलिस कें एकटा आओर पैघ सफलता भेटल अछि। अभियानक 12म चरण मे पुलिस 251 गुम अथवा चोरी भेल मोबाइल फोन बरामद कए ओकर वास्तविक धारक सभ कें सौंपि देलक। बरामद मोबाइल सभक अनुमानित कीमत करीब 50 लाख टाका बताओल गेल अछि। पुलिसक अनुसार, जिलाक विभिन्न थाना क्षेत्र मे आम लोक द्वारा मोबाइल फोन गुम अथवा चोरी होयबाक संबंध मे दर्ज कराओल गेल सनहा आ प्राथमिकी के आधार पर तकनीकी अनुसंधान कयल गेल। एहि अनुसंधानक क्रम मे मोबाइल सभ बरामद कयल गेल। एकर बाद आवश्यक सत्यापन कए मोबाइल ओकर वास्तविक मालिक सभ कें सुपुर्द कयल गेल। उल्लेखनीय अछि जे ऑपरेशन मुस्कानक फेज-01 सं फेज-12 धरि सहरसा पुलिस कुल 1,111 मोबाइल फोन बरामद कए चुकल अछि। एहि मोबाइल सभक अनुमानित कुल कीमत 2 करोड़ 6 लाख 42 हजार 83 टाका अछि। अभियानक माध्यम सं लगातार लोकसभक गुम भेल कीमती मोबाइल वापस भेटबाक कारण आम लोक मे खुशी देखल जा रहल अछि। पुलिस अधिकारी सभ बतौलनि जे आम नागरिकक शिकायतक त्वरित निष्पादन आ हुनकर गुम भेल सामान वापस करयबाक उद्देश्य सं ई अभियान आगू सेहो लगातार जारी रहत।

बाबा नागार्जुन आ शारदा सिन्हाक पुण्यतिथि पर विद्यापति सेवा संस्थान अर्पित कयलक श्रद्धांजलि

दुनू विभूति मिथिलाक अनमोल धरोहर, भारत रत्न सम्मानक छथि असल हकदार : प्रो. अशोक कुमार मेहता

दरभंगा, समदिया



बाबा यात्री-नागार्जुन आ स्वर कोकिला शारदा सिन्हा मिथिलाक अनमोल धरोहर छथि। बाबा नागार्जुन अपन बेबाक सृजन सं मिथिला कें वैश्विक पहचान देलनि, जखन कि शारदा सिन्हा अपन गायन सं मिथिलाक लोकगायकी कें विश्व पटल पर स्थापित कयलनि। ई बात बृहस्पतिदिन विद्यापति सेवा संस्थानक तत्वावधान मे आयोजित श्रद्धांजलि सभा मे ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक छात्र कल्याण संकायाध्यक्ष सह मैथिली विभागाध्यक्ष प्रो. अशोक कुमार मेहता कहलनि। ओ दुनू विभूति कें भारत रत्न सम्मानक वाजिब हकदार बतौलनि। संस्थानक महासचिव डॉ. बैद्यनाथ चौधरी बैजू बाबा नागार्जुन आ शारदा सिन्हाक कृतित्व आ व्यक्तित्व पर चर्चा करैत दुनू कें भारत रत्न देबाक मांग कयलनि। ओ बाबा नागार्जुन कें पद्म पुरस्कार सं एखन धरि वंचित रखल जयबाक स्थिति पर निराशा व्यक्त कयलनि। प्रो. दमन कुमार झा कहलनि जे यात्री-नागार्जुन जनताक राजनीतिक आकांक्षा सं जुड़ल विलक्षण कवि छलाह। वरिष्ठ साहित्यकार मणिकांत झा हुनकर बहुभाषिक प्रतिभा आ शारदा सिन्हाक लोकगायकी मे योगदानक चर्चा कयलनि।

धन्वंतरि-जयंतीक रूप मे मनाओल जाइत अछि धनतेरस



सोनी चौधरी

दीवाली सं दू दिन पूर्व धनतेरस मनायल जयबाक परंपरा अछि, जे एहि साल शुक्र दिन 06 नवंबर कें मनायल जायत। धनतेरस केर प्रचलनक इतिहास बहुत पुरान मानल जाइत अछि। कार्तिक मास मे कृष्णपक्षक त्रयोदशी कें अन्हार सं शुक्लपक्षक ईजोत दिस लए जाय बला पांच दिवसीय दीवाली उत्सवक पहिल पावनि धन त्रयोदशी अछि। एकरा धन्वंतरि-जयंतीक रूप मे मनायल जाइत अछि। कारण सनातन धर्मक ग्रंथ मे धन्वंतरि कें सृष्टिक पालनकर्त्ता भगवान विष्णुक स्वरूप मानल गेल अछि, जे देवता आ असुरक मध्य भेल संग्राम मे समुद्र सं एहि दिन अमृत कलश लए कए प्रकट भेल छलाह। धन्वंतरि कें आयुर्वेदक जनक आ तन-मन केर स्वास्थ्य आ चिकित्साक देवता मानल गेल अछि। धन्वंतरि शब्दक व्याख्या मे ओहि धनुष केर बोध सेहो स्पष्ट होइत अछि, जे मन आ बुद्धि सं संचालित होइत अछि। विभिन्न धार्मिक कथा मे दू गोट धनुष केर प्रसंग विशेष रूप सं अबैत अछि। पहिल कामदेव केर दृष्टि-धनुष, जाहि सं ओ महादेव कें उद्वेलित कयने रहथि आ दोसर मयार्दा पुरुषोत्तम भगवान श्रीराम द्वारा सीता स्वयंवरक समय जनक दरबार मे शिवजीक धनुष, जकर टूटबाक ध्वनि सं शब्दक प्रहार भेल छल। कहबाक विशेष तात्पर्य जे मनुष्य सेहो जं दृष्टि आ वाणी केर विकारक प्रत्यंचा सम्हारि कए राखय आ ओकर सही प्रयोग करय, तं ओ सभ विकृति सं सुरक्षित रहि शिवत्व आ श्रीरामक मयार्दाक वरण सहजहिं कए सकैत अछि। जखन भगवान धन्वंतरि प्रकट भेल छलाह तं हुनका हाथ मे पीतल केर अमृत-कलश छल। ईएह कारण अछि जे धन्वंतरि जयंती पर लोक नव बर्तन आदि कीनैत अछि, जखन कि देवताक वैद्य होयबाक कारण आयुर्वेद जगत हुनक अभ्यर्थना करैत अछि। हालांकि वैदिक काल मे देवता लोकनिक वैद्य अश्विनी कुमार छलाह, मुदा पौराणिक काल मे धन्वंतरि केर उल्लेख देव गण केर चिकित्सक रूप मे कयल गेल अछि। मान्यता अछि जे समुद्र मंथन केर समय एहि दिन धन्वंतरि आयुर्वेद आ अमृत कलश लए कए प्रकट भेल छलाह। धनतेरस मनायल जयबाक संबंध मे जे कथा प्रचलित अछि, ओकरा अनुसार कार्तिक कृष्ण त्रयोदशीक दिन देवता आ असुर द्वारा मिलि कयल जा रहल समुद्र मंथन केर समय समुद्र सं निकलल नवरत्नमे सं एकटा धन्वंतरि ऋषि सेहो छलाह, जे जनकल्याणक भावना सं अमृत कलश लेने अवतरित भेल छलाह। धन्वंतरि ऋषि समुद्र सं निकलि देवगण कें अमृतपान करोलनि आ हुनका अमर कए देलनि। तें धन्वंतरि कें 'आरोग्यक देवता' मानल जाइत छनि आ आरोग्य ओ दीघार्यु प्राप्त करबा लेल लोक



एहि दिन श्रद्धा भाव सं हुनक पूजा करैत छथि। बहुत ठाम एहि दिन मृत्युक देवता यमराज केर पूजनक सेहो विधान अछि आ हुनका ना मे सेहो एकटा दीप जरायल जाइत अछि, जकरा 'यम दीप' कहल जाइत अछि। धार्मिक ग्रथ मे यमराज पूजनक संबंध मे एकटा कथा प्रचलित अछि। एक बेर यमराज अपन दूत सब सं प्रश्न कयलनि जे की कोनो प्राणीक प्राण हरैत काल तोरा सब कें कहियो ओकरा पर दया सेहो आयल छौ? ई प्रश्न सुनि सभ यमदूत एकस्वर मे बाजि उठल, रमहाराज, हम सब तं अपनेक सेवक छी आ अपनेक आज्ञाक पालन करब हमरा लोकनिक धर्म छी। अतएव, दया आ मोह-माया सं हमरा लोकनिक किछु लेब-देब नहि अछि। यमराज हुनका सब सं जखन निर्भय भए सत्य बतेबा लेल कहलनि, तं एकटा यमदूत बतेलक जे हुनका संग एक बेर वास्तव मे एहन एकटा घटना घटि चुकल अछि। तखन यमराज विस्तार सं ओहि घटनाक बुझबाक हेतु जिज्ञासा कयलनि तं यमदूत बतेलक जे एक दिन हंस नामक एकटा राजा शिकार लेल निकलल आ घनघोर जंगल मे अपन संगी साथी सं बिछुड़ि कए दोसर राज्यक सीमा मे पहुंचि गेल। ओहि राज्यक राजा हेमा राजा हंस केर राजकीय सत्कार कयलनि आ ओहि दिन हेमा केर पत्नी एकटा अति सुंदर पुत्र कें जन्म देलनि मुदा दरबार मे विराजमान ज्योतिषी लोकनि भविष्यवाणी कयलनि जे विवाहक मात्र चारि दिन बादे एहि बालक केर मृत्यु भए जायत। ई दुखद रहस्य जानि हेमा अपन नवजात पुत्र कें यमुनाक कछेर मे स्थित एकटा गुफा मे पठा देलनि आ ओतहि ओकर लालन-पालन केर शाही व्यवस्था कए देलनि। ओहि बालक पर कोनो युवती केर छाया सेहो नहि पड़य देलनि। मुदा, विधि केर विधान तं अडिग छल। एक दिन राजा हंसक पुत्री घुरैत-फिरैत यमुना तट दिस आबि गेल आ राजकुमारक नजरि ओकरा पर पड़ि गेल। ओकरा देखिते राजकुमार ओकरा पर मोहित भए गेल।राजकुमारी केर सेहो एहने दशा छल। आपसी सहमति सं दूनू गोटे ओही समय गंधर्व विवाह कए लेलनि। मुदा, विधि केर बनाओल विधानक अनुसार चारि दिन बाद राजकुमारक मृत्यु भए गेल। यमदूत यमराज कें बतेलक जे ओ एहन सुंदर जोड़ी कें अपना जीवन मे एहि सं पहिले कहियो नहि देखने रही। तें राजकुमारक प्राण हरला बाद नवविवाहिता राजकुमारी केर करुण विलाप सुनि हुनकर कलेजा सेहो कांपि उठल। घटनाक पूरा वृतांत सुनला बाद यमराज यमदूत सब सं कहलनि जे कार्तिक कृष्ण पक्षक त्रयोदशी कें धन्वंतरि ऋषिक पूजन कयला उपरांत यमराज लेल दीपदान कयला सं एहि तरहक अकाल मृत्यु सं बचल जा सकैत अछि। एहन मान्यता अछि जे ओकरा बादे सं एहि दिन धन्वंतरि ऋषि आ यमराज केर पूजन कयल जयबाक परंपराक शुभारंभ भेल। धनतेरस दिन घरक टूटल-फूटल बर्तन केर बदले तांबा, पीतल अथवा चांदीक नव बर्तन ओ आभूषण कीनब शुभ मानल जाइत अछि। किछु लोक एहि दिन नव झाड़ू कीनि ओकर पूजन करब सेहो एहि दिन शुभ मानैत छथि।

> धार्मिक ग्रथ मे यमराज पूजनक संबंध मे एकटा कथा प्रचलित अछि। एक बेर यमराज अपन दूत सब सं प्रश्न कयलनि जे की कोनो प्राणीक प्राण हरैत काल तोरा सब कें कहियो ओकरा पर दया सेहो आयल छौ? ई प्रश्न सुनि सभ यमदूत एकस्वर मे बाजि उठल, रमहाराज, हम सब तं अपनेक सेवक छी आ अपनेक आज्ञाक पालन करब हमरा लोकनिक धर्म छी। अतएव, दया आ मोह-माया सं हमरा लोकनिक किछु लेब-देब नहि अछि। यमराज हुनका सब सं जखन निर्भय भए सत्य बतेबा लेल कहलनि, तं एकटा यमदूत बतेलक जे हुनका संग एक बेर वास्तव मे एहन एकटा घटना घटि चुकल अछि। तखन यमराज विस्तार सं ओहि घटनाक बुझबाक हेतु जिज्ञासा कयलनि तं यमदूत बतेलक जे एक दिन हंस नामक एकटा राजा शिकार लेल निकलल आ घनघोर जंगल मे अपन संगी साथी सं बिछुड़ि कए दोसर राज्यक सीमा मे पहुंचि गेल। ओहि राज्यक राजा हेमा राजा हंस केर राजकीय सत्कार कयलनि आ ओहि दिन हेमा केर पत्नी एकटा अति सुंदर पुत्र कें जन्म देलनि मुदा दरबार मे विराजमान ज्योतिषी लोकनि भविष्यवाणी कयलनि जे विवाहक मात्र चारि दिन बादे एहि बालक केर मृत्यु भए जायत।

पहिल मुस्लिम सीनेटर सं पहिल अश्वेत महिला गवर्नर धरि अमेरिकी चुनाव मे बनल कतेको ऐतिहासिक कीर्तिमान

देवदत्त चक्रवर्ती

अमेरिकाक मध्यावधि चुनावक परिणाम मे रिपब्लिकन पार्टीक खराब प्रदर्शन भले सर्वाधिक चर्चाक विषय बनल हो, मुदा एहि चुनावक महत्व डेमोक्रेटिक पार्टीक जीत सं बहुत बेसी अछि। चुनाव मे नस्ल, लिंग, धर्म आ लैंगिक पहिचानक अलग-अलग समुदाय सं आबयबला उम्मीदवार सभ जीत हासिल कए इतिहास रचने छथि। जॉर्जिया मे पहिल बेर कोनो अश्वेत महिला गवर्नर बनताह। न्यू मैक्सिको अमेरिकाक पहिल मूल अमेरिकी महिला गवर्नर चुनलक अछि, जखन कि टेक्सास मे पहिल लैटिना महिला एहि पद पर पहुंचतीह। मिशिगन पहिल मुस्लिम सीनेटर चुनलक, जे सार्वजनिक रूप सं अपना के समलैंगिक घोषित कयने छथि। इलिनॉय एहन पहिल राज्य बनत, जतय एकहि समय अमेरिकी सीनेट मे दू अलग-अलग नस्लीय समुदाय सं आबयवाली महिला प्रतिनिधित्व करतीह।

अमेरिकी सीनेट मे बनल नव कीर्तिमान : मिशिगन मे डेमोक्रेटिक उम्मीदवार अब्दुल अल-सय्यद निकटतम मोकाबला मे रिपब्लिकन माइक रोजर्स के हरा देलनि। 42 वर्षीय चिकित्सक आ प्रगतिशील विचारधाराक नेता अल-सय्यद अमेरिकी सीनेट लेल निर्वाचित होयवला पहिल मुस्लिम बनि गेल छथि। हुनकर जीत सं सीनेट मे डेमोक्रेटिक पार्टीक स्थिति मजबूत भेल अछि। चुनाव प्रचारक दौरान राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप सहित हुनकर विरोधी सभ अल-सय्यद पर हमला कयने छलाह। ट्रंप हुनका बारंबार 'जिहादी' कहने छलाह। अल-सय्यद सब कें स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध करयबाक नीति आ इजरायल के अमेरिकी सैन्य सहायता बंद करबाक मुद्दा पर चुनाव लड़लनि। जीतक बाद ओ कहलनि जे अमेरिकी करदाताक धन देशक विद्यालय, स्वास्थ्य



सेवा आ आधारभूत संरचना पर खर्च होयबाक चाही, युद्ध आ नरसंहार पर नहि। मिनेसोटा मे डेमोक्रेटिक उम्मीदवार पैगी फ्लानागन अमेरिकी सीनेट लेल निर्वाचित होयवाली पहिल मूल अमेरिकी महिला बनलीह। ओ अनिशिनाबे क्वे अर्थात ओजिब्वे समुदाय सं अबैत छथि। हुनका 54 प्रतिशत मत भेटल, जखन कि रिपब्लिकन उम्मीदवार मिशेल टाफोया के 43 प्रतिशत मत भेटल। फ्लानागन कहलनि जे हुनकर जीत मूल निवासी समुदाय सभक संघर्ष, दृढ़ता आ कठिनाइ पर विजय पयबाक क्षमताक परिणाम अछि। दक्षिण कैरोलिना मे बाल रोग विशेषज्ञ एनी एंड्रयूज 25 वर्ष पुरान रिपब्लिकन कब्जा समाप्त करैत सीनेट सीट जीतलनि। स्वास्थ्य सेवा आम लोकक पहुंच मे आनब हुनकर प्रमुख चुनावी मुद्दा छल। न्यू हैंपशायर मे डेमोक्रेटिक उम्मीदवार क्रिस पैपस एहन पहिल व्यक्ति बनलाह, जे सार्वजनिक रूप सं अपना के समलैंगिक घोषित कयने छथि आ सीनेट लेल निर्वाचित भेलाह। ओ पूर्व रिपब्लिकन सीनेटर जॉन ई. सुननू के पराजित कयलनि। हुनकर चुनाव प्रचार मे महंगाई, स्वास्थ्य सेवाक खर्च आ वाशिंगटनक भ्रष्टाचार प्रमुख मुद्दा छल। इलिनॉय मे जुलियाना स्ट्रैटन रिपब्लिकन डॉन ट्रेसी के हरौलनि। हुनकर जीतक संग राज्यक प्रतिनिधित्व करयवाली सीनेटर टैमी डकवर्थक संग आब दोसर महिला सेहो सीनेट मे रहतिह। डकवर्थ पहिने थाई-अमेरिकी महिला आ दुनू पैर गंवा चुकल महिला सीनेटरक रूप मे इतिहास रचि चुकल छथि।

टेक्सास मे 38 वर्षक बाद डेमोक्रेटिक जीत : रिपब्लिकन पार्टी के सब सं पैघ झटका टेक्सास मे लागल, जतय डेमोक्रेटिक उम्मीदवार जेम्स टालारिको केन पैक्सटन के हरा देलनि। वर्ष 1988क बाद पहिल बेर कोनो डेमोक्रेट टेक्सास सं सीनेट सीट जीतलनि। पूर्व शिक्षक टालारिको महंगाई आ जीवनयापनक बढ़ैत खर्च के चुनावी मुद्दा बनौने छलाह। एहि मोकाबला पर आधा अरब डॉलर सं बेसी खर्च भेल।

गवर्नर पद पर सेहो ऐतिहासिक बदलाव : टेक्सास मे जीना हिनोजोसा तीन बेर गवर्नर रहल रिपब्लिकन ग्रेग एबॉट के पराजित कयलनि। ओ राज्यक पहिल लैटिना महिला गवर्नर बनतिह। वर्ष 1990 मे एन रिचर्ड्सक बाद पहिल बेर कोनो डेमोक्रेट टेक्सास मे गवर्नर पद जीतलक।

वायु गुणवत्ता लेल के अछि जिम्मेदार?

करनजीत

दिल्ली मे जाड़क आगमनक पहिचान कहियो सप्तपर्णीक फूल सं होइत छल। एल्स्टोनिया स्कॉलरिस अर्थात इंडियन डेविल ट्रीक तीव्र सुगंधक विषय मे कहल जाइत छल जे ई ककरो पागल बना सकैत अछि। मुदा रातिक हवा मे हल्का ठंढ, गर्मी आ बरसातक विदा होइत मौसिमक संग ई सुगंध दिल्लीवासीक लेल सदिखन प्रसन्नताक संकेत होइत छल। आब एहि मीठ सुगंध सं एकटा अलग तरहक बेचैनी होइत अछि। सप्तपर्णी फूलल अछि, तखन की विषाक्त हवाक मौसिम सेहो आबि रहल अछि? प्रत्येक वर्ष नवंबर दिल्ली लेल एकटा नव शोकक कथा लिखैत अछि। आकाश धूसर भए जाइत अछि आ टेलीविजनक पर्दा पर वायु गुणवत्ता सूचकांक (एक्यूआइ) केर आंकड़ा नारंगी रंग सं गहींर लाल रंग धरि पहुंचि जाइत अछि। पीएम2.5 आ पीएम10 बीचक भेद बुझयबला कठिन लेख हम सब ओहिना पढ़ैत छी, जेना 'द ग्रेट इंडियन कपिल शो' देखबाक बीच अनचोके कोनो रील देखय लगैत छी। स्वच्छ हवा मे सांस लेबाक अधिकार लेल संघर्ष करैत नागरिकक सामना पटाखा छोड़बाक अधिकार लेल लड़ैत लोक सं होइत अछि। जखन समाचारपत्र धुंध सं ढकल इंडिया गेटक तस्वीर पहिल पन्ना पर छापैत अछि, तखन देशक शेष हिस्सा राजधानीक दम घुटैत देखबाक लेल तैयार भए जाइत अछि। मुदा वायु प्रदूषण आब मात्र दिल्लीक समस्या नहि रहल। ई देशक छोट-छोट शहर सभ धरि पसरि गेल अछि। पछिला वर्ष उत्तर प्रदेशक गाजियाबादक विस्तृत शहरी क्षेत्र लोनी दुनियां मे सर्वाधिक प्रदूषित शहर छल। ओतय सालाना पीएम2.5 केर स्तर विश्व स्वास्थ्य संगठन (डब्ल्यूएचओ) द्वारा निर्धारित सीमा सं 22 गुना आ भारतक अपेक्षाकृत उदार मानक सं तीन गुना बेसी छल। एकर एक वर्ष पहिने असम-मेघालय सीमापर स्थित औद्योगिक शहर बिरनीहाट दुनियां मे सर्वाधिक प्रदूषित शहर बनल छल। ओतय सीमेंट कारखाना आ डिस्टिलरी अछि। किछु वर्ष पहिने गोवा दिल्लीक प्रदूषण सं बचबाक लेल पलायन करयबला



लोकक सुरक्षित स्थान बनि गेल छल। महामारीक बादो साफ हवा तकैत पेशेवर लोक आ परिवार ओतय पहुंचैत रहल। हुनका सभक हिसाब छल जे धानक खेतक बीच घर लए लेब, जीवन भरि अस्पतालक चक्कर लगयबाक अपेक्षा सस्ता पड़त। मुदा हालक सप्ताह सभ मे गोवाक किछु हिस्सा मे एक्यूआइ बढ़ि 190 धरि पहुंचि गेल, जाहि सं राज्यक हवा अस्वास्थ्यकर श्रेणी मे आबि गेल। पछिला दिसंबर मे पणजीक औसत पीएम2.5 स्तर 88 माइक्रोग्राम प्रति घनमीटर छल, जे डब्ल्यूएचओक निर्धारित सीमा सं 18 गुना बेसी अछि। ई ओहि शहरक स्थिति छल, जकर चारू कात मांडवी नदी आ अरब सागर अछि। राजधानी सं दूर पोरवोरिम मे सेहो एहि अवधि मे सांस सं जुड़ल बेमारीक मामिला बढ़ल। ओहि समय ओतय फ्लाइओवर बनाओल जा रहल छल। समुद्रक कात बसल शहर भारत-गंगा मैदानक शहर जकां दमघोंटू स्थिति मे कोना पहुंचि गेल?

निजी वाहनक बढ़ैत संख्या : एहि प्रश्नक किछु उत्तर पछिला सप्ताह पणजी मे गोवाक संस्था ट्रांजिशंस रिसर्च द्वारा आयोजित 'एमर्जेंस' महोत्सव-सम्मेलन मे भेटल। उभरैत शहर सभक वायु गुणवत्ता पर आयोजित परिचर्चा मे देशभरक विशेषज्ञ सहभागी भेलाह। मुदा गोवा मे प्रदूषणक सब सं पैघ स्रोत की अछि, एहि पर एकमत नहि छल। वर्ष 2018 मे अर्बन एमिशंस द्वारा पणजी, मडगांव आ वास्को मे कयल गेल अध्ययन अनुसार, 30 प्रतिशत सं बेसी प्रदूषण परिवहन क्षेत्र सं अबैत अछि। एहि मे सड़क, रेल, विमान आ जहाज शामिल अछि। लगभग 30 प्रतिशत प्रदूषण सड़क पर वाहनक आवाजाही आ निर्माण कार्य सं उड़यवला धूरा सं होइत अछि। एकर अतिरिक्त 24 प्रतिशत प्रदूषण छोट, मध्यम आ पैघ उद्योग, जाहि मे बिजली उत्पादन सेहो शामिल अछि, ताहि सं होइत अछि। अनुमान अछि जे 2030 धरि परिवहन क्षेत्रक हिस्सेदारी बढ़ि 40 प्रतिशत भए जाएत। गोवा मे ई आश्चर्यजनक नहि अछि। राज्यक आबादी 15.9 लाख अछि, जखनकि पंजीकृत वाहनक संख्या 13.5 लाख अछि। ई मात्र लोकक पसिनगीक परिणाम नहि, बल्कि सार्वजनिक परिवहनक अविश्वसनीय आ अपर्याप्त व्यवस्था सेहो एकर कारण अछि। एहि कारण निजी वाहन अनिवार्यता बनि जाइत अछि। एकर अतिरिक्त पहाड़ी क्षेत्र मे बनल गेटेड आवासीय परिसर, खनन गतिविधिक पुनः शुरूआत आ प्रत्येक सांझ मिश्रित कचरा जरयबाक प्रवृत्ति सेहो प्रदूषण बढ़बैत अछि।

वर्दीक भीतर नुकायल चंद्रमोहन सिंह कें के देने छल शरण?



कृष्ण मोहन मिश्रा

बाबूबरही गोलीकांड पुलिस प्रशासनक कार्यशैली, वरीय अधिकारी सभक निगरानी आ विभागीय जवाबदेही पर पैघ सवाल ठाढ़ कए देने अछि। जनआक्रोश, आंदोलन अथवा विधि-व्यवस्थाक चुनौतीपूर्ण परिस्थिति मे पुलिस द्वारा गोली चलेबाक नौबत आबय तं परिस्थिति आ पुलिसक विवशता पर बहस भए सकैत अछि। मुदा बाबूबरहीक बलिराजगढ़ मे जे घटना सोझां आयल अछि, ओकर प्रकृति एकदम अलग अछि। एतय एकटा पुलिसकर्मी पर एकटा महिलाक घर मे कथित अवैध संबंध रखबाक आ ग्रामीण सभक हाथे पकड़ल गेलाक बाद अपना कें बचेबाक लेल सरकारी पिस्तौल सं गोली चलेबाक आरोप अछि। एहि गोलीबारी मे अशोक यादवक मृत्यु भए गेलनि आ कतेको लोक घायल भेलाह। एतय सभ सं पैघ सवाल मात्र ई नहि अछि जे चंद्रमोहन सिंह गोली किएक चलौलनि? असली सवाल ई अछि जे पुलिसक वर्दी पहिरने ओ कोन गतिविधि मे संलग्न छलाह आ पुलिस विभाग कें जिम्मेदार अधिकारी हुनकर गतिविधि सं अनभिज्ञ कोना बनल रहलाह? बताओल जाइत अछि जे संबंधित महिलाक घर हुनकर अक्सर आन-जान छलनि। जं ई बात सही अछि तं की गाम मे एहि बातक चर्चा नहि छल? की स्थानीय स्तर पर कहियो एहि संबंध मे कोनो शिकायत अथवा सूचना पुलिस अधिकारी धरि नहि पहुंचायल छल? की कोनो ग्रामीण हुनकर गतिविधि पर आपत्ति नहि जतेने छलाह? जं शिकायत भेटल छल तं कारबाइ किएक नहि भेल? आ जं शिकायत नहि भेटल छल तं पुलिसक स्थानीय सूचना व्यवस्था एतेक निष्क्रिय किएक छल जे एकटा पुलिसकर्मीक कथित गतिविधि विभागीय निगरानी सं बाहर रहल? एतय चंद्रमोहन सिंह सं बेसी पैघ सवाल ओहि पुलिस व्यवस्था पर अछि, जे हुनका वर्दी, सरकारी पिस्तौल आ सार्वजनिक दायित्व सौंपने छल। पुलिस अधीक्षक सं लए पुलिस उपमहानिरीक्षक आ महानिरीक्षक स्तर धरिक अधिकारी सभक जिम्मेदारी मात्र अपराध घटलाक बाद कारबाइ करब धरि सीमित नहि अछि। पुलिसकर्मीक चरित्र, आचरण, अनुशासन, कार्यशैली आ हुनकर गतिविधि पर निगरानी राखब सेहो विभागीय नेतृत्वक दायित्व अछि। अंतिम प्रशिक्षण, अनुशासन समिति, विभागीय गुप्तचर तंत्र आ नियमित निरीक्षणक व्यवस्था केहन काज लेल अछि? की एहि सभ व्यवस्थाक उद्देश्य मात्र कागजी खानापूर्ति आ वार्षिक समीक्षा धरि सीमित रहि गेल अछि? मधुबनीक जिलाधिकारीक संवेदनशीलता आ घटनाक बाद प्रशासनिक सक्रियता सराहनीय भए



सकैत अछि। मुदा घटनाक बाद संवेदना व्यक्त करब, आरोपित कें निलंबित करब आ कठोर कारबाइक आश्वासन देब पर्याप्त नहि अछि। प्रशासन कें ईहो बताबय पड़त जे एहन स्थिति उत्पन्न होयबाक पहिने ओकरा रोकबाक लेल की कयल गेल छल। पुलिसक काज मात्र आम नागरिकक भीड़ मे अपराधी ताकब नहि, बल्कि अपन वर्दीक भीतर नुकायल अपराधी प्रवृत्तिक लोक सभ कें समय रहैत चिन्हब सेहो अछि। जं कोनो पुलिसकर्मी अपन पद आ सरकारी हथियारक उपयोग निजी गतिविधि अथवा निजी बचाव लेल करैत अछि तं ओकर जवाबदेही मात्र व्यक्तिगत अपराध धरि सीमित नहि रहि सकैत अछि। बिहारक पुलिस व्यवस्था पर भ्रष्टाचार, घूसखोरी, पैरवी आ प्रभावक आरोप समय-समय पर लगैत रहल अछि। प्राथमिकी दर्ज करय सं लए ओकरा मे नाम जोड़ब-हटायब, गिरफ्तारी आ अनुसंधान तक आम नागरिक कें कतेको स्तर पर शिकायत रहैत अछि। एहि शिकायत सभक निष्पक्ष जांच आ कानूनी प्रक्रिया अपनबैत ओकरा नियंत्रित कयल जा सकैत छल। मुदा की कोनो पुलिसकर्मी कें अपन कथित करतूत सं बचबाक लेल सरकारी गोली चलयबाक अधिकार भेटि जाइत अछि? की अशोक यादवक मृत्यु एहि बातक मूल्य छल जे ग्रामीण सभ वदीर्धारी व्यक्ति सं जवाब मंगबाक साहस कयलनि? जाहि अशोक यादव कें न्याय भेटबाक चाही छलनि, हुनका गोली भेटलनि। की कानूनक समक्ष जवाबदेही मंगबाक इएह मूल्य अछि? पुलिस अधीक्षक भले आरोपित कें व्यक्तिगत अपराधी घोषित कए हुनका विरुद्ध कठोरतम कानूनी कारबाइ सुनिश्चित करथि, मुदा एहि सं पुलिस व्यवस्थाक जवाबदेही समाप्त नहि भए जाइत अछि। वर्दी हुनकर व्यक्तिगत छल, मुदा सरकारी छल। पिस्तौल हुनकर कमर पर छल, मुदा सरकारी छल। गोली हुनकर अंगुरी सं चलल, मुदा सरकारी हथियार आ सरकारी संसाधन सं चलल। हुनकर तैनाती, प्रशिक्षण, अनुशासन आ निगरानी सेहो एही पुलिस तंत्रक अधीन छल। तें सवाल मात्र चंद्रमोहन सिंह कें सजा दियेबाक नहि, बल्कि ओहि तमाम जिम्मेदार अधिकारी सभक भूमिका जांचबाक सेहो अछि, जिनकर अधीन ओ काज करैत छलाह। की जिला पुलिस अधीक्षक अपन निगरानी व्यवस्थाक विफलता स्वीकार करताह? की वरीय पुलिस अधिकारी ई जांच कराओताह जे आरोपितक विरुद्ध पहिने कोनो शिकायत आयल छल अथवा नहि? की पुलिस विभाग अपना भीतर एहन दोसर संदिग्ध आ अनुशासनहीन कर्मी सभक पहिचान करत? की विभाग सार्वजनिक करत जे पुलिसकर्मीक आचरण पर निगरानी आ शिकायतक निपटाराक वास्तविक व्यवस्था की अछि?

आखिर पुलिस प्रशासन अपना गिरेबान मे झांकब कहिया शुरू करत? : ई मात्र अशोक यादवक हत्याक मामिला नहि अछि। ई जनताक भरोस, पुलिसक साख आ सरकारी वर्दीक गरिमाक सवाल अछि। पुलिस जनता कें सुरक्षा देबाक लेल अछि, जनता पर अपन निजी शक्ति आजमयबाक लेल नहि। चंद्रमोहन सिंह कें कानूनक अनुसार सजा भेटनि, मुदा संगहि ओहि व्यवस्थाक जवाबदेही सेहो तय होयबाक चाही, जे हुनका एहि पद पर बनल रहय देलक आ जाहि व्यवस्थाक निगरानी मे एहन गंभीर घटना घटल। पुलिस प्रशासन ई नहि बिसरय जे चंद्रमोहन सिंहक वर्दी भले एकटा व्यक्ति पहिरने छल, मुदा ओहि वर्दी पर लागल दाग पूरा पुलिस विभागक साख पर लागल अछि। आब समय मात्र एकटा आरोपित कें पकड़बाक अथवा निलंबित करबाक नहि, बल्कि पुलिस व्यवस्थाक भीतर नुकायल प्रत्येक संभावित चंद्रमोहन सिंह कें चिन्हबाक आ बाहर करबाक अछि। अन्यथा भविष्य मे फेर कोनो दोसर अशोक यादवक जान गेलाक बादो विभाग एतबे कहैत रहि जायत जे ई एकटा व्यक्तिक निजी करतूत छल। जनता कें बहन्ना नहि, जवाब चाही। संवेदना नहि, जवाबदेही चाही। आ सभ सं बेसी, एहन पुलिस व्यवस्था चाही जाहि पर जनता भय नहि, भरोस कए सकय।

अजित पवारक निधनक बाद एनसीपी मे प्रभुत्वक लड़ाइ, पार्थ पवार आ प्रफुल पटेल गुट आमने-सामने



महाराष्ट्रक पूर्व उपमुख्यमंत्री आ एनसीपीक दिवंगत नेता अजित पवारक पार्टी राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी (एनसीपी) मे घमासान मचल अछि। अजित पवारक निधनक बाद हुनकर पत्नी सुनेत्रा पवार कें राष्ट्रीय अध्यक्ष चुनल गेलनि, मुदा आब पार्टी मे प्रभुत्व कें लए पार्थ पवार आ प्रफुल पटेल गुट आमने-सामने आबि गेल अछि। दरअसल, केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह सं एनसीपीक वरिष्ठ नेता सभक भेंटक बाद महाराष्ट्रक राजनीति मे पार्टीक भीतर सत्ता कें नव समीकरण कें लए चर्चा तेज भए गेल अछि। नेतृत्व कंह लए उठि रहल सवाल आ आंतरिक मतभेदक अटकलक बीच एनसीपी तीन दिन मे दोसर बेर कोर कमेटीक बैसार बजौलक। बुध भोर मे भेल एहि बैसार मे पार्टी प्रमुख आ उपमुख्यमंत्री सुनेत्रा पवार सेहो शामिल भेलीह। लगातार भए रहल बैसार सभ कें पार्टीक आगूक राजनीतिक रणनीति आ महायुति मे अपन भूमिका कें दृष्टि सं महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। पार्टीक भीतर चलि रहल कलह समाप्त करबाक लेल एनसीपी अध्यक्ष सुनेत्रा पवार देवगिरी आवास पर सभ विधायक सभक बैसार बजौने छलीह, मुदा 17 विधायक एहि बैसार सं दूरी बना लेलनि। एहि सं पार्टीक आंतरिक कलह सामने आबि गेल अछि।

पार्थ पवारक तेवर कड़ा : ओम्हर, एनसीपीक किछु वरिष्ठ नेता प्रफुल पटेल आ सुनील तटकरेक रवैया देखि पार्थ गुटक तेवर कड़ा भए गेल अछि। पार्थ अपन वरिष्ठ नेता सभ सं एहि बात पर नाराज छथि जे ओ उपमुख्यमंत्री सुनेत्रा पवारक अनुपस्थिति मे केंद्रीय मंत्री अमित शाह सं भेंट किएक कयलनि। पार्थ कहलनि जे सभ कें पार्टी अध्यक्षक आदेशक अनुसार चलय पड़तनि। जखनकि वरिष्ठ नेता सभक कहब अछि जे कोर कमेटीक बैसारक बिना पार्टीक पैघ निर्णय नहि लेल जेबाक चाही।

एनसीपी मे नियुक्ति कें लए विवाद : पार्थ पवार हालहि जीशान सिद्दीकी कें एनसीपीक मुंबई अध्यक्ष आ उमेश पाटिल कें राष्ट्रीय प्रवक्ता नियुक्त कयने छथि। प्रफुल पटेल गुटक आरोप अछि जे एहि नियुक्ति मे कोर कमेटी कें विश्वास मे नहि लेल गेल। मुदा पार्थ पवार स्पष्ट कयने छथि जे दुनू नेता अगिला छह महीना तक काज करताह। हुनका सभक काजक समीक्षा केलाक बाद आगूक निर्णय लेल जाएत। राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी मे चलि रहल विवाद सुलझेबाक लेल बुधदिन भोर मे कोर कमेटीक बैसार भेल। एहि बैसार मे एक बेर फेर सुनेत्रा पवार अपन नेता सभ सं पार्टीक हित कें ध्यान मे राखि काज करबाक आह्वान कयलनि।

सुनेत्रा पवार आ पार्थ पवारक अनुपस्थिति सं चर्चाक बाजार गरम : रवि कें एनसीपीक वरिष्ठ नेता प्रफुल पटेल, सुनील तटकरे, दिलीप वलसे पाटिल, हसन मुशरिफ, छगन भुजबल आ धनंजय मुंडे दिल्ली मे केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह सं भेंट कयने छलाह। एहि बैसार मे सुनेत्रा पवार आ हुनकर दुनू बेटा पार्थ आ जयक अनुपस्थिति राजनीतिक चर्चा कें हवा दए देलक। खास कए पार्टीक भीतर नेतृत्व आ निर्णय लेबाक प्रक्रिया कें लए सवाल उठय लागल। एक्र बाद सोमदिन मुंबई मे कोर कमेटीक बैसार भेल आ मंगलदिन विधायक सभ कें एकजुट रखबाक लेल सुनेत्रा पवार अपन सरकारी आवास देवगिरी मे बैसार बजौलनि।

एनसीपीक बैसार सं 17 विधायक अनुपस्थित

नेतृत्व पर उठैत सवालक बीच सुनेत्रा पवारक शक्ति प्रदर्शन : मंगलदिनक बैसार मे मंत्री सभक संग करीब 50 विधायक आ सुनेत्रा पवारक दुनू बेटा शामिल भेलाह। बैसारक बाद मुंबई एनसीपी अध्यक्ष जीशान सिद्दीकी दावा कयलनि जे सभ विधायक, मंत्री आ पदाधिकारी एकमत सं सुनेत्रा पवारक नेतृत्व पर भरोस जतौलनि। सुनेत्रा पवार सेहो विश्वास जतौलनि जे 2029क चुनाव मे पार्टी कें पहिने सं बेसी सीट भेटत। एकरा पार्टीक भीतर एकजुटताक संदेश देबाक प्रयास मानल जा रहल अछि।

एनसीपीक दुनू गुटक विलयक अटकल पर विराम : दोसर दिस, पार्टी नेता सभ सुनेत्रा पवार आ हुनकर बेटा सभ कें किनारा कयल जेबाक चर्चाक खंडन कयलनि। शरद पवारक नेतृत्व बला राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी (शरदचंद्र पवार) संग विलयक अटकल कें सेहो निराधार बताओल गेल अछि। नेता सभक कहब अछि जे अमित शाह संग बैसारक उद्देश्य महायुति मे शामिल घटक दल सभक बीच समन्वय नीक बनायब छल।

अजित पवारक बाद बदलल पार्टीक राजनीतिक दिशा : बता दी जे जुलाई 2023 मे अजित पवार अपन चाचा शरद पवार सं बगावत कए पार्टी कें दू गुट मे बांटि देने छलाह। अजित पवार अपन गुटक संग महायुति सरकार मे शामिल भए गेल छलाह, जाहि कारण एनसीपी दू गुट मे बंटि गेल छल। नवंबर 2024क विधानसभा चुनावक बादो अजित पवार उपमुख्यमंत्री बनल रहलाह। जनवरी 2026 मे बारामती मे भेल विमान दुर्घटना मे अजित पवारक निधन भए गेलनि। हुनकर निधनक बाद सुनेत्रा पवार पार्टी प्रमुख आ उपमुख्यमंत्रीक जिम्मेदारी संभरलनि। आब पार्टीक वरिष्ठ नेता सभक दिल्ली मे सक्रियता, लगातार भए रहल कोर कमेटीक बैसार आ विधायक सभ कें एकजुट रखबाक प्रयास एनसीपीक आगूक राजनीतिक दिशा कें चर्चा मे आनने अछि। सवाल ई अछि जे राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी महायुति मे अपन राजनीतिक हिस्सेदारी आ प्रभाव कोना बनौने रखत तथा अजित पवारक बाद बनल नेतृत्वक समीकरण कोन दिशा मे आगू बढ़त।

बंगाल मे एबीवीपीक शक्ति प्रदर्शन, 20 नवंबर कें छात्र सभक 'कोलकाता चलो' रैली



राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघ (आरएसएस) सं जुड़ल छात्र संगठन अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषद (एबीवीपी) 20 नवंबर कें कोलकाता मे ह्यकोलकाता चलोह्ण रैली आयोजित करबाक घोषणा केने अछि। संगठनक दावा अछि जे दक्षिण बंगालक विभिन्न जिला सभ सं 20 हजार सं बेसी विद्यार्थी एहि रैली मे शामिल हेताह। कोलकाता स्थित एबीवीपीक बंगाल प्रदेश कार्यालय मे आयोजित संवाददाता सम्मेलन मे संगठनक नेता सभ एहि संबंध मे जानकारी देलनि।

एबीवीपी एहि रैलीक माध्यम सं लोकतांत्रिक संस्थाक आ संवैधानिक मूल्य सभक रक्षा करबाक आह्वान केने अछि। संगठनक आरोप अछि जे किछु विपक्षी समूह राजनीतिक हित साधबाक लेल देश मे अस्थिरता आ अराजकताक माहौल बनेबाक प्रयास कए रहल अछि।

20 हजार छात्रक जुटबाक उम्मीद

एबीवीपीक दक्षिण बंगाल प्रदेश मंत्री नीलकंठ भट्टाचार्य कहलनि जे वामपंथी आ कांग्रेस समेत किछु संगठन अपन राजनीतिक हित लेल देश कें बांटबाक प्रयास कए रहल अछि। ओ कहलनि जे राजनीतिक लाभ लेल अस्थिरता आ अराजकता पैदा करबाक प्रवृत्ति समाप्त होयबाक चाही। भट्टाचार्य दावा कयलनि जे देशक युवा, खास कए जेन-जी पीढ़ी, लोकतांत्रिक व्यवस्था प्रति जागरूक आ जिम्मेदार अछि। हुनकर अनुसार, देशक अलग-अलग हिस्सा मे छात्रसंघ चुनावक परिणाम आ लोकतांत्रिक प्रक्रिया मे विद्यार्थी सभक सक्रिय भागीदारी एकर संकेत अछि। ओ कहलनि जे 'कोलकाता चलू' अभियानक उद्देश्य अराजकता समाप्त करबाक आ लोकतंत्रक रक्षा लेल विद्यार्थी सभ कें एकजुट करब अछि।

रैली मे विद्यार्थी सभक लोकतांत्रिक अधिकार, राष्ट्रीय एकता आ अखंडता तथा स्वस्थ सामाजिक वातावरण बनौने रखबाक मुद्दा उठाओल जाएत। एबीवीपी दक्षिण बंगालक विभिन्न जिला सभक हजारो विद्यार्थी सभ सं 20 नवंबर कें कोलकाता पहुंचि अभियान कें सफल बनेबाक अपील केने अछि। संवाददाता सम्मेलन मे एबीवीपीक राष्ट्रीय कार्यकारिणी सदस्य अरविंद वाजपेयी आ कोलकाता महानगरक मंत्री स्वाधीन हालदार सेहो उपस्थित छलाह।

यूपीक राजनीतिक माहौल मे यूजीसीक असरि? विधान परिषद चुनाव मे 54 हजार अवैध वोट सं भाजपा चिंतित



उत्तर प्रदेश विधान परिषदक 11 सीट पर भेल चुनावक परिणाम भारतीय जनता पार्टी (भाजपा) कें चिंता मे डालि देने अछि। भाजपा भले 11 मे सं 6 सीट पर जीत दर्ज कयने हो, मुदा समाजवादी पार्टी (सपा) 5 सीट जीत कए सत्तारूढ़ दल कें कड़ा टक्कर देलक। एहि परिणामक बीच सब सं बेसी चर्चा 53,615 अवैध मतक भए रहल अछि। सूत्रक अनुसार, कतेको मतपत्र पर वोट देबाक बदला ह्ययूजीसी रोल बैकह्ण लिखल गेल छल। हालांकि, एहन मतपत्रक वास्तविक संख्या एखन स्पष्ट नहि अछि, मुदा एहि चर्चा चुनाव परिणाम कें एकटा नव राजनीतिक मुद्दा बना देने अछि।

कुल 6,69,982 पड़ल वोट मे सं 53,615 मत अवैध घोषित कयल गेल। अर्थात करीब 8 प्रतिशत वोट गिनती मे शामिल नहि भए सकल। आब सवाल उठि रहल अछि जे की एहि अवैध मतक पाछू यूजीसी मुद्दा पर नाराजगी सेहो एकटा कारण रहल? की भाजपा के पारंपरिक सवर्ण वोट बैंक मे असंतोष बढ़ि रहल अछि? आ की एकर असर 2027क विधानसभा चुनाव मे सेहो देखबा मे आबि सकैत अछि? विधान परिषदक 11 सीट पर भेल चुनाव मे कुल 6,69,982 मत पड़ल। एहि मे 6,16,367 वोट वैध पाओल गेल, जखनकि 53,615 मतपत्र अवैध घोषित कयल गेल।

सीटवार आंकड़ा पर नजरि देल जाए तं लखनऊ स्नातक सीट पर सब सं बेसी 11,233 वोट अवैध भेल। एकर बाद वाराणसी स्नातक सीट पर 9,663 आ इलाहाबाद-झांसी स्नातक सीट पर 9,596 मत अमान्य घोषित कयल गेल। दोसर सीट सभक बात करी तं मेरठ शिक्षक सीट पर 2,809, मेरठ स्नातक सीट पर 3,976, गोरखपुर-फैजाबाद शिक्षक सीट पर 2,800, आगरा शिक्षक सीट पर 2,128, आगरा स्नातक सीट पर 5,852, बरेली-मुरादाबाद शिक्षक सीट पर 3,183, लखनऊ शिक्षक सीट पर 936 आ वाराणसी शिक्षक सीट पर 1,439 वोट अवैध घोषित भेल। एतेक पैघ संख्या मे मत अवैध होयब राजनीतिक चर्चा के विषय बनि गेल अछि।

खास कए एहि लेल, किएक तं सूत्रक अनुसार किछु मतपत्र पर यूजीसीक विरोध मे संदेश लिखबाक बात सामने आएल अछि। एहि चुनावक एकटा महत्वपूर्ण पक्ष गोरखपुर-फैजाबाद शिक्षक सीटक परिणाम सेहो अछि। एतय जीत आ हारक भेद मात्र 307 वोट रहल, जखनकि अवैध मतक संख्या 2,800 छल। अर्थात जीतक भेद सं करीब नौ गुना बेसी वोट अमान्य घोषित भेल। हालांकि, अवैध मत कें कोनो एकटा राजनीतिक दलक खाता मे जोड़ि चुनाव परिणामक आकलन नहि कयल जा सकैत अछि। ईहो स्पष्ट नहि अछि जे कतेक मतपत्र पर यूजीसी रोल बैक लिखल गेल छल। एकरा बावजूद, एतेक पैघ संख्या मे अवैध मत आ यूजीसी विरोधी संदेशक चर्चा भाजपा आगू राजनीतिक सवाल ठाढ़ कए देने अछि।

यूपी चुनाव 2027 सं पहिने कांग्रेसक पैघ योजना

'वोट चोरी' मुद्दा पर करत लगातार रैली



आगामी वर्ष होमय बला यूपी विधानसभा चुनाव-2027 कें लए कांग्रेस पैघ स्तर पर तैयारी शुरू कए देने अछि। कांग्रेस 20 नवंबरक बाद उत्तर प्रदेश मे कतेको लगातार रैली करत। ई रैली 'वोट चोरी'क विरुद्ध अभियानक अंतर्गत आयोजित कयल जाएत। कांग्रेस एहि मुद्दा कें लए लगातार सरकार कें घेरि रहल अछि। एहि सं पहिने इंडिया गठबंधनक आन दल सभक संग कांग्रेस दिल्ली मे सेहो पैघ रैली केने छल। जानकारीक अनुसार, विधानसभा चुनाव कें ध्यान मे रखैत कांग्रेस राज्य मे चुनावी अभियान तेज करबाक तैयारी शुरू कए देने अछि। एहि कड़ी मे 20 नवंबरक बाद पार्टी वोट चोरीक मुद्दा पर राज्यक अलग-अलग क्षेत्र मे रैली आयोजित करबाक रणनीति बनौने अछि। पार्टीक शीर्ष नेतृत्व प्रदेश कांग्रेस कें रैलीक स्थल चिह्नित करबाक निर्देश देने अछि। यूपी विधानसभा चुनाव लेल समाजवादी पार्टीक संग सीट बंटवारा कें लए कांग्रेस औपचारिक बातचीत शुरू कए देने अछि। आधिकारिक जानकारीक अनुसार, कांग्रेस 175 सं बेसी सीट सभक प्रारंभिक सूची सौंपने अछि, जतय ओकरा लगैत अछि जे गठबंधन मे ओ प्रभावी भूमिका निभा सकैत अछि। कांग्रेसक उत्तर प्रदेश मामिलाक प्रभारी राजेंद्र पाल गौतम बतौलनि जे ई सूची किछु दिन पहिने सपा नेता सभक संग साझा कयल गेल छल आ शीघ्र दुनू दलक नेता सीट बंटवारा पर विस्तार सं चर्चा करबाक लेल बैसताह। गौतम कहलनि, 'हम अहां कें सटीक संख्या नहि बता सकैत छी, मुदा हम 175 सं 200 सीट सभक सूची सौंपने छी।' ओ संकेत देलनि जे 403 विधानसभा सीट बला राज्य मे चुनाव सं पहिने पार्टी बातचीत लेल तैयार अछि। कांग्रेस नेता कहलनि, 'दुनू दलक नेतृत्व एक संग बैसि सीट बंटवाराक बारीकी तय करताह।' सपाक एक वरिष्ठ नेता कांग्रेसक प्रारंभिक सूची पर कहलनि, ह्लहमरा लगैत अछि जे हमर नेता अखिलेश यादव स्पष्ट कए देने छथि जे जीतबाक क्षमता एकमात्र मापदंड अछि। तें केओ किछुओ मांगि सकैत अछि, मुदा राजनीति मे सर्वमान्य आ सार्थक समाधान तक पहुंचबाक लेल दिखावा सं आगू बढ़य पड़त। एहि सं पहिने दिल्लीक रामलीला मैदान मे इंडिया गठबंधन रैली केने छल। एहि रैली मे राहुल गांधी 'वोट चोरी'क आरोप लगबैत कहलनि जे ज्ञानेश कुमार कें एहि लेल मुकदमाक सामना करय पड़तनि आ हुनका जेल जेबाक पड़तनि। इंडिया गठबंधन दिस सं आयोजित 'दिल्ली चलो' रैली मे राहुल गांधी कहलनि जे देशक लोकतंत्र आ संविधान कें बचयबाक लेल ई लड़ाइ जारी रहत। ओ आरोप लगौलनि जे ज्ञानेश कुमार जे कयलनि, ओ सामान्य चोरी नहि, बल्कि कानूनी भाषा मे 'रेयरेस्ट ऑफ रेयर' श्रेणीक मामिला अछि। राहुल गांधी मुख्य चुनाव आयुक्त पर ईवीएमक उपयोग आ मतदाता सूची सं 13.5 करोड़ नाम हटेबाक माध्यम सं वोट चोरी करबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ गृह मंत्री अमित शाह लेल ज्ञानेश कुमार जे कयलनि, ओ देशद्रोह आ प्रत्येक नागरिकक आवाज चोरी करबाक समान अछि।

अग्निकांडक दू पीड़ित परिवार कें भेटल 12-12 हजार टाकाक सहायता राशि

करीब 60 लाख टाका सं बेसीक संपत्तिक भेल छल नोकसान



बेनीपट्टी, समदिया

» 45 लाखक सोना-चानीक गहना आ 1 लाख नकदी जरि गेल

बेनीपट्टी अंचल आ अरेर थाना क्षेत्रक परौल गाम मे भेल अग्निकांडक पीड़ित परिवार कें अंचल प्रशासन बृहस्पति कें सहायता राशि उपलब्ध करौलक। सीओ अभिषेक आनंद आ राजस्व अधिकारी गणेश साहूकनिर्देश पर अंचल अमीन लोकेश महाराज आ रविंद्र कुमार गाम पहुंच अग्निपीड़ित रमन कुमार कर्ण आ सुलोचना देवी कें आपदा मद सं 12-12 हजार टाकाक चेक आ पॉलीथिन सीट देलनि।

उल्लेखनीय अछि जेमंगलदिन सांझ गाम मे भीषण आगलगी भेल छल। एहि घटना मे रमन कर्ण आ सुलोचना देवीक करीबआधा दर्जन घर जरि कए राख भए गेल छल। अगलगी मे 60 लाख टाका सं बेसीक संपत्तिक नोकसानभेल छल। आगिक चपेट मे आबि करीब 45 लाख टाकाक सोना-चानीक गहना आ 1 लाख टाका नकदीजरि गेल। एकर अतिरिक्त कपड़ा, फर्नीचर, बिजलीक उपकरण, महत्वपूर्ण शैक्षणिक प्रमाणपत्र, चारि पलंग,बिछावन, पंखा, मोटर, फ्रिज आ अन्य घरेलू सामान सेहो नष्ट भए गेल। अगलगीक बाद पीड़ित परिवारकसमक्ष भोजन आ रहबाक गंभीर समस्या उत्पन्न भए गेल छल। घटना उपरांत सीओ आ राजस्वअधिकारी अन्य कर्मी सभक संग घटनास्थल पर पहुंच क्षतिक स्थलीय जांच आ आकलन कयने छलाह। कागजी प्रक्रिया पूरा भेलाक बाद बृहस्पति दुपहर दुनू पीड़ित कें सहायता राशि आ पॉलीथिन सौंपल गेल।

बालू-गिट्टी कारोबारी पर ताबड़तोड़ फायरिंग, हालति गंभीर

रोसड़ा, समदिया



रोसड़ा थाना क्षेत्र मे बाइक सवार अपराधी सभ एकटा ट्रैक्टर सवार व्यक्ति पर ताबड़तोड़ गोलीबारी कएदेलक। गोली लगला सं चालक गंभीर रूप सं जख्मी भए गेलाह। घायलक पहचान खैरा गाम निवासी राजा राम महतोक 32 वर्षीय पुत्र सुशील कुमार महतो रूप मे भेल अछि। सुशील कुमार उदयपुर चौक पर बालू- गिट्टीक डिपो चलबैत छथि। भेटल जानकारीक अनुसार, सुशील कुमार ट्रैक्टर लए' जा रहल छलाह। एहि दौरान चक्का आ उदयपुरक बीच बाइक सवार अपराधी सभ हुनकर ट्रैक्टर रोकि लेलनि। एकर बाद हुनकापर लगातार गोली चलाओल गेल। दू गोली लगला सं ओ गंभीर रूप सं जख्मी भए गेलाह। कहल जारहल अछि जे एकटा गोली बांह आ दोसर कमर मे लागल अछि। घटनाक बाद इलाका मे अफरातफरीमचि गेल। स्थानीय लोक सभक सहयोग सं घायल कें तत्काल अस्पताल पहुंचाओल गेल। प्राथमिकउपचारक बाद गंभीर स्थिति देखैत नीक इलाजक लेल समस्तीपुरक एकटा निजी अस्पताल मे भर्ती कराओल गेलनि। घटनाक सूचना भेटिते रोसड़ा थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंच जांच शुरू कए देलक। पुलिस घटनास्थल सं गोलीक खोखा बरामद कयलक। घटनास्थल चिन्हित कए आवश्यक साक्ष्य सेहोजुटाओल गेल। प्रारंभिक जानकारीक अनुसार, गोलीबारीक घटना कें भूमि विवाद सं जोड़ि कए देखल जारहल अछि। हालांकि, घटनाक वास्तविक कारण आ एहि मे शामिल अपराधी सभक पहचानक लेल पुलिसजांच कए रहल अछि। घटनाक बाद क्षेत्र मे दहशतक माहौल अछि। पुलिस अपराधी सभक पहचान आगिरफ्तारी लेल छानबीन मे जुटल अछि।

आईएमए चिकित्सक सभ परिवारक संग मनौलक दीपावली मिलन समारोह



दरभंगा, समदिया

» सांस्कृतिक प्रस्तुति सं बान्हल समां, चिकित्सक आ बच्चा सभ उठौलनि उत्सवक आनंद

इंडियन मेडिकल एसोसिएशन (आईएमए) केर दरभंगा शाखाक दिस सं 4 नवंबरक सांझ दीपावली मिलनसमारोह आयोजित कयल गेल। एहि समारोह मे चिकित्सक सभ अपन जीवनसाथी आ बच्चा सभक संगभाग लेलनि। सभ मिलि दीप प्रज्वलित कयलनि, मिठाइ बांटलनि आ आतिशबाजीक बीच दीपावलीक खुशी साझा कयलनि। समारोह मे आयोजित सांस्कृतिक कार्यक्रम मे चिकित्सक सभक बच्चा सभक प्रस्तुति विशेष आकर्षण रहल। डॉ. ब्रजेश, डॉ. विश्वा, डॉ. भुवनेश्वर आ डॉ. अमितक बेटा-बेटी सभ अपन प्रतिभा सं उपस्थित लोक सभक प्रशंसा बटोरलनि। एहि अवसर पर डॉ. पुष्पा झा, डॉ. सावित्री ओझा, नूतन राय, नूतन बाला सिंह, अलका शाही, शिल्पा, मालती भगत, आशा मिश्रा, सुजाता राय, पूनम सिंह, डॉ. ओम प्रकाश आ डॉ.दामोदर सेहो सांस्कृतिक प्रस्तुति देलनि। कार्यक्रमक संयोजन डॉ. पुष्पा झा, डॉ. सावित्री ओझा, डॉ. शालिनी भारती, डॉ. कन्हैया झा, डॉ. अंजार अहमद, डॉ. हरि दामोदर सिंह आ डॉ. सुशील कुमार कयलनि। समारोहक अंत मे चिकित्सक आ हुनकर परिजन सभ सामूहिक रूप सं रात्रिभोजक आनंद लेलनि। एहि आयोजनक माध्यम सं चिकित्सक सभ कें परिवारक संग दीपावलीक खुशी मनयबाक आ आपसी मेल-जोल बढ़यबाकअवसर भेटलनि।

सांसद निधि सं स्वीकृत विकास योजनाक शांभवी चौधरी केलनि उद्घाटन

कहलनि- समस्तीपुरक विकास लेल संकल्पित छी

समस्तीपुर, समदिया



समस्तीपुर लोकसभा क्षेत्रक सांसद शांभवी चौधरी बृहस्पति दिन अनुपम रिसॉर्ट मे आयोजित समारोह मे समस्तीपुर विधानसभा क्षेत्रक अंतर्गत सांसद स्थानीय क्षेत्र विकास योजना (सांसद निधि) सं स्वीकृतविभिन्न जनहितकारी आ विकास योजनाक उद्घाटन केलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे समस्तीपुरलोकसभा क्षेत्रक सर्वांगीण विकास हुनकर सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। आम लोकक समस्या दूर करबाक आबुनियादी सुविधाक विस्तार सुनिश्चित करबाक लेल ओ लगातार प्रयासरत छथि। समारोह कें संबोधित करैत सांसद कहलनि जे समस्तीपुर शहर कें जामक समस्या सं मुक्ति दिअयबाकलेल वर्षो सं लंबित भोला टॉकीजक लग रेलवे ओवरब्रिज (आरओबी) निर्माणक दिशा मे पहल कयल गेलअछि। एकरे संग समस्तीपुर-दरभंगा मुख्य मार्ग पर मुक्तापुर मे आरओबी निर्माण, मगरदही घाट स्थितगंडक नदी पर पुल निर्माण आ मुसरीघरारीक लग सं बेझा, जितवारपुर आ बिशनपुर होइत हकीमाबादबाइपास स्थित नवनिर्मित पुल धरि सड़क संपर्क स्थापित करबाक योजनाक स्वीकृति लेल लगातार प्रयासकयल गेल अछि। ओ बतौलनि जे एहि महत्वपूर्ण परियोजना सभ पर काज प्रगति पर अछि। सांसद कहलनि जे सांसद निधि सं स्वीकृत विभिन्न जनोपयोगी योजनाक उद्घाटन सं स्थानीय लोक कें नीकसुविधा भेटत आ क्षेत्रक विकास काज कें गति भेटत। विकास कार्यक प्रति अपन प्रतिबद्धता दोहरबैत ओ कहलनि जे क्षेत्रक लोकक अपेक्षा पर खरा उतरेबाक हरसंभव प्रयास करतथि। भावुक होइत ओ कहलनि, जे हम समस्तीपुर लोकसभा क्षेत्रक बेटी छी। एतयक लोक हमर लेल मात्र जनता नहि, बल्कि हमर परिवारछथि। परिवारक सुख-दुख मे सहभागी बनब आ हुनकर अपेक्षा पर खरा उतरब हमर दायित्व अछि। हमसदिखन क्षेत्रक लोकक सुख-दुख मे हुनका संग ठाढ़ रहब। कार्यक्रम मे समस्तीपुर विधायक अश्वमेघ देवी,विधान परिषद सदस्य डॉ. तरुण कुमार चौधरी, लोजपा (रामविलास) क जिलाध्यक्ष अनुपम कुमार उर्फ हीरासिंह, विनोद चौधरी, अनंत कुशवाहा, उपप्रमुख सह सांसद प्रतिनिधि राजेश सिंह, नीरज भारद्वाज, विशुनदेवकुशवाह, राजीव सिंह, अरुण झा, सुजय पासवान, मुकेश कुशवाहा, रीना सहनी, केशरी मेहता, राजकिशोर हजारी, अरविंद सिंह, सुशील चौबे, अशोक पासवान, मायाशंकर सिंह, बबलू कुमार, कृष्ण बालक महतो, सनी कुमार, मुरारी तिवारी आ बंटी जायसवाल सहित एनडीएक पैघ संख्या मे पदाधिकारी आ कार्यकर्ताउपस्थित छलाह।

अयोध्या-जनकपुरधामक बीच सीधा रेल परिचालन सं पहिने भेल ट्रायल

18 बोगीक ट्रेन जनकपुरधाम सं कुर्था धरि कयलक परीक्षण यात्रा

जनकपुरधाम, समदिया



अयोध्या सं जनकपुरधाम धरि सीधा रेल परिचालन कें लए आब संशय दूर भए गेल अछि। बृहस्पति कें जयनगर सं कुर्था धरि रेलगाड़ीक ट्रायल कयल गेल। भोरे 8 बजे 18 बोगी बला ट्रेन जनकपुरधाम स्टेशन सं कुर्था दिस रवाना भेल तं एकरा देखबाक लेल पैघ संख्या मे लोक स्टेशन पर जुटल छलाह। नेपाली रेलवे अधिकारी सभ बृहस्पति कें प्रेस विज्ञप्ति जारी कए एहि ट्रायल संबंधी जानकारी देने छलाह। ट्रायललेल रवाना भेल ट्रेन मे भारतीय रेलवे आ नेपाली रेलवे के उच्चपदस्थ अधिकारी सभ सवार छलाह।प्रस्तावित जनकपुरधाम-अयोध्या ट्रेन मे एसी, स्लीपर आ सामान्य श्रेणीक कुल 18 बोगी रहबाक अनुमानअछि। नेपाली रेलवे अधिकारी सभ सं भेटल जानकारीक अनुसार, ट्रेन शनिदिन भारतीय समय अनुसार 12बजे अयोध्या सं खुलत आ रविदिन भोर 5 बजे जनकपुरधाम पहुंचत। ओतहि, सोमदिन जनकपुरधाम सं12 बजे ट्रेन खुलत, जे मंगलदिन 12 बजे अयोध्या पहुंचत। ट्रेन जनकपुरधाम सं जयनगर, मधुबनी,दरभंगा, सीतामढ़ी, रक्सौल आ गोरखपुर होइत अयोध्या पहुंचत। रेल सेवाक शुभारंभ भारतक प्रधानमंत्रीनरेंद्र दामोदर दास मोदी आ नेपालक प्रधानमंत्री बालेन संयुक्त रूप सं करताह। नेपाली क्षेत्र मे सशस्त्रसुरक्षा बल आ नेपाल पुलिस ट्रेन कें सुरक्षा देत, जखन कि भारतीय क्षेत्र मे जीआरपी सुरक्षा व्यवस्थासम्हारत।जनकपुरधाम सं अयोध्या धरि सीधा रेल परिचालनक प्रस्ताव सं स्थानीय लोक सभ मे प्रसन्नता अछि।जनकपुरधामक मेयर मनोज कुमार साह कहलनि जे सीधा रेल सेवा शुरू होयबा सं जनकपुरधाम आ अयोध्याक बीच संबंध बेसी मजबूत होयत। संगहि, दुनू धार्मिक नगरक बीच पर्यटन कें सेहो बढ़ावा भेटत।

एमएलएसएम कॉलेजक महिला बैडमिंटन टीम फाइनल मे पहुंचल

भेद महाविद्यालयीय प्रतियोगिता मे कबड्डी टीम सेहो कयलक क्वालिफाइ

दरभंगा, समदिया



रामाश्रय बालेश्वर कॉलेज, दलसिंहसराय मे 4 सं 6 नवंबर धरि आयोजित भेद महाविद्यालयीय प्रतियोगितामे एमएलएसएम कॉलेज, दरभंगाक टीम सभ शानदार प्रदर्शन कयलक अछि। महिला बैडमिंटनप्रतियोगिताक सेमीफाइनल मोकाबला मे एमएलएसएम कॉलेजक टीम डीबीकेएन कॉलेज, नेहरा कें पराजितकए फाइनल मे अपन स्थान पक्का कय लेलक। ओतहि, कबड्डी प्रतियोगिता मे सेहो कॉलेजक टीम नीकप्रदर्शन करैत अगिला चरण लेल क्वालिफाइ कय गेल। दुनू टीमक एहि उपलब्धि सं कॉलेज परिसर मे खुशी आ उत्साहक माहौल अछि। प्रधानाचार्य डॉ. शंभू कुमार यादव खेलाड़ी सभ आ टीम प्रबंधक सभ कें बधाई दैत हुनका सभक प्रदर्शनक सराहना कयलनि। ओ बैडमिंटन टीमक प्रबंधक अनूप कुमार झा आ कबड्डी टीमक प्रबंधक सुनील कुमार झा सहित सभ खेलाड़ी कें शुभकामना देलनि। प्रधानाचार्य खेलाड़ी सभक उत्साहवर्धन करैत आशा व्यक्त कयलनि जे बैडमिंटन टीम फाइनल मोकाबला मे सेहो नीक प्रदर्शन कए जीत हासिल करत।

प्रधानमंत्री सूर्य घर योजनाक लाभ लेल समाहरणालय मे विशेष सोलर शिविर

जिलाधिकारी सरकारी पदाधिकारी आ कर्मी सभ सं अपन घर मे सोलर पैनल लगेबाक केलनि अपील

सीतामढ़ी, समदिया



प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक प्रचार-प्रसार आ बेसी सं बेसी परिवार कें लाभान्वित करबाकउद्देश्य सं समाहरणालयक परिचर्चा भवन मे विशेष सोलर शिविर आयोजित कयल गेल। शिविरकउद्घाटन जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया, विद्युत अधीक्षण अभियंता पंकज राजेश, कार्यपालक अभियंतापंकज कुमार, सीतामढ़ी आ पुपरीक विद्युत कार्यपालक अभियंता, जिला जनसंपर्क पदाधिकारी कमल सिंह तथा जिला शिक्षा पदाधिकारी राघवेंद्र मणि त्रिपाठी संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कय कयलनि। शिविर मेविभिन्न विभागक जिला स्तरीय पदाधिकारी आ कर्मी सभक संग रूफटॉप सोलर पैनल लगयबाक एजेंसी सभक प्रतिनिधि सेहो उपस्थित छलाह। एहि दौरान योजनाक प्रक्रिया, लाभ, अनुदान आ सोलर पैनल स्थापना सं जुड़ल जानकारी देल गेल। जिलाधिकारी कहलनि जे ई योजना स्वच्छ आ हरित ऊर्जा कें बढ़ावा देबाक संग आम लोक कें ऊर्जा क्षेत्र मे आत्मनिर्भर बनयबाक महत्वपूर्ण पहल अछि। एकर सफलता तखने संभव अछि, जखन बेसी सं बेसीपरिवार एहि सुविधा सं जुड़त। ओ सभ विभागक पदाधिकारी सभ कें अपन अधीनस्थ कर्मी कें जागरूक करबाक आ अपन घर मे सोलर पैनल लगयबाक लेल प्रेरित करबाक निर्देश देलनि। जिला शिक्षापदाधिकारी कें शिक्षक सभक बीच योजनाक प्रचार-प्रसार करबाक विशेष जिम्मेदारी देलनि। जिलाधिकारी बतौलनि जे एक किलोवाट सोलर पैनल पर 40 हजार, दू किलोवाट पर 80 हजार आ तीन किलोवाट अथवा ताहि सं बेसी क्षमताक पैनल पर अधिकतम 98 हजार टाकाक अनुदान देबाक प्रावधान अछि। शिविर मे सीतामढ़ी विद्युत प्रमंडल मे 91 आ पुपरी प्रमंडल मे 122 आवेदन निर्बंधित भेल। एहि तरहें कुल213 आवेदन प्राप्त भेल। जिलाधिकारी संबंधित पदाधिकारी सभ कें आवेदनक त्वरित निष्पादन आ पात्रलाभुक कें योजनाक लाभ सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।

महिलाक हत्या मामिला मे अशोक दास दोषी करार, 18 नवंबर कें सजा पर फैसला

दरभंगा, समदिया

दरभंगा जिला न्यायालयक प्रथम जिला एवं अपर सत्र न्यायाधीश नीरज कुमारक अदालत एक महिलाकनिर्मम हत्या मामिला मे कमतौल थाना क्षेत्रक ब्रह्मपुराण गामक टोला पौनद निवासी महेंद्र दासक पुत्रअशोक दास कें दोषी करार देने अछि। बृहस्पति कें कमतौल थाना कांड संख्या 98/22 आ सत्रवाद संख्या456/22 केर सुनवाइ पूरा करैत अदालत अभियुक्त कें अपनहि गामक हलखोरी दासक पत्नी सुकमारी देवीक हत्या आ घर मे अनधिकृत प्रवेशक आरोप मे भारतीय दंड संहिताक धारा 302 आ 448 के अंतर्गत दोषी घोषित कयलक। दोषसिद्ध अभियुक्तक सजाक अवधि निर्धारणक बिंदुपर सुनवाइ आ फैसला लेलअदालत 18 नवंबरक तिथि निर्धारित कयने अछि। अभियोजन पक्षक संचालन कए रहल एपीपी रेणु झाबतौलनि जे 3 अप्रैल 2022 कें भूमि विवाद कें लए अभियुक्त सुकमारी देवीपर फरसा सं हमला कए हुनका गंभीर रूप सं जख्मी कए देने छल। इलाजक दौरान पीएमसीएच मे हुनकर मृत्यु भए गेलनि। एहिघटनाक प्राथमिकी मृतकाक पुत्र सुरेश दास 1 मई 2022 कें कमतौल थाना मे दर्ज करौने छलाह। महिलाक हत्या सन गंभीर मामिला मे अदालत द्वारा दोषसिद्धि आ सजा निर्धारणक तिथि तय कयल गेला सं क्षेत्रक लोक सभक नजरि आब 18 नवंबरक अदालती फैसलापर टिकल अछि।

महिला सं बाइक सवार अपराधी छिनलक मोबाइल

शिवाजीनगर, समदिया



शिवाजीनगर प्रखंड अंतर्गत हथौड़ी थाना क्षेत्रक बंधार चौक लग बाइक सवार अपराधी सभ डाकघर मे ड्यूटी समाप्त कए घर लौटि रहल एक महिला सं मोबाइल छीनि फरार भए गेल। घटनाक बाद महिलाने स्थानीय पुलिस कें सूचना देलनि। भेटल जानकारीक अनुसार, महिला डाकघर मे ड्यूटी समाप्त कय घर लौटि रहल छलीह। एही दौरान रस्ता मे बाइक सवार अपराधी पहुंचल आ हुनकर हाथ सं मोबाइल छीनितेजी सं फरार भए गेल। अनचोके भेल एहि घटना सं महिला घबरा गेलीह। हुनकर हल्ला सुनि आसपासकलोक सभ अपराधी कें पकड़बाक प्रयास कयलनि, मुदा ओ सभ भागय मे सफल रहल। घटनाक सूचनाभेटिते हथौड़ी थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि जांच शुरू कए देलक। पुलिस घटना सं जुड़ल विभिन्न पहलू सभक छानबीन कए रहल अछि। स्थानीय लोक सभ क्षेत्र मे एहि तरहक घटनापर रोक लगयबाक लेल पुलिस गश्ती बढ़ेबाक मांग कयलनि।

एसडीएम कयलनि झंझारपुर सड़कक निरीक्षण

अंडरपासक गड्ढा आ जलजमाव दूर करबाक निर्देश

झंझारपुर, समदिया



अनुमंडल पदाधिकारी झंझारपुर बृहस्पति कें पथ निर्माण विभाग, पथ प्रमंडल झंझारपुरक सहायक अभियंता आ कनीय अभियंताक संग नगरक प्रमुख सड़क सभक निरीक्षण कयलनि। एहि दौरान विदेश्वर स्थान-झंझारपुर-राम चौक-मोहन पथ आ लंगड़ा चौक-अदलपुर-पिपरा घाट पथक स्थिति देखलनि। निरीक्षणक क्रम मे विदेश्वर स्थान-झंझारपुर-मोहन पथ पर कैथनिया गुमटी लग रेलवे अंडरपासक अप्रोच सड़क पर गड्ढा भेटल। एहि पर एसडीएम रेल विभाग कें पत्र लिखबाक निर्देश देलनि, जाहि सं गड्ढाक शीघ्र मरम्मत भएसकय आ आवागमन करयवला लोक कें परेशानी नहि हो। ओतहि, सड़क किनार किछु दोकानक आगू पानिजमल आ कीचड़ पसरल देखल गेल। एहि समस्या पर कारबाइ करबाक लेल नगर परिषद झंझारपुरक कार्यपालक पदाधिकारी कें पत्राचार करबाक निर्देश देल गेल। निरीक्षणक दौरान एसडीएम संबंधित अधिकारी सभ कें सड़कक स्थिति सुधारबाक लेल आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि।

यूको बैंक सं चारि करोड़क गहना लूटलक गिरिडीहक धनवार मे दिन-देखाड़ घटना

अपराधी बैंककर्मी आ ग्राहक सभ कें बनौलक बंधक

गिरिडीह,समदिया



गिरिडीहक धनवार स्थित यूको बैंक मे बृहस्पति दिन दिन-देखाड़ हथियारबंद अपराधीसभ पैघ डकैतीक घटना के अंजाम देलक।बाइक पर सवार भए पहुंचल करीब आधा दर्जन अपराधी हथियारक बल पर बैंककर्मी आ ग्राहकसभके बंधक बना लेलक। लॉकर मे राखल गहना सेहो लूटि लए गेल अपराधीएकर बाद अपराधी सभ बैंक मे राखल नकदीक संग ग्राहक सभ लग मौजूद रुपैया सेहो लूटि लेलक। ओतहि बैंकक लॉकर मे राखल गहना सेहो अपना संग लए गेल। शुरुआती जानकारीक अनुसार, घटना मे करीब 10 लाख रुपैया नकद, दू ग्राहक लगक नकदी आ लॉकर मे राखल लगभग चारि करोड़ रुपैयाक गहना लूटल गेल अछि।अपराधी हेलमेट आ मास्क लगा रखने छलहालांकि, लूटल गेल वास्तविक राशि आ गहनाक मूल्यक आधिकारिक आकलन एखन धरि नहि भए सकल अछि। बृहस्पति दिन दुपहरिया बाइक सवार अपराधी अनचोके यूको बैंक पहुंचलाह।एहि मे दू अपराधी हेलमेट पहिरने छल, जखनकि बाकी सभ अपन चेहरा पर मास्क लगा रखनेछल। बैंक मे प्रवेश करिते ओ सभ हथियारक बल पर कर्मचारी आ ओतय मौजूद ग्राहक सभ केंअपना कब्जा मे लए लेलक।अपराधी सभ लोक कें डरा-धमका कए बैंक मे राखल नकदी आ लॉकर मे जमा गहना अपनाकब्जा मे कए लेलक। वारदात कें अंजाम देलाक बाद सभ अपराधी ओतय सं फरार भए गेल। घटनाक जानकारी भेटिते स्थानीय पुलिस मौका पर पहुंचल आ बैंककर्मी आ ग्राहक सभ सं पूछताछ कए पूरा मामिलाक जानकारी लेलक ।पुलिस बैंक मे भेल डकैतीक जांच मे जुटि गेल अछि। घटनाक सूचना एसपी डॉ. बिमल कुमार केदेल गेल अछि। एसपी मामिला कें गंभीरता सं लैत खोरीमहुआ एसडीपीओ अमरेंद्र कुमार केत्वरित कारबाइ करबाक निर्देश देलनि।

प्रशासन फुटपाथ सं दोकान हटेबाक देलक नोटिस, दोकानदार सभक विरोध

पटाखाक दोकान छावनी फुटबॉल मैदान आ मूर्ति दोकान मंदिर परिसर मे लगयबाक निर्देश

रामगढ़,समदिया



रामगढ़ मे छावनी परिषद आ जिला प्रशासन सड़कक कात मे दोकान लगयवला फुटपाथीदोकानदार सभके नोटिस दए दोकान हटेबाक निर्देश देलक। दोकानदार सभ एकर विरोध कयलनिआ प्रशासनक विरुद्ध नारा लगौलनि। प्रशासनक अनुसार, पटाखाक दोकान छावनी फुटबॉल मैदान मे लगय पड़त। मूर्ति आ सजावटसंबंधी सामानक दोकान मंदिर परिसर मे लगयबाक लेल जगह निर्धारित कयल गेल अछि।सुभाष चौक लग सड़कक कात दोकान लगयबाक अनुमति नहि देल जाएत। दोकानदार सभ शुरू कयलनि विरोध प्रशासनक टीम जखन दोकान हटेबाक लेल पहुंचल तं दोकानदार सभ विरोध शुरू कए देलनि।हुनका सभक कहब छलनि जे ओ ब्याज पर रुपैया लए पटाखा खरीदने छथि। आब दोकान नहिलगा पेलनि तं हुनका सभके नोकसान होयत।पूर्व विधायक शंकर चौधरी सेहो दोकानदार सभक समर्थन मे पहुंचलाह। छावनी परिषद सड़कककात दोकान लगयवला सभके नोटिस देलक अछि। प्रशासन कहलनि जे दोकान नहि हटेबा परसामान जब्त कयल जाएत।रामगढ़क एसडीओ कृष्ण मुरारी तिर्की कहलनि जे सभ फुटपाथी दोकानदार सभके नोटिस देल जारहल अछि। ओ कहलनि जे दोकानदार सभ दोकान नहि हटौलनि तं काल्हि सं हुनका सभक सामान जब्त कयल जाएत।

बोकारो मे कोइलाक ढेर धंसल, 3 महिलाक मृत्यु, 5 गोटे गंभीर रूप सं घायल

सभ कथारा कोलियरी मे कोइला बिछय लेल स्टॉक यार्ड पहुंचल छल

बोकारो ,समदिया



बोकारोक सीसीएल कथारा क्षेत्रक कथारा कोलियरी मे बुधदिन देर रात कोइलाक ढेर धसि पड़ला सं 3 महिलाक मृत्यु भए गेल।एहि दुर्घटना मे 5 गोटे गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। घटना राति करीब 2 सं 2:30 बजेस्टॉक यार्ड मे भेल। कोइलाक ढेर खसला सं ओतय मौजूद 8 गोटे मलबा मे दबि गेलाह। मृतकआ घायल सभ बांध बस्ती के रहयवला बताओल जा रहल छथि।मृत महिलाक पहचान गुल्लू यादवक पत्नी पुष्पा देवी, विश्वनाथक पत्नी कौशल्या देवी आहीरालालक पत्नी सहोदरी देवीक रूप मे भेल अछि।घायल सभके पहिने स्थानीय स्तर पर इलाज देल गेल। एकर बाद नीक इलाज लेल बोकारोजनरल अस्पताल (बीजीएच) रेफर कयल गेल।स्थानीय ग्रामीण घरेलू उपयोग आ जारनि लेल कोइला चुनबाक लेल स्टॉक यार्ड पहुंचल छलाह।एही दौरान कोइलाक ढेर धसि पड़ल आ लोक सभ मलबा मे दबि गेलाह। घटनाक जानकारी भेटिते स्थानीय लोक मौका पर पहुंचलाह आ बचाव काज मे जुटि गेलाह। बादमे पुलिस, सीसीएल प्रबंधनक अधिकारी आ स्थानीय प्रशासनक टीम सेहो ओतय पहुंचल। लोकसभके मलबा सं निकालबाक लेल अभियान चलाओल गेल। राति 2 बजे स्टॉक यार्ड पहुंचबाक सवालएहि दुर्घटना सं कतेको सवाल सेहो उठल अछि। आखिर राति 2 बजे ग्रामीण स्टॉक यार्ड मे कोनापहुंचलाह? की ओतय बाहरी लोकक प्रवेश पर रोक आ निगरानीक व्यवस्था नहि छल? कोइलाक एतेक पैघ ढेर लग लोक सभ कोना पहुंचलाह? एतेक राति ओतय पहुंचबाक परिस्थिति के जांचजरूरी अछि। दुर्घटनाक शिकार सीसीएल कर्मचारी नहि छलाहप्रारंभिक जानकारीक अनुसार, दुर्घटनाक शिकार भेल लोक सीसीएलक कर्मचारी नहि, बल्किस्थानीय ग्रामीण छलाह। पुलिस आ प्रशासन मामिलाक जांच कए रहल अछि।दुर्घटनाक वास्तविक कारण आ स्टॉक यार्ड मे लोक सभक मौजूदगीक वजह जांचक बादे स्पष्ट भए सकत। एहि दुर्घटनाक बाद बांध बस्ती सहित पूरा कथारा क्षेत्र मे शोकक माहौल अछि।

धनतेरस लए लातेहारक बाजार सजल, झाड़ू-बर्तन सं लए सोना-चांदी धरि खरीदारीक तैयारी



लातेहार,समदिया

दीपावली कें लए जिलाक बाजार सजि कए तैयार भए गेल अछि। शुक्र दिन धनतेरसक पर्व मनाओल जाएत। एहि कें लए जिला मुख्यालय सं लए प्रखंड मुख्यालय धरि बाजार मे रौनकबढ़ि गेल अछि। व्यवसायी सभ अपन प्रतिष्ठानक साफ-सफाइ आ सजावट काज पूरा कए लेने छथि। शुक्रदिन सांझ दुकानदार सभ अपन प्रतिष्ठान मे पूजा-अर्चना करताह। एहि दौरान धनकदेवी माता लक्ष्मी आ भगवान गणेशक पूजा कयल जाएत।धनतेरस पर खरीदारी शुभ मानबाक परंपराक कारण मोटरसाइकिल आ इलेक्ट्रॉनिक सामानकदोकान सभ मे सेहो विशेष तैयारी कयल गेल अछि। ग्राहक सभ कें आकर्षित करबाक लेलदुकानदार सभ विभिन्न सामानक खरीदारी पर आकर्षक उपहार देबाक योजना बनेने छथि। धनतेरस पर घर मे सुख-समृद्धि कें लेल कतेको तरहक वस्तुक खरीदारी करबाक मान्यता अछि।एहि कारण बाजारक लगभग सभ दोकान मे झाड़ूक भरमार अछि। अलग-अलग दाम पर झाड़ूउपलब्ध अछि। एकर अतिरिक्त कौड़ी, नमक, हरदि आ धनिया सेहो खरीदल जाइत अछि। सोना-चांदीक गहना कें संग पीतल, तांबा आ स्टीलक बर्तन खरीदब सेहो शुभ मानल जाइत अछि। एहिकें देखैत दुकानदार सभ अपन दोकान मे विभिन्न तरहक सामान सजा कए रखने छथि।दीपावली कें लए जिला मुख्यालय मे पटाखाक कतेको दोकान सेहो सजि कए तैयार अछि। बाजारमे 20 रुपैया सं लए 500 रुपैया धरि के पटाखा उपलब्ध अछि। दुकानदार सभक कहब अछि जेएहि वर्ष बाजार मे कतेको नव तरहक पटाखा आएल अछि। ओतहि, रंगोली बनेबाक लेल अलग-अलग किस्मक रंग-बिरंग अबीर आ आन सामग्री सेहो उपलब्ध अछि।

साकची गुरुद्वारा मे नगरकीर्तनक होयत भव्य स्वागत

19 सं 23 नवंबर धरि निकलत पांच दिवसीय प्रभात फेरी

जमशेदपुर,समदिया



सिख धर्मक पहिल गुरु श्री गुरु नानक देव जी महाराजक 557म पावन प्रकाश पर्व केलए लौहनगरी मे तैयारी जोर-शोर सं चलि रहल अछि। एहि वर्ष सेहो साकची गुरुद्वारा साहिब मेनगरकीर्तनक ऐतिहासिक आ भव्य स्वागत कयल जाएत। नगरकीर्तन पहुंचला पर फूलक बरखाकयल जाएत। आकर्षक आतिशबाजी आ रंग-बिरंग रोशनी सं पूरा परिसर जगमगा उठत।गुरुद्वारा प्रबंधक कमेटी, साकचीक बैठक प्रधान निशान सिंहक अध्यक्षता मे भेल, जाहि मेतैयारीक रूपरेखा तय कयल गेल। प्रधान निशान सिंह बतौलनि जे 24 नवंबर के सोनारी गुरुद्वारा साहिब सं निकलयवला विशाल नगरकीर्तन जखन साकची क्षेत्र मे पहुंचत, तखन ओकर भव्य स्वागत शुरू होयत। ओ संगत सं अपील कयलनि जे 24 नवंबर के दुपहर 12 बजे सं 2 बजे धरि गुरु के अटूट लंगर बरताओलजाएत। एहि लेल सभ गोटे समयक विशेष ध्यान राखथि।महासचिव परमजीत सिंह काले जानकारी देलनि जे प्रकाश पर्वक अवसर पर 19 सं 23 नवंबरधरि पांच दिवसीय प्रभात फेरी निकालल जाएत। 22 नवंबर के गुरुद्वारा साहिब मे श्री अखंडपाठ साहिबक आरंभ होयत। एही दिन धार्मिक मर्यादाक संग निशान साहिबक चोला बदललजाएत।ट्रस्टी सतनाम सिंह सिद्धू बतौलनि जे 24 नवंबर के विशेष कीर्तन दरबार सजाओल जाएत,जाहि मे रागी जत्था गुरबाणीक कीर्तन सं संगत के निहाल करताह।बैठक मे स्त्री सत्संग सभाक अध्यक्ष बीबी जतिंदरपाल कौर, बीबी मनजीत कौर, बीबी चरण कौरआ कीर्तनी जत्थाक बीबी गुरमीत कौर, कमलजीत कौर आ रतन जीत कौर सेहो अपन विचार रखलनि। एहि अवसर पर सरदार रविंद्र सिंह, बलबीर सिंह, त्रिलोचन सिंह तोची, सुरजीत सिंह सीते,सतिंदर सिंह रोमी, बरयाम सिंह, अजायब सिंह, सुखविंदर सिंह निक्कू, राजबीर कौर, मनोहरसिंह मित्ता, नरेंद्र कौर, प्रीतपाल सिंह, जगजीत सिंह, गुरप्रीत सिंह, राजेंद्र सिंह, सन्नी सिंहबरियार, गुरबख्श सिंह बरियार, अमर पाल सिंह आ दलजीत सिंह उपस्थित छलाह।

होमगार्डक मुंशी 10 हजार रुपैया घूस लैत गिरफ्तार

पलामू मे ड्यूटीक कमान देबाक बदला जवान सं मांगने छलाह रुपैया

पलामू,समदिया



पलामू मे एसीबी होमगार्ड कार्यालयक मुंशी सकेंद्र उर्फ साकेश कुजूर के 10 हजार रुपैया घूस लैत गिरफ्तार कयलक। आरोप अछि जे ओ ड्यूटीक कमान देबाक बदला जवान सं रुपैयामांगने छल। एसीबीक अनुसार, एकटा होमगार्ड जवान ड्यूटीक कमान लेबाक लेल पलामू स्थित कार्यालयपहुंचल छलाह। ओतय हुनका मुंशी सकेंद्र आ तुलसी सं मिलेबाक लेल कहल गेल। दुनू गोटेकमान देबाक बदला 10 हजार रुपैया मांगलक आ कहलक जे ई साहबक आदेश अछि।जवान अपन साहब सं बात कयलनि तं ओहो कहलनि जे चारि महीना मे 1.20 लाख रुपैया भेटैत अछि, एहन स्थिति मे 10 हजार रुपैया देबा मे की दिक्कत अछि। घूस मांगला सं परेशान जवान पलामू स्थित एसीबी कार्यालय मे शिकायत दर्ज करौलनि।एसीबी शिकायत भेटलाक बाद आरोपक जांच कयलक। जांच मे सकेंद्र उर्फ साकेश कुजूर पर घूसमांगबाक आरोप सही पाओल गेल। एकर बाद प्राथमिकी दर्ज कए गिरफ्तारी लेल जाल बिछाओलगेल।दंडाधिकारी आ गवाह सभक मौजूदगी मे एसीबी बृहस्पतिदिन जवान सं 10 हजार रुपैया लैत मुंशी के गिरफ्तार कयलक। मामिला मे आगूक कारबाइ कयल जा रहल अछि।

पुलिस बैंक आ गहना दोकान सभक सुरक्षा व्यवस्था कयलक मजबूत



बोकारो ,समदिया

धनतेरस आ दीपावली पर्व के देखैत बोकारो पुलिस सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कए देने अछि। पर्वक दौरान बाजार मे बढ़यवला भीड़ आ सोना-चांदीक खरीदारी के देखैत पुलिस गहना दोकान आ बैंक सभक सुरक्षा जांच शुरू कए देने अछि।एहि क्रम मे चास थाना प्रभारी दिनेश सिंहक नेतृत्व मे पुलिस टीम चास चेकपोस्ट स्थित अलग-अलग गहना दोकान सभक निरीक्षण कयलक। एहि दौरान पुलिस अधिकारी दोकान सभ मेलागल सीसीटीवी कैमरा, अलार्म सिस्टमक कार्यशीलता आ सुरक्षा गार्डक उपलब्धताक जांचकयलनि। थाना प्रभारी दोकानदार सभके सुरक्षा संबंधी सभ जरूरी मानकक पालन करबाक निर्देश देलनि। संगहि दोकानक भीतर आ बाहर निगरानी व्यवस्था मजबूत रखबाक आ कोनो संदिग्ध व्यक्ति अथवा गतिविधिक जानकारी तुरंत पुलिस के देबाक अपील कयलनि।

डीसी देलनि सख्त निर्देश

गढ़वाक अस्पताल सभ मे आब डॉक्टर आ स्वास्थ्यकर्मी निर्धारित यूनिफॉर्म मे रहताह

गढ़वा,समदिया



जिलाक सरकारी अस्पताल सभ मे चिकित्सक आ स्वास्थ्यकर्मी आब निर्धारित यूनिफॉर्ममे ही ड्यूटी करताह। अस्पताल सभ मे अनुशासन, जवाबदेही आ रोगी सभके नीक चिकित्सासुविधा उपलब्ध करयबाक लेल प्रशासन सख्त रुख अपना लेने अछि। निर्धारित वेशभूषाक पालननहि करबाक, रोगी सभक इलाज मे लापरवाही बरतबाक आ साफ-सफाइ मे कोताही करबाक स्थिति मे कारबाइक चेतावनी देल गेल अछि।उपायुक्त पशुपति नाथ मिश्रा स्वास्थ्य केंद्र सभक कार्यसंस्कृति मे सुधार आनय पर जोर दैत प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी सभके चिकित्सक आ स्वास्थ्यकर्मी सभक लेल निर्धारित यूनिफॉर्म सुनिश्चित करयबाक निर्देश देलनि। ओ अस्पताल सभ मे साफ-सफाइक व्यवस्था दुरुस्त रखबाकआ रोगी सभक प्राथमिकताक आधार पर समुचित इलाज करबाक कहलनि। चिकित्सक सभकेमानवीय संवेदनाक संग अपन जिम्मेदारी निभयबाक निर्देश सेहो देलनि।स्वास्थ्य केंद्र सभक व्यवस्था मे सुधारक संग चिकित्सक, स्वास्थ्यकर्मी, सुरक्षा गार्ड आ एक्स-रेतकनीशियनक कमी के मुद्दा सेहो उठल अछि। अलग-अलग स्वास्थ्य केंद्र सभ मे खराब एंबुलेंसआ विद्युतीकरण सं जुड़ल समस्या सभक जानकारी सेहो प्रशासन के देल गेल अछि। एहिसमस्या सभक समाधान लेल उपायुक्त सिविल सर्जन के आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि।प्रशासनिक सख्तीक बाद आब अस्पताल सभ मे चिकित्सक आ स्वास्थ्यकर्मी सभक कार्यशैली, निर्धारित यूनिफॉर्मक पालन आ रोगी सभके भेटयवला सुविधा मे सुधार पर नजरि राखल जाएत। प्रशासन स्पष्ट कयने अछि जे अस्पताल सभ मे अनुशासन, स्वच्छता आ नीक इलाज सुनिश्चितकरब प्राथमिकता अछि।

झारखंड स्थापना दिवस पर लातेहार मे लागत विकास मेला, एकहि ठाम भेटत योजनाक जानकारी


लातेहार,समदिया



झारखंड राज्य स्थापना दिवसक अवसर पर 15 नवंबर कें आयोजित होमय बला समारोहक तैयारी कें लए उपायुक्त संदीप कुमारक अध्यक्षता मे समाहरणालय सभागार मे बैसार भेल। एहि मे समारोह कें सफल, भव्य आ गरिमापूर्ण बनेबाक लेल विभिन्न तैयारीक समीक्षा कयल गेल।बैसार मे कार्यक्रमक रूपरेखा, आयोजन स्थल पर व्यवस्था, साफ-सफाइ, सजावट, बिजली,पेयजल, विधि-व्यवस्था आ स्वास्थ्य सुविधाक संग आन जरूरी व्यवस्था सभ पर चर्चा भेल।स्थापना दिवसक अवसर पर 11 सं 15 नवंबर धरि जिलाक विभिन्न विद्यालय आ महाविद्यालय मे चित्रकला, कविता, भाषण आ आन सांस्कृतिक प्रतियोगिता आयोजित कयलजाएत। एकर अतिरिक्त सांस्कृतिक कार्यक्रम, रक्तदान शिविर, खेलकूद आ जन-जागरूकताकार्यक्रम सेहो आयोजित होयत।एहि अवसर पर जिलाक जनप्रतिनिधि आ पदाधिकारी कारगिल पार्क स्थित शहीद स्मारक परमाल्यार्पण करताह। ओतहि, जिलास्तरीय विकास मेला लगाओल जाएत। एहि मे विभिन्न विभागदिस सं स्टॉल लगा कए आम लोक कें सरकारक कल्याणकारी योजनाक जानकारी देल जाएत।उपायुक्त संदीप कुमार संबंधित पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे झारखंड राज्य स्थापनादिवस राज्यक गौरव, स्वाभिमान आ समृद्ध सांस्कृतिक विरासत सं जुड़ल महत्वपूर्ण अवसर अछि। तें सभ कार्यक्रमक आयोजन पूरा गरिमा आ नीक समन्वयक संग सुनिश्चित कयल जाए।बैसार मे पुलिस अधीक्षक कुमार गौरव, जिला परिषद अध्यक्ष पूनम देवी, अपर समाहर्ता सलमानजफर खिजरी, डीएलओ प्रभात कुमार, उप निर्वाचन पदाधिकारी मेरी मड़की, एसडीओ दिनेशकुमार, नगर पंचायत अध्यक्ष महेश सिंह, उपाध्यक्ष संतोष रंजन समेत जिलास्तरक कतेकोपदाधिकारी उपस्थित छलाह। घर सभ कें सजाबय लेल झालर, माला, फूल आ सजावट कें कतेको तरहक सामान बाजार मेबिकाइत अछि। हालांकि, दुकानदार सभक कहब अछि जे पिछला वर्षक तुलना मे एहि बेर अधिकांश सामानक दाम बढ़ि गेल अछि।

बिहारशरीफक 2047 धरिक मास्टर प्लान तैयार भए रहल, शहरक 51 वार्ड आ 28 गाम होयत शामिल

नालंदा, समदिया



बिहार सरकारक नगर विकास आ आवास विभागक दिस सं विकसित बिहार, विकसित भारत विजनक अंतर्गत बिहारशरीफक जीआईएस आधारित मास्टर प्लान-2047 तैयार कयल जा रहल अछि। केंद्र प्रायोजित अमृत मिशनक अंतर्गत बनाओल जा रहल एहि योजनाक उद्देश्य शहरक दीघर्कालीन, संतुलित आ पर्यावरण अनुकूल विकास करब अछि। परामशी संस्था डीडीएफ कंसल्टेंट्स प्राइवेट लिमिटेड तकनीकी आकलन मे शहरक भौगोलिक स्थिति, ऐतिहासिक पृष्ठभूमि, बढ़ैत आबादी आ बुनियादी सुविधा सं जुड़ल चुनौती सभक विश्लेषण कयने अछि। योजना के लए अलग-अलग हितधारक सभक संग विचार-विमर्श सेहो शुरू भए गेल अछि।

83.81 वर्ग किलोमीटर क्षेत्र मे 64 मौजाक होयत नियोजित विकास

दिसंबर 2020 केर आधिकारिक अधिसूचना के अनुसार, मास्टर प्लानक कुल आयोजना क्षेत्र 83.81 वर्ग किलोमीटर होयत। ई नालंदा जिलाक कुल 2,355 वर्ग किलोमीटर क्षेत्रफल के करीब 3.55 प्रतिशत अछि।

एहि मे बिहारशरीफ नगर निगमक 40.36 वर्ग किलोमीटर मे पसरल सभ 51 वार्ड शामिल अछि। एकर अतिरिक्त बिहारशरीफ, नूरसराय आ रहुई प्रखंडक 43.45 वर्ग किलोमीटर क्षेत्र मे बसल 28 ग्रामीण गाम सेहो योजनाक हिस्सा होयत। नगर निगम सीमाक 36 मौजा आ बाहरक 28 ग्रामीण मौजा मिला कए कुल 64 राजस्व गामक विकासक खाका तैयार कयल जा रहल अछि। एहि मे मोरातालाब, मंडाछ, तुंगी, लखरावां, दोइया आ उपरनवां प्रमुख अछि।

सात चरण मे तैयार भए रहल मास्टर प्लान

एहि परियोजना के सात चरण मे बांटल गेल अछि। शुरुआती चारि चरणक काज पूरा भए चुकल अछि। एहि मे इनसेप्शन रिपोर्ट, स्थानिक आंकड़ा आ बेस मैपक सत्यापन, आंकड़ा विश्लेषण रिपोर्ट आ भविष्यक जरूरत आ समस्या सभक पहचान शामिल अछि। फिलहाल पांचम चरण यानी ड्राफ्ट प्रस्ताव पर काज चलि रहल अछि। एकर बाद मास्टर प्लानक मसौदा तैयार होयत आ आखरी चरण मे सरकार सं औपचारिक वैधानिक अनुमोदन लेबाक प्रक्रिया पूरा कयल जाएत।

पाल साम्राज्य सं नगर निगम धरि के यात्रा

बिहारशरीफक ऐतिहासिक संबंध आठम सं बारहम शताब्दी धरि पाल साम्राज्य सं रहल अछि। ओहि समय ई क्षेत्र बौद्ध धर्म, ओदंतपुरी आ प्राचीन नालंदा विश्वविद्यालयक संरक्षणक प्रमुख केंद्र छल। बाद मे दिल्ली सल्तनतक समय सूफी संत सैयद इब्राहिम मलिक बयाक प्रभाव सं एहि नगर के बिहारशरीफक रूप मे नव सांस्कृतिक पहचान भेटल। प्रशासनिक रूप सं 1972 मे एकरा नालंदा जिलाक मुख्यालय बनाओल गेल। एकर बाद 2002 मे नगर परिषद आ 2007 मे नगर निगमक दर्जा भेटल।

राजमार्ग आ प्रस्तावित राजगीर हवाई अड्डा सं बढ़त संपर्क सुविधा

बिहारशरीफ बख्तियारपुर-तिलैया रेलखंडक माध्यम सं दिल्ली-कोलकाता मुख्य रेललाइन सं जुड़ल अछि। सड़क मार्ग सं सेहो शहर के एनएच-20, एनएच-120, एनएच-33 आ एनएच-82 बाइपासक माध्यम सं पटना, राजगीर, गया, नवादा, रांची आ पड़ोसी राज्य सभ सं संपर्क भेटैत अछि। फिलहाल हवाई यात्रा लेल पटना आ गया हवाई अड्डा पर निर्भर रहय पड़ैत अछि। शहर सं करीब 22 किलोमीटर दूर प्रस्तावित राजगीर हवाई अड्डा शुरू होयला पर पर्यटन, शिक्षा आ व्यापार के बढ़ावा भेटबाक संभावना जताओल गेल अछि।

कृषि मंत्री विजय सिन्हा विष्णुपद मंदिर मे कयलनि पूजा-अर्चना

बिहारवासीक सुख-समृद्धि लेल कयलनि प्रार्थना



कहलनि- गयाजी आबि भगवान विष्णुक दर्शन केने बिना लौटब संभव नहि

गयाजी, समदिया

बिहारक कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा बृहस्पतिदिन गयाजी पहुंचलाह। ओ विष्णुपद मंदिर मे भगवान विष्णुक पूजा-अचर्ना कयलनि। एहि दौरान राज्य आ देशवासी सभक सुख-समृद्धि, शांति आ प्रगति लेल प्राथर्ना कयलनि।

पूजा-अचर्नाक बाद विजय सिन्हा कहलनि जे गयाजी आबि भगवान विष्णुक दर्शन केने बिना लौटब संभव नहि अछि। भगवान विष्णुक चरण मे माथ झुका कए ओ बिहार आ देशक लोक सभक सुख, शांति आ समृद्धि लेल आशीर्वाद मंगला।

पूजा-अचर्नाक बाद एनडीए पदयात्रा मे भेलाह शामिल

विष्णुपद मंदिर मे पूजा-अचर्ना कयलाक बाद कृषि मंत्री गांधी मैदान लेल रवाना भेलाह। ओतय एनडीए गठबंधनक दिस सं आयोजित 'लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ' पदयात्रा मे शामिल भेलाह। धार्मिक कार्यक्रमक बाद हुनकर राजनीतिक कार्यक्रम मे शामिल होयब सेहो चर्चाक विषय रहल।

रोज हजारो श्रद्धालु पहुंचैत छथि मंदिर

विष्णुपद मंदिर गयाजीक पहचान आ धार्मिक आस्थाक प्रमुख केंद्र अछि। एतय प्रतिदिन पैघ संख्या मे श्रद्धालु भगवान विष्णुक दर्शन आ पिंडदान लेल पहुंचैत छथि। एहि क्रम मे कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा सेहो मंदिर मे पूजा-अचर्ना कए बिहारक उन्नति आ देशवासी सभक खुशहाली लेल भगवान सं आशीर्वाद मंगला।

पश्चिम चंपारणक आधिकारिक लोगो बनत 9 नवंबर धरि जमा कए सकैत छी डिजाइन



बेतिया, समदिया

आब पश्चिम चंपारण जिलाक अपन अलग पहचान होयत। जिला प्रशासन 54म स्थापना दिवस पर पश्चिम चंपारण लेल आधिकारिक लोगो विकसित करबाक निर्णय लेने अछि। एहि लेल लोगो डिजाइन प्रतियोगिताक आयोजन कयल जा रहल अछि। प्रतियोगिताक माध्यम सं जिलाक ऐतिहासिक, सांस्कृतिक, प्राकृतिक आ विशिष्ट पहचान देखबैत रचनात्मक लोगो चुनल जाएत। लोगो एहन होयबाक चाही, जाहि मे जिलाक विशेषता आ पहचान स्पष्ट रूप सं देखाइत भए। प्रतियोगिता मे भाग लेबाक लेल उम्र आ शैक्षणिक योग्यताक कोनो बाध्यता नहि राखल गेल अछि। कोनो इच्छुक व्यक्ति एहि मे भाग लए सकैत छथि।

डिजाइन कएल गेल लोगो 9 नवंबर धरि जिला सूचना आ जनसंपर्क कार्यालय मे जमा करबाक होयत। ई-मेल आईडी पर सेहो लोगो के हार्ड कॉपी आ सॉफ्ट कॉपी दुनू पठाओल जा सकैत अछि। दुनू प्रति जमा करब अनिवार्य कयल गेल अछि।

प्राप्त प्रविष्टि सभ मे सं उच्चस्तरीय समिति लोगो के चयन करत। समितिक निर्णय आखरी होयत। चयनित लोगो के अनावरण 12 नवंबर के जिला स्थापना दिवस समारोह मे जिलाधिकारी करताह। चयनित लोगो के रचनाकार के स्थापना दिवस समारोह मे पुरस्कृत आ सम्मानित कयल जाएत।

जिला प्रशासन जिलावासी सभ सं अपील कयने अछि जे ओ अपन रचनात्मकता के माध्यम सं पश्चिम चंपारणक पहचान के नव रूप देबाक प्रयास करथि।

नवादाक विद्यालय मे छठिक भव्य झांकी, बच्चा सभ सूर्य कें अर्घ्य देबाक दृश्य कयलनि प्रस्तुत

नवादा, समदिया



नवादा सदर प्रखंडक ओरैना पंचायत स्थित उत्क्रमित मध्य विद्यालय, भरौसा मे बुधदिन छठि महापर्व पर आधारित भव्य झांकी आ सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। नव पीढ़ी के छठिक धार्मिक महत्ता आ बिहारक समृद्ध लोक संस्कृति सं जोड़बाक उद्देश्य सं आयोजित एहि कार्यक्रम मे विद्यालय परिसर छठी मइया के पारंपरिक गीत आ सूर्योपासनाक दृश्य सभ सं भक्तिमय भए उठल। कार्यक्रम मे छात्र-छात्रा सभ पारंपरिक वेशभूषा धारण कए छठि महापर्वक अलग-अलग धार्मिक परंपरा सभके आकर्षक ढंग सं प्रस्तुत कयलनि। सूप, दउरा, ठेकुआ आ मौसमी फल सभ सं सजल प्रसादक संग भगवान सूर्य के अर्घ्य देबाक आ छठी मइयाक आराधना करबाक दृश्य देखाओल गेल। बच्चा सभक प्रस्तुति उपस्थित लोक सभक मन मोह लेलक।

छठि गीतक माध्यम सं लोक आस्थाक संदेश

बच्चा सभ पारंपरिक गीत आ सामूहिक प्रस्तुति सभक माध्यम सं लोक आस्था, पारिवारिक एकता आ सामाजिक सद्भावक संदेश देलनि। कार्यक्रमक दौरान छठिक परंपरा आ सांस्कृतिक महत्व के जीवंत रूप मे प्रस्तुत कयल गेल।

संस्कृति आ संस्कार सं जोड़ब जरूरी

प्रधानाध्यापक सुजीत कुमारक नेतृत्व आ मार्गदर्शन मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे ओ कहलनि जे शिक्षाक उद्देश्य मात्र किताबी ज्ञान देब नहि, बल्कि बच्चा सभके अपन संस्कृति, संस्कार आ सामाजिक मूल्य सभ सं जोड़ब सेहो अछि। एहन आयोजन बच्चा सभ मे सांस्कृतिक विरासत के प्रति सम्मान बढ़बैत अछि आ हुनका सभके परंपरा आगू बढ़ेबाक लेल प्रेरित करैत अछि।

विद्यार्थी आ शिक्षक सभ लेलनि हिस्सा

कार्यक्रम मे निशा कुमारी, आराध्या कुमारी शर्मा, नेहा, संजना, स्वीटी, प्रीति, कुमकुम, करिश्मा, काजल, राखी, अंशु, प्रिन्सी, सोनाली, निहारिका, संगम, स्मिता, रूपा, रानी, आसमा, सुहानी, अनुष्का आ नरेंद्र कुमार सहित अन्य विद्यार्थी सभ भाग लेलनि। एहि अवसर पर शिक्षक सूयर्भूषण प्रसाद, संजीव कुमार, कुणाल, मो. वशी, सुनीता कुमारी, बबली कुमारी, सुधा कुमारी, सोनी कुमारी आ मंजू कुमारी उपस्थित छलाह। स्वच्छता पयर्वेक्षक प्रेम कुमार शर्मा छठि घाट के साफ-सफाइ सुनिश्चित करबा मे सहयोग कयलनि।

जहानाबादक संगम घाट पर गंगा उत्सव-2026 आयोजित



जहानाबाद, समदिया

गंगा दिवस पर मंगलदिन जहानाबादक यमुना-दरधा रिवर फ्रंट स्थित संगम घाट पर गंगा उत्सव-2026 आयोजित कयल गेल। नमामि गंगे कार्यक्रमक अंतर्गत आयोजित एहि उत्सव मे सांस्कृतिक प्रस्तुति सभक माध्यम सं नदी संरक्षण, स्वच्छता आ पर्यावरण जागरूकताक संदेश देल गेल। कार्यक्रम मे पैघ संख्या मे स्थानीय लोक शामिल भेलाह।

जिला पदाधिकारी आ जिला गंगा समितिक अध्यक्ष छिरिङ वाई भूटियाक निर्देश पर एहि कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। उत्सव मे एनबी किड्सक बच्चा सभ ह्यगंगा मांह्न विषय पर प्रस्तुति देलनि। शाहिदा फातिमा आ अर्पिता परमार गंगा सं जुड़ल एकल नृत्य प्रस्तुत कयलनि।

गंगा अवतरण पर नृत्य-नाटिकाक प्रस्तुति

पटना के खगौल स्थित मंथन कला परिषदक कलाकार सभ गंगा अवतरण पर नृत्य-नाटिका प्रस्तुत कयलनि। कलाकार सभ नुक्कड़ नाटकक माध्यम सं नदी प्रदूषण रोकबाक, घाट सभक सफाइ आ पर्यावरण संरक्षणक संबंध मे लोक सभके जागरूक कयलनि। एहि अवसर पर छिरिङ वाई भूटिया कहलनि जे नदी सभ सांस्कृतिक विरासत आ जीवनक अभिन्न हिस्सा अछि। नदी सभक संरक्षण प्रशासनक संग समाजक प्रत्येक नागरिकक जिम्मेदारी अछि।

विविध

मधुमेह रोगी अपन विटामिन डी, बी 12 आ बी1क स्तर पर किएक देथि ध्यान?



विटामिन शरीरक कतेको जरूरी काम, जेना चयापचय आ नस सभक स्वास्थ्य लेल आवश्यक अछि। विटामिन डी, बी12 आ बी1 के चर्चा अक्सर रक्त शर्करी के नियंत्रित रखबाक संदर्भ मे होइत अछि। खास कए मधुमेह आ प्री-डायबिटीज सं पीड़ित लोक सभक लेल ई विटामिन महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि। मुदा की वास्तव मे ई विटामिन ग्लूकोज के स्तर नियंत्रित करय मे मदति कए सकैत अछि?

मुंबई सेंट्रल स्थित वॉकहार्ट अस्पतालक इंटरनल मेडिसिन विभागक सलाहकार डॉ. रितुजा उगलमुगले बतबैत छथि जे ई विटामिन अलग-अलग तरीका सं चयापचय स्वास्थ्य के नीक बनबैत अछि, मुदा एहि मे सं कोनो विटामिन सीधे रक्त शर्करी नियंत्रित नहि करैत अछि आ नहिये मधुमेहक लेल निर्धारित दवाइ के विकल्प बनि सकैत अछि।

महत्वपूर्ण सलाहः ई लेख सार्वजनिक रूप सं उपलब्ध जानकारी आ विशेषज्ञ सभ सं भेल बातचीत पर आधारित अछि। कोनो नव दिनचर्या वा उपचार शुरू करबाक पहिने अपन चिकित्सक सं सलाह अवश्य लिअ।

विटामिन डीः इंसुलिनक कार्यक्षमता लेल महत्वपूर्ण

विटामिन डी इंसुलिनक प्रति शरीरक संवेदनशीलता आ अग्न्याशयक बीटा कोशिका सभक कार्यप्रणाली के प्रभावित कए सकैत अछि। एहि कोशिका सभक काज इंसुलिन बनायब अछि। विटामिन डी के कम स्तर के इंसुलिन प्रतिरोध सं जोड़ि कए देखल गेल अछि। हालांकि, एहि आधार पर ई साबित नहि होइत अछि जे विटामिन डी के सप्लीमेंट लेला सं मधुमेह रोकल जा सकैत अछि। डॉ. उगलमुगले कहैत छथि, विटामिन डी चयापचय स्वास्थ्य लेल महत्वपूर्ण अछि, मुदा एहि विटामिनक कमी भेलाक अर्थ ई नहि जे व्यक्ति कें मधुमेह भेबे करत।

विटामिन डी के कमी सं हड्डी मे दर्द, मांसपेशी सभ मे कमजोरी आ थकान भए सकैत अछि। खून मे एकर स्तर जांचबाक लेल सीरम 25-हाइड्रॉक्सी विटामिन डी जांच कराओल जा सकैत अछि।

सूर्यक रौद शरीर मे विटामिन डी बनेबाक प्रक्रिया मे मदति करैत अछि। एकर खानपान संबंधी स्रोत मे विटामिन डी युक्त दूध आ अन्य खाद्य पदार्थ, अंडाक पीयर भाग आ वसायुक्त माछ शामिल अछि।

विटामिन बी12: नस आ लाल रक्त कोशिका लेल जरूरी

नस सभक कार्य आ लाल रक्त कोशिका बनेबाक लेल विटामिन बी12 बहुत जरूरी अछि। एहि विटामिनक कमी सं कमजोरी, थकान, एनीमिया आ हाथ-पएर मे झुनझुनी वा सुन्न होयबाक समस्या भए सकैत अछि।

मेटफॉर्मिन दवाइ लेनिहार मधुमेह रोगी सभ मे विटामिन बी12 के कमी होयबाक आशंका बेसी रहैत अछि। खास कए एहि दवाइ के लंबे समय तक सेवन करय बला लोक सभ मे ई समस्या देखल जा सकैत अछि।

डॉ. उगलमुगले बतबैत छथि, विटामिन बी12 नस सभक स्वास्थ्य लेल महत्वपूर्ण अछि। खास कए ओहि मधुमेह रोगी सभ लेल जे मेटफॉर्मिन दवाइ लैत छथि। विटामिन बी12 के कमीक पहचान करबाक लेल सीरम विटामिन बी12 जांचक संग कंप्लीट ब्लड काउंट (सीबीसी) जांच कराओल जा सकैत अछि। एकर खानपान संबंधी स्रोत मे दूध, दही, अंडा, माछ आ मांस शामिल अछि। शाकाहारी लोक विटामिन बी12 युक्त खाद्य पदार्थक विकल्प चुनि सकैत छथि।

व्यायाम आ रक्त शर्करा: एकर असरि कतेक समय धरि रहैत अछि आ कहिया घटय लागैत अछि



व्यायाम रक्त शर्करी नियंत्रित करबाक प्रभावी उपाय सभ मे एक अछि। भोजनक बाद तेज चालि सं टहलनाइ, नियमित शक्ति प्रशिक्षण आ एरोबिक व्यायाम मांसपेशी सभके ग्लूकोजक उपयोग नीक ढंग सं करबा मे मदति करैत अछि। एकरा सं इंसुलिन संवेदनशीलता सेहो बढ़ैत अछि। मुदा प्रश्न ई अछि जे व्यायाम बंद कयला पर एकर लाभ कतेक समय तक बनल रहैत अछि।

आहार विशेषज्ञ आ मधुमेह शिक्षिका कनिका मल्होत्राक अनुसार, व्यायामक एकटा सत्र लगभग 24-48 घंटा तक इंसुलिन संवेदनशीलता मे सुधार कए सकैत अछि। व्यायाम करबाक समय मांसपेशी सभ इंसुलिन पर निर्भर रहितो रक्तप्रवाह सं ग्लूकोज ग्रहण करैत अछि। एहि प्रक्रिया सं शरीर मे ग्लाइकोजनक भंडार फेर सं भरबाक तैयारी सेहो होइत अछि।

मल्होत्रा कहैत छथि जे तेज चालि सं टहलनाइ, साइकिल चलाएब आ तैरनाइ जेकां एरोबिक व्यायाम लगभग 24 घंटा तक इंसुलिन संवेदनशीलता बढ़ौने रखैत अछि। ओतहि शक्ति प्रशिक्षणक लाभ 24-48 घंटा तक रहि सकैत अछि, किएक तं मांसपेशी सभक मरम्मत आ स्वस्थ होयबाक प्रक्रिया मे ग्लूकोजक उपयोग होइत रहैत अछि। उच्च तीव्रता विराम प्रशिक्षण (एचआईआईटी) इंसुलिनक प्रभावशीलता मे तेजी सं सुधार करैत अछि। विशेषज्ञक कहब अछि जे एक दिन व्यायाम छोड़ला पर सामान्यतः बेसी चिंता करबाक जरूरत नहि अछि। नियमित प्रशिक्षण सं मांसपेशी मे भेल बदलाव कतेको दिन तक बनल रहैत अछि। लगातार दू दिन आराम करब सेहो अधिकांश स्वस्थ लोकक लेल सुरक्षित अछि। मुदा 72 घंटा यानी तीन दिन तक निष्क्रिय रहला पर इंसुलिन संवेदनशीलता घटय लगैत अछि। 5-7 दिन तक व्यायाम नहि कयला पर शरीरक ग्लूकोज ग्रहण करबाक क्षमता मे कमी देखल जा सकैत अछि।

इंसुलिन प्रतिरोध आ टाइप-2 मधुमेह सं पीड़ित लोक सभ मे ई गिरावट बेसी तेजी सं भए सकैत अछि। एक-दू सप्ताह तक निष्क्रिय रहला पर रक्त शर्करी आ एचबीए1सी स्तर बढ़य लगैत अछि।

विशेषज्ञक सलाह अछि जे सप्ताहक अधिकांश दिन व्यायाम करबाक चाही। कम सं कम 150 मिनट मध्यम तीव्रताक एरोबिक गतिविधि, सप्ताह मे 2-3 बेर शक्ति प्रशिक्षण आ भोजनक बाद छोट टहलनाइ रक्त शर्करी नियंत्रित रखबा मे मददगार भए सकैत अछि। बीच-बीच मे आराम जरूरी अछि, मुदा लगातार बेसी दिन निष्क्रिय रहब उचित नहि।

ई एकटा पैघ तबाही अछि, मध्यावधि चुनाव मे हारि लेल रिपब्लिकन नेता सभ ट्रंप कें ठहरौलनि जिम्मेदार







वाशिंगटन, समदिया

मध्यावधि चुनाव मे अप्रत्याशित हारिक बाद रिपब्लिकन पार्टीक भीतर मंगलदिन राति (स्थानीय समय) पहिने देखल गेल आश्चर्य जल्दिए अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक विरुद्ध आक्रोश मे बदलि गेल। टेक्सस, कंसास आ साउथ कैरोलाइना सन राज्य सभ मे सेहो डेमोक्रेटिक पार्टी एक केर बाद एक अप्रत्याशित जीत दर्ज कयलक, जाहि राज्य सभ कें रिपब्लिकन पार्टीक मजबूत गढ़ मानल जाइत रहल अछि। एहि परिणामक बाद पार्टीक कतेको नेता हार लेल ट्रंप कें जिम्मेदार ठहरौलनि। हुनका सभक कहब छलनि जे ट्रंप मतदाता सभक चिंता अनदेखी कए अपन राजनीतिक विरासत बनेबाक प्रयास मे लागल रहलाह। एकर कीमत पार्टी कें चुकाबय पड़ल। टेक्ससक वरिष्ठ रिपब्लिकन लॉबिस्ट बिल मिलर बीबीसी सं कहलनि जे एकर जिम्मेदारी हुनके अछि, आन केओ नहि। ई राष्ट्रपति ट्रंप कें स्पष्ट रूप सं नकारबाक परिणाम अछि। ई बहुत पैघ स्तरक तबाही अछि। केओ सोचने नहि छल जे परिणाम एहन होयत। अधिकांश रिपब्लिकन नेता सभ कें पहिने सं आशंका छलनि जे प्रतिनिधि सभा (हाउस ऑफ रिप्रेजेंटेटिव्स) मे पार्टी अपन बहुमत गमा सकैत अछि। हुनका सभ कें ईहो अनुमान छलनि जे कठिन चुनावी परिस्थिति मे सीनेट मे बहुमत बचेनाइ चुनौतीपूर्ण होयत। सामान्यतः एहन चुनाव मे सत्तारूढ़ दलक विरोधी पार्टी कें लाभ भेटैत अछि। मुदा किछु रिपब्लिकन नेता सभक कहब छलनि जे ट्रंपक अलोकप्रिय नीति, हुनकर कम स्वीकृति दर आ वाशिंगटन मे निर्माण परियोजना सभ प्रति हुनकर अत्यधिक लगाव पार्टीक कठिनाइ बढ़ा देलक। मिनेसोटाक रिपब्लिकन रणनीतिकार ग्रेग पेपिन कहलनि जे लगातार एक के बाद एक गलती होइत रहल। स्पष्ट अछि जे अलग-अलग राज्यक मतदाता सभ कें राष्ट्रपति की नीति पसिन नहि पड़लनि। व्हाइट हाउसक एक सहयोगी कहलनि जे ईरान युद्ध, आयात शुल्क आ प्रशासनक कठोर आप्रवासन नीति कें लए' ट्रंपक प्रति लोकक नाराजगी नवंबर मे पार्टीक कठिनाइ आओर बढ़ा देत। हुनकर कहब छलनि जे पार्टीक भीतर एहि बात कें लए' स्पष्ट नाराजगी अछि जे ई सभ कोना भेल। एहि आक्रोशक पैघ हिस्सा ट्रंपक विरुद्ध अछि आ हुनका लए' असंतोष बहुत बेसी अछि। मीडिया पार्टीक करीब एक दर्जन नेता, चुनाव अभियान सं जुड़ल अधिकारी, व्हाइट हाउसक सहयोगी आ आन लोक सभ सं बातचीत कयलक। एहि मे कतेको लोक अपन पहचान गुप्त रखबाक शर्त पर ट्रंपक चुनावी रणनीतिक बेबाक समीक्षा कयलनि। एहि परिणाम पर ट्रंप आ रिपब्लिकन पार्टी दुनूक बहुत किछु दांव पर लागल छल। जं राष्ट्रपति समर्थित पार्टी नीक प्रदर्शन करैत, जेना 2022 मे भेल छल, तं 2028 केर राष्ट्रपति चुनाव सं पहिने ओकरा राजनीतिक बढ़त भेटि सकैत छल। 2022 मे तत्कालीन राष्ट्रपति जो बाइडेनक डेमोक्रेटिक पार्टी प्रतिनिधि सभा मे मात्र 9 सीट गमौने छल आ सीनेट मे एकटा सीट बढ़ौने छल। मुदा आब ट्रंप कें संसद मे डेमोक्रेटिक पार्टीक एहन बहुमतक सामना करय पड़त, जे प्रशासनक जांच करबाक, हुनकर न्यायिक नियुक्ति रोकबाक आ सरकारक आन एजेंडा मे बाधा उत्पन्न करबाक लेल तैयार अछि। मध्यावधि चुनावक परिणाम ट्रंपक दोसर कार्यकाल मे अनिश्चितताक एकटा नव दौर शुरू कए देने अछि। एहि परिणामक बाद रिपब्लिकन पार्टी कें ट्रंपक बाद अपन राजनीतिक भविष्य पर सेहो विचार करय पड़ि सकैत अछि। आयोवाक रिपब्लिकन नेता स्टीव शेफलर चुनाव सं एक दिन पहिने कहलनि जे हुनका नहि लगैत अछि जे ट्रंपक प्रभाव कम भए रहल अछि। हालांकि, हुनकर मानब छलनि जे मध्यावधि चुनावक संदर्भ मे किछु एहन बात छल, जाहि पर ट्रंप कें दोसर ढंग सं बाजबाक चाही छलनि। चुनावक राति ट्रंप अधिकांश समय चुप रहलाह। प्रतिनिधि सभा आ सीनेट दुनू मे डेमोक्रेटिक पार्टीक जीत घोषित भेलाक बाद ओ अपन सोशल मीडिया मंच ट्रुथ सोशल पर लिखलनि, हम चुनावी मैदान मे नहि छलहुं। जं हम रहितहुं तं हम भारी बहुमत सं जीततहुं। बाद मे न्यूयॉर्क टाइम्स आ फॉक्स न्यूज कें देल गेल साक्षात्कार मे ओ चुनाव परिणाम स्वीकार करबाक बात कहलनि। ट्रंप मानलनि जे परिणाम हुनका किछु आश्चर्यचकित कयलक, मुदा हुनकर कहब छलनि जे सामान्यतः मध्यावधि चुनाव मे राष्ट्रपति समर्थित पार्टीक प्रदर्शन खराब रहैत अछि। 1934 के बाद एखन धरि मात्र तीन बेर एहन भेल अछि, जखन व्हाइट हाउस मे राष्ट्रपति रहल दल मध्यावधि चुनाव मे अपन सीट बढ़ाबय मे सफल भेल। 2026 मे डेमोक्रेटिक पार्टीक बढ़त भले कोनो कीर्तिमान नहि बनौलक, मुदा पार्टी प्रतिनिधि सभा, राज्यपाल पद आ सीनेट सहित दर्जनों महत्वपूर्ण सीट पर जीत दर्ज कयलक। एहि मे ओ राज्य सेहो शामिल छल, जतय पार्टी कतेको दशक सं चुनावी प्रतिस्पर्धा मे नहि छल। कंसास मे 1932 के बाद डेमोक्रेटिक पार्टी सीनेट कें कोनो सीट नहि जीतने छल। ओतहि टेक्सस मे तीन दशक सं बेसी समय सं पार्टी कें राज्यव्यापी चुनाव मे जीत नहि भेटल छल। साउथ कैरोलाइना सन पारंपरिक रिपब्लिकन गढ़ मे सेहो डेमोक्रेटिक पार्टी अप्रत्याशित सफलता पओलक। मध्यावधि चुनाव सं पहिने ट्रंप आ उपराष्ट्रपति जेडी वेंस दर्जनों चुनावी सभा कयने छलाह। ट्रंपक निकट सहयोगी सभक नेतृत्व बला मुख्य सुपर पीएसी ह्यमैगा इंकए रिपब्लिकन उम्मीदवार सभक समर्थन मे करोड़ो डॉलर खर्च कयने छल। मुदा ट्रंपक सहयोगी सभ हार लेल हुनका जिम्मेदार मानबाक विरोध कयलनि। हुनका सभक तर्क छलनि जे मध्यावधि चुनावक पुरान रुझान आ जॉर्जिया, मिशिगन आ टेक्सस सन राज्य मे कमजोर उम्मीदवार सेहो हारक कारण बनलाह।

आश्चर्य जल्दिए अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक विरुद्ध आक्रोश मे बदलि गेल

पाकिस्तानी कब्जा बला कश्मीर मे सेनाक कहर

ड्रोन आ गोली सं हमला, 3 लोकक मृत्यु, 18 घायल

रावलकोट, एजेंसी

पाकिस्तानक अवैध कब्जा बला जम्मू-कश्मीर (पीओके) मे एक बेर फेर स्थिति बिगड़ि गेल अछि। रावलकोट शहर मे पाकिस्तानी सेना आ स्थानीय लोक सभक बीच हिंसक टकरावक खबरि सोझां आयल अछि। आरोप अछि जे सेनाक जवान आम नागरिकक घर सभ कें निशाना बनेबाक लेल ड्रोनक उपयोग कयलनि। एतबे नहि, अंधाधुंध गोलीबारी सेहो कयल गेल। एहि हिंसा मे एखन धरि 3 लोकक मृत्यु आ 18 लोकक घायल होयबाक खबरि अछि।

सोशल मीडिया पर प्रसारित वीडियो सभक अनुसार, बृहस्पति भोर करीब 5 बजे रावलकोटक उमर फारूक चौक आ आसपासक इलाका मे गोलीबारी शुरू भेल। ओहि समय प्रदर्शनकारी आ आम लोक सड़क पर मौजूद छलाह। आरोप अछि जे एही दौरान सेनाक जवान सभ हुनका सभ पर गोली चलाबय लगलाह। कतेको स्थान पर ड्रोन हमला सेहो कयल गेल। एहि हमलाक बाद कतेको घर मे आगि लागि गेल।



पाकिस्तानी सेना पर गंभीर आरोप

प्रदर्शनकारी सभक आरोप अछि जे सेनाक जवान जानि-बुझि आम नागरिक, महिला आ बच्चा सभ कें निशाना बनौलनि। हुनका सभक कहब अछि जे ओ लोकनि मात्र अपन अधिकारक मांग क' रहल छलाह, मुदा बदला मे हुनका सभ कें हिंसाक सामना करय पड़ल। प्रदर्शनकारी सभ स्पष्ट कयलनि जे ओ कोनो परिस्थिति मे अपन मांग सं पाछां नहि हटताह। जाबत हुनका सभक मांग पूरा नहि होयत, ताबत विरोध-प्रदर्शन जारी रहत।

दीर्घकाल सं चलि रहल अछि विरोध-प्रदर्शन

रावलकोट मे भेल ई हिंसा अनचोके नहि भेल अछि। जून 2026 सं पीओकेक अलग-अलग इलाका मे विरोध-प्रदर्शन चलि रहल अछि। मीडिया रिपोर्टक अनुसार, एहि कतेको मासक दौरान पाकिस्तानी सेना आ सुरक्षा बलक कारबाइ मे 153 सं बेसी लोकक जान जा चुकल अछि। हालांकि, एहि आंकड़ा सभक एखन धरि सरकार आधिकारिक पुष्टि नहि कयने अछि। उल्लेखनीय अछि जे पीओकेक मे महंगाई, बेरोजगारी आ शिक्षा तथा सड़क सन बुनियादी सुविधा सभक अभाव कें लए' लोक सभ बहुत दिन सं आंदोलन कए रहल छथि। मुदा आब ई विरोध मात्र आर्थिक समस्या धरि सीमित नहि रहल अछि। प्रदर्शनकारी राजनीतिक आ प्रशासनिक अधिकारक मांग सेहो उठा रहल छथि। हुनका सभक प्रमुख मांग अछि जे विधानसभा मे उचित प्रतिनिधित्व भेटय, स्थानीय संसाधन पर स्थानीय लोकक अधिकार हो आ प्रशासनिक स्वायत्तता देल जाय, जाहि सं ओ अपना क्षेत्रक निर्णय स्वयं लए' सकथि। प्रदर्शनकारी सभक कहब अछि जे हुनका सभक क्षेत्रक पानि, खनिज आ अन्य प्राकृतिक संसाधनक उपयोग तं कयल जाइत अछि, मुदा ओकर लाभ आम लोक धरि नहि पहुंचैत अछि। स्थानीय लोक एहि संसाधन पर अपन अधिकार आ ओकर लाभ मे उचित हिस्सेदारी चाहैत छथि। एहि उपेक्षा आ असमानता कें कारण लोक सड़क पर उतरबाक लेल विवश भेल छथि। प्रदर्शनकारी सभक चेतावनी अछि जे जाबत सरकार हुनका सभक मांग स्वीकार नहि करत, ताबत आंदोलन जारी रहत।

हम हर हाल मे लौटब देश... हमरा केओ नहि रोकि सकत : शेख हसीना

ढाका, एजेंसी

बांग्लादेशक पूर्व प्रधानमंत्री शेख हसीना स्पष्ट कयलनि अछि जे ओ आगामी दिसंबर मे भारत सं अपन देश वापस लौटतीह। ओ जोर दैत कहलनि जे एहि निर्णय मे कोनो बदलाव नहि भेल अछि आ हुनका केओ, कोनो परिस्थिति मे बांग्लादेश लौटय सं रोकि नहि सकत। शेख हसीना द एसोसिएटेड प्रेस (एपी) कें ईमेलक माध्यम सं ई जानकारी देलनि। ओ लिखलनि जे जं हुनकर भाग्य मे मृत्यु लिखल अछि तं ओ अपन देशक माटि पर, अपन लोकक बीच प्राण त्यागब पसिन करतीह। तें ओ बांग्लादेश जरूर वापस औतीह। हुनकर निर्णय एखनहुं ओतबे दृढ़ अछि। हसीनाक ई बयान एहन समय आयल अछि, जखन बांग्लादेशक एकटा विशेष न्यायाधिकरण 2025 मे हुनका मृत्युदंड सुनौने अछि। न्यायाधिकरण हुनका मानवताक विरुद्ध अपराधक दोषी मानने छल। ई सजा 2024 मे छात्र आंदोलनक दौरान भेल जानलेवा पुलिस कारबाइक लेल सुनाओल गेल। न्यायालयक अनुसार, ओहि कारबाइक आदेश देबाक जिम्मेदारी हसीनाक छल, जाहि मे सैकड़ो लोकक मृत्यु भेल आ हजारो घायल भेलाह। संयुक्त राष्ट्रक एकटा रिपोर्ट मे एहि दौरान करीब 1400 लोकक मृत्यु होयबाक बात कहल गेल अछि। हसीना अपन ऊपर लगाओल गेल सभ आरोप अस्वीकार कयलनि अछि। ओ न्यायाधिकरणक फैसला कें पूरा तरहें खारिज करैत मुकदमाक वैधता पर सेहो सवाल उठौलनि। हुनकर कहब अछि जे मुकदमा उचित प्रक्रिया आ निष्पक्षताक संग नहि चलाओल गेल। उल्लेखनीय अछि जे 2024 मे बांग्लादेश मे छात्र सभक नेतृत्व मे व्यापक विरोध प्रदर्शन भेल छल। एहि आंदोलनक परिणामस्वरूप शेख हसीना कें सत्ता छोड़य पड़लनि। सत्ता त्यागलाक बाद ओ भारत आबि गेलीह आ तखनहि सं एतहि रहि रहल छथि। ओ 2009 सं 2024 तक लगातार बांग्लादेशक प्रधानमंत्री रहल छलीह। बांग्लादेश सरकार कतेको बेर भारत सरकार सं शेख हसीनाक प्रत्यर्पण अर्थात हुनका वापस सौंपबाक मांग क' चुकल अछि। मुदा भारत एखन धरि हुनका बांग्लादेश कें सौंपय लेल तैयार नहि भेल अछि। हसीना पहिल बेर अगस्त मे दिसंबर मे स्वदेश लौटबाक अपन इच्छा जतौने छलीह। आब ओ फेर एहि निर्णयक पुष्टि कयलनि अछि। हालांकि, हसीना भारत सं बांग्लादेश वापस लौटबाक कोनो स्पष्ट योजना नहि बतौलनि अछि। ओ ईहो नहि कहलनि जे कोन रास्ता अथवा माध्यम सं स्वदेश पहुंचतीह। बांग्लादेश पहुंचला पर हुनकर गिरफ्तारीक आशंका अछि, कारण हुनका विरुद्ध मृत्युदंडक फैसला सुनाओल जा चुकल अछि। एहि सभ परिस्थितिक बावजूद शेख हसीनाक रुख स्पष्ट अछि। ओ निर्वासन मे रहबाक बदला अपन देश लौटय चाहैत छथि। हुनकर कहब अछि जे परिणाम चाहे जे हो, ओ अपन माटि आ अपन लोकक बीच वापस जरूर औतीह।

देश वापसी पर शेख हसीनाक पैघ घोषणा



दिवाली सं पहिने पाकिस्तानी नागरिक आ अल्पसंख्यक शरणार्थी सभ कें पैघ राहति



नई दिल्ली, समदिया

भारत मे रहि रहल विदेशी नागरिक, विशेष कए पाकिस्तानी नागरिक आ अल्पसंख्यक शरणार्थी सभ कें केंद्र सरकार पैघ राहति देलक अछि। केंद्रीय गृह मंत्रालय पासपोर्ट आ वीजा संबंधी नियम मे महत्वपूर्ण छूट देबाक अधिसूचना जारी कयलक अछि। एहि छूटक दायरा मे किछु पाकिस्तानी नागरिक, अल्पसंख्यक शरणार्थी, श्रीलंकाई तमिल आ तिब्बती शामिल छथि। बृहस्पति कें जारी इमिग्रेशन एंड फॉरेनर्स (एग्जेंप्शन) (अमेंडमेंट) ऑर्डर, 2026 केर अंतर्गत नेपाल, भूटान आ भारतक नागरिक सभक बीच आवाजाही आ पहचान संबंधी प्रक्रिया सेहो सरल बनाओल गेल अछि। संशोधित नियमक अनुसार, ओ पाकिस्तानी नागरिक जे 31 दिसंबर 2009 अथवा ओकरा पहिने स्थायी रूप सं रहबाक उद्देश्य सं भारत आयल छलाह, हुनका पासपोर्ट नवीनीकरणक सामान्य शर्त सं छूट देल गेल अछि। खास कए ओहि लोक सभ कें राहति भेटतनि, जे पाकिस्तान द्वारा जारी कंप्यूटरीकृत राष्ट्रीय पहचान पत्र (सीएनआइसी) नहि रहबाक कारण अपन यात्रा दस्तावेजक नवीनीकरण नहि करा पाबि रहल छथि। मुदा एहि छूट लेल किछु शर्त राखल गेल अछि। संबंधित व्यक्ति पाकिस्तान मे रहैत विवाह नहि कयने होथि आ ओतय कोनो अचल संपत्ति नहि कीनने होथि। संगहि, पाकिस्तान जाइत काल ओ अपन भारतीय नागरिक परिवारक सदस्य सभ कें भारते छोड़ि आयल होथि। हुनका ई वचन सेहो देबय पड़तनि जे आब ओ फेर पाकिस्तान नहि जेथिन।

पुलिस अथवा सुरक्षा एजेंसीक प्रतिकूल रिपोर्ट नहि हो : अधिसूचना मे स्पष्ट कयल गेल अछि जे संबंधित व्यक्ति विरुद्ध पुलिस अथवा सुरक्षा एजेंसीक कोनो प्रतिकूल रिपोर्ट नहि होयबाक चाही। छूटक तेसर श्रेणी मे भारतीय मूलक ओ लोक शामिल छथि, जे मलेशिया अथवा सिंगापुरक नागरिकता लए' लेने छलाह आ 31 दिसंबर 2009 अथवा ओकरा पहिने ओहि देशक पासपोर्ट पर भारत लौटि आयल छलाह। हुनकर पासपोर्टक अवधि समाप्त भए गेल अछि आ संबंधित देशक नवीनीकरण शर्त पूरा नहि कए पयबाक कारण ओ ओकरा फेर नवीनीकृत नहि करा सकलाह।

भारतीय मूलक व्यक्तिक अर्थ : एहि प्रावधान मे भारतीय मूलक व्यक्ति ओ विदेशी नागरिक मानल गेल छथि, जे पाकिस्तान, बांग्लादेश, श्रीलंका, अफगानिस्तान, भूटान, नेपाल आ चीनक नागरिक नहि होथि आ जिनका लग पहिने भारतीय पासपोर्ट रहल हो। जं हुनका स्वयं अथवा हुनकर माता-पिता, दादा-दादी, नाना-नानी अथवा परदादा-परदादी भारत मे जन्म लेने होथि आ भारत सरकार अधिनियम, 1935 मे उल्लिखित क्षेत्र अथवा बाद मे भारतक हिस्सा बनल क्षेत्रक स्थायी निवासी रहल होथि, तं ओ एहि छूटक पात्र भए सकैत छथि।

नेपाल-भूटानक नागरिक सभ कें सेहो राहति : ओना भारत मे रहबाक अवधि जारी रखबाक लेल तीनू श्रेणीक लोक कें अपन पात्रता अनुसार उचित वीजा लेब अनिवार्य होयत। अधिसूचना अनुसार, भारत, नेपाल आ भूटानक नागरिक सड़क अथवा हवाई मार्ग सं एक-दोसर देशक बीच सीधा यात्रा करैत काल पासपोर्टक बदला सरकारक वीजा पुस्तिका मे निर्धारित मान्य पहचान पत्र देखाबि सकैत छथि। मुदा ई छूट ओहि भारतीय नागरिक पर लागू नहि होयत, जे नेपाल अथवा भूटान छोड़ि कोनो आन देश सं भारत-नेपाल अथवा भारत-भूटान सीमा होइत भारत आबि रहल होथि अथवा बाहर जा रहल होथि। एहन स्थिति मे वैध पासपोर्ट अनिवार्य होयत आ भारत मे प्रवेश अथवा देश सं बाहर जाय लेल निर्धारित आव्रजन जांच चौकीक उपयोग करय पड़तनि।

गृह मंत्रालय वीजा-पासपोर्ट नियम मे देलक छूट

डबलिन सं रोम जा रहल विमान कें बम सं उड़ेबाक धमकी, हवा मे मचल अफरातफरी

फ्रांस दिस मोड़ल गेल विमान



पेरिस, एजेंसी

आयरलैंडक राजधानी डबलिन सं इटलीक राजधानी रोम जा रहल एकटा अंतरराष्ट्रीय विमान कें बम सं उड़ेबाक धमकी भेटलाक बाद अफरातफरी मचि गेल। धमकीक बाद विमान कें फ्रांस दिस मोड़ि देल गेल। फ्रांसक प्रधानमंत्री कार्यालय बृहस्पति कें जानकारी देलक जे एयरबस ए320 विमान कें बमक धमकी भेटलाक बाद उत्तरी फ्रांस स्थित एव्रेक्स सैन्य हवाई अड्डा दिस मोड़ल गेल अछि। प्रधानमंत्री कार्यालय कहलनि जे स्थिति पर नजरि राखल जा रहल अछि। उड़ान पर नजरि राखयबला वेबसाइट फ्लाइटराडार24 केर अनुसार एयर लिंगसक विमान पेरिसक लग अपन दिशा बदललक। उड़ानक दौरान आपातकालीन स्थिति घोषित कयलाक बाद विमान एव्रेक्स इलाकाक ऊपर चक्कर लगबैत रहल। यूरोप मे विमान सभ कें निशाना बनाकय धमकी देबाक ई ताजा मामिला अछि। मंगलदिन यूरोपक कम-सं-कम 7 विमान आ एकटा क्रूज जहाज कें बम सं उड़यबाक धमकी भेटल छल। एहि कारण हवाई अड्डा सभक कामकाज प्रभावित भेल, हालांकि कोनो संदिग्ध वस्तु नहि भेटल। एहि सप्ताह व्यावसायिक विमान सभ कें एहन करीब एक दर्जन धमकी भेटल, जे बाद मे झूठ साबित भेल। उड़ानक दौरान पायलट आपातकालीन संकेत '7700' जारी कयलनि, जाहि के बाद विमान कें फ्रांस दिस मोड़ल गेल। बाद मे यात्रु सभ कें विमान सं उतारि देल गेल।

अंडर-19 एशिया कप : शाह फैसलक अर्धशतक, अफगानिस्तान बांग्लादेश कें 113 रन सं हरौलक



अफगानिस्तान, बांग्लादेश कें विरुद्ध अल अमीरात क्रिकेट ग्राउंड (मिनिस्ट्री टर्फ 1) मे खेलल गेल मेंस अंडर-19 एशिया कप 2026क दोसर मोकाबला मे बांग्लादेश कें 113 रन सं पराजित कयलक। टॉस जीतिकए बल्लेबाजी करबाक लेल उतरल अफगानिस्तानक टीम 49 ओवर मे 231 रन पर सिमटि गेल। टीम कें मात्र 19 रनक स्कोर पर फरीदुल्लाह (15) केर रूप मे पहिल झटका लागल। एकर बाद टीम सुभान जखैल (4) केर विकेट सेहो गमा देलक। एहि ठाम सं आबिदुल्लाह नादरजन, नोमान सलारजईक संग चारिम विकेट लेल 20 रन जोड़ि टीम कें अर्धशतक पार पहुंचौलनि। 58 रनक स्कोर पर आबिदुल्लाह नादरजन (15) आउट भेलाह। एहि स्कोर पर सलारजई (16) केर रूप मे टीम चारिम विकेट सेहो गमा देलक। एकर बाद शाह फैसल रहीमी आ ताहिर सरवरी (37) केर जोड़ी पांचम विकेट लेल 72 गेंद मे 59 रनक साझेदारी कयलक। ताहिर 43 गेंद मे 6 बाउंड्रीक मदति सं 37 रन बना कए आउट भेलाह। एकर बाद रहीमी कप्तान सोहेल खान (17) संग छठम विकेट लेल 42 रन, आमिर हमजा (16) संग 37 रन आ सामी मुबारेज (नाबाद 10) संग आठम विकेट लेल 24 रन जोड़ि टीम कें 200 रनक पार पहुंचौलनि। रहीमी 97 गेंद मे 1 छक्का आ 8 चौकाक मदति सं 83 रन बना कए आउट भेलाह। विपक्षी टीम दिस सं तफीउल आलम तमीम 41 रन दए 4 विकेट लेलनि, जखनकि रोबिउल हसन अनिक 2 विकेट झटकलनि। एहि अतिरिक्त रुबाय इस्लाम रिजोन, शेख अतीकुर रहमान आ अल रफी 1-1 विकेट लेलनि। जवाब मे बांग्लादेशी टीम 25.5 ओवर मे 118 रन पर सिमटि गेल। टीमक शुरूआत बेहद खराब रहल। स्थिति एहन छल जे बांग्लादेश मात्र 41 रन तक अपन 6 विकेट गमा देने छल। एकर बाद रोबिउल हसन अनिक (33) एसके जरीफ सियाम (41) संग सातम विकेट लेल 55 रनक साझेदारी कए टीम कें कोनो तरहें 96 रन तक पहुंचौलनि। मुदा रोबिउलक आउट होइतहि विकेट सभ लगातार खसय लागल आ टीम मात्र 118 रन पर सिमटि गेल। अफगानिस्तान दिस सं नूर अली, आमिर हमजा आ सामी मुबारेज 3-3 विकेट लेलनि, जखनकि कप्तान सोहेल खान 1 विकेट झटकलनि।

वेटलिफ्टिंग विश्व चैंपियनशिप मे बुल्गारियाक कार्लोस नासरक जलवा



बुल्गारियाक कार्लोस नासर विश्व वेटलिफ्टिंग चैंपियनशिप मे पुरुष सभक 95 किलोग्राम भार वर्ग मे तीनू विश्व रिकॉर्ड तोड़ैत अपन चारिम विश्व खिताब जीतलनि। चीनक निंगबो मे आयोजित प्रतियोगिता मे 21 वर्षीय नासर स्नैच मे 185 किलोग्राम आ क्लीन एंड जर्क मे 230 किलोग्राम वजन उठौलनि। एहि तरह हुनकर कुल वजन 415 किलोग्राम रहल, जे कजाकिस्तानक नुरगिसा अडिलेतुली सं 16 किलोग्राम बेसी छल। 2024 ओलंपिक चैंपियन नासर आब 89 किलोग्राम भार वर्ग सं ऊपर आबि गेल छथि।

प्रतियोगिता मे अडिलेतुली 399 किलोग्राम वजनक संग सिल्वर मेडल जीतलनि, जखनकि 2024 एशियन गेम्सक चैंपियन ईरानक अली अलीपोर 396 किलोग्राम वजन उठा कए ब्रॉन्ज मेडल हासिल कयलनि। चीनक कियान फेइक्सियांग 385 किलोग्राम वजनक संग चारिम स्थान पर रहलाह। नासर अपन छहू प्रयास सफलतापूर्वक पूरा कयलनि। ओ स्नैच मे 175 किलोग्राम, 180 किलोग्राम आ 185 किलोग्राम वजन उठौलनि। एकर बाद क्लीन एंड जर्क मे 213 किलोग्राम, 220 किलोग्राम आ 230 किलोग्राम वजन सफलतापूर्वक उठौलनि। हुनकर आखिरी क्लीन एंड जर्क प्रयास 220 किलोग्रामक पिछला विश्व रिकॉर्ड सं बेसी रहल, जखनकि हुनकर कुल वजन (415 किलोग्राम) सितंबर मे अलीपोर द्वारा बनाओल गेल 398 किलोग्रामक पिछला विश्व रिकॉर्ड सं बहुत बेसी छल। एहि जीतक संग नासर अपन चारिम विश्व खिताब हासिल कयलनि आ वेटलिफ्टिंगक शीर्ष खेलाड़ी सभ मे अपन जगह आ मजबूत कए लेलनि। निंगबो मे आयोजित ई चैंपियनशिप 2028 लॉस एंजिल्स ओलंपिक लेल क्वालिफिकेशन प्रक्रिया के शुरूआत अछि।

एहि सं पहिने, मंगलदिन विश्व वेटलिफ्टिंग चैंपियनशिप मे डीपीआर कोरियाक सोंग कुक हयांग महिला सभक 69 किलोग्राम भार वर्ग मे तीनू विश्व रिकॉर्ड तोड़ने छलीह। 25 वर्षीय सोंग स्नैच मे 122 किलोग्राम आ क्लीन एंड जर्क मे 153 किलोग्राम वजन उठौलनि। एहि तरह हुनकर कुल वजन 275 किलोग्राम रहल। एहि प्रदर्शनक संग ओ सितंबर मे एशियन गेम्सक दौरान अपनहि बनाओल तीनू विश्व रिकॉर्ड मे क्रमशः 1 किलोग्राम, 1 किलोग्राम आ 2 किलोग्रामक सुधार कयलनि। हुनकर हमवतन री सुक कुल 259 किलोग्राम वजन उठा कए रजत पदक जीतलनि, जखनकि कोलंबियाक जूलियथ रोड्रिगेज 245 किलोग्राम वजनक संग कांस्य पदक हासिल कयलनि।

भाविना पटेल : पैरा टेबल टेनिस मे रचलनि इतिहास

पैरालंपिक मे देश कें दियौलनि पहिल पदक



भाविना पटेलक नाम देशक शीर्ष पैरा टेबल टेनिस खेलाड़ी सभ मे शामिल अछि। भाविना अंतरराष्ट्रीय मंच पर पदक जीतिकए देशक नाम दुनिया भरि मे प्रतिष्ठित केने छथि। भाविना पटेलक जन्म 6 नवंबर 1986 कें गुजरातक मेहसाणा मे भेल छलनि। मात्र 12 वर्षक उमेर मे ओ पोलियो बेमारीक शिकार भए गेलीह, जाहि कारण हुनकर दहिना पैर प्रभावित भए गेलनि। भाविनाक माता-पिता हुनकर शारीरिक अक्षमता कें कहियो कमजोरी नहि बनय देलनि आ हुनका किछु पैघ करबाक लेल प्रेरित कयलनि। पटेल 2007 मे ब्लाइंड पीपल्स एसोसिएशन मे कंप्यूटर कोर्स करबाक लेल गेल छलीह। ओतहि ओ किछु बच्चा सभ कें टेबल टेनिस खेलैत देखलनि। एतहि सं हुनका टेबल टेनिस प्रति रुचि बढ़ल। एकर बाद ओ ललन दोशीक मार्गदर्शन मे एहि खेलक प्रशिक्षण लेब शुरू कयलनि। व्हीलचेयर पर बैसि कए खेलब आसान नहि छल, मुदा भाविना अपन हिम्मत आ मेहनत सं एकरा आसान बना लेलनि। अंतरराष्ट्रीय प्रतियोगिता मे भाविना पहिल बेर 2009 मे जॉर्डन मे हिस्सा लेलनि। एकर बाद 2011 मे थाईलैंड ओपन मे चीनी खेलाड़ी कें हरा कए सिल्वर मेडल जीतलनि। 2013 मे बीजिंग मे एशियन पैरा टेबल टेनिस चैंपियनशिप मे ओ देश कें पहिल सिल्वर मेडल दियौलनि। टोक्यो पैरालंपिक 2020 मे सफलता भाविना कें अंतरराष्ट्रीय स्तर पर पैघ उपलब्धि आ पहचान देलक। ओ क्लास 4 कैटेगरीक फाइनल मे जगह बनौलनि। फाइनल मे हुनका चीनी खेलाड़ी झोउ यिंगक हाथे 2-3 सं हारिक सामना करय पड़लनि। हुनका सिल्वर मेडल सं संतोष करय पड़लनि, मुदा ई पदक ऐतिहासिक छल। भारत कें पहिल बेर पैरा टेबल टेनिस मे पैरालंपिक पदक भेटल छल। 39 वर्षीया भाविना 2022 कॉमनवेल्थ गेम्स मे गोल्ड मेडल जीतने छलीह। हुनकर नाम 2018 पैरा एशियन गेम्स मे सिल्वर आ 2022 हांगझोऊ एशियन गेम्स मे कांस्य पदक सेहो दर्ज अछि। भाविना एशियन पैरा गेम्स 2026 मे कांस्य पदक जीतने छलीह। वर्ष 2021 मे हुनका अर्जुन पुरस्कार सं सम्मानित कयल गेल छलनि। शारीरिक अक्षमता रहितो भाविना पटेलक सफलता ओहि युवा सभ लेल प्रेरणा अछि, जे कठिनाइ सभक बावजूद अपन जीवन मे पैघ सफलता हासिल करबाक इच्छा रखैत छथि।

क्रिस्टियानो रोनाल्डो इंटरनेशनल फुटबॉल सं लेलनि संन्यास

पुर्तगाल लेल कएलनि सर्वाधिक गोल

पुर्तगालक स्टार फुटबॉल खेलाड़ी क्रिस्टियानो रोनाल्डो इंटरनेशनल फुटबॉल सं संन्यास लेबाक घोषणा कए देलनि अछि। रोनाल्डो सोशल मीडिया पर एकटा भावुक वीडियो साझा कए अपन संन्यासक जानकारी देलनि। रोनाल्डो वर्ष 2003 मे पुर्तगाल लेल अपन इंटरनेशनल पदार्पण केने छलाह। तखनहि सं टीमक लेल खेलैत ओ कतेको पैघ रिकॉर्ड बनौलनि। खेलाड़ीक संग-संग रोनाल्डो पुर्तगाल टीमक कप्तानी सेहो कएलनि आ हुनकर अगुआई मे टीमक प्रदर्शन शानदार रहल। रोनाल्डो अपन 232 मैचक करियर मे कुल 146 गोल कएलनि। पुर्तगाल दिस सं सब सं बेसी गोल करबाक रिकॉर्ड सेहो रोनाल्डोक ना मे अछि। रोनाल्डोक अगुआई मे पुर्तगाल वर्ष 2016 मे यूरो कपक खिताब अपन नाम केने छल। रोनाल्डो संन्यास लेबाक एहि फैसला कें अपना लेल बेहद कठिन निर्णय बतौलनि। ओ अपन इंटरनेशनल करियरक दौरान समर्थन देनिहार लोक सभक सेहो धन्यवाद देलनि। रोनाल्डो सोशल मीडिया मंच 'एक्स' पर साझा कएल गेल वीडियो मे कहलनि, पुर्तगालक लोक सभ, आब समय आबि गेल अछि जे नेशनल टीमक नंबर 7 जर्सी अहां सभ कें वापस सौंपि दी। हमरा कहियो एहन नहि लागल जे ई मात्र हमर अछि, मुदा 23 वर्ष धरि एकरा पहिरबाक, एकर मान राखबाक आ दुनिया भरिक स्टेडियम मे एकरा अपना संग लए जेबाक सौभाग्य आ जिम्मेदारी हमरा भेटल। आइ एकरा भविष्यक पीढ़ी कें सौंपबाक समय आबि गेल अछि। अपन यात्रा कें याद करैत रोनाल्डो मानलनि जे हुनकर करियर मे कतेको यादगार जीत रहल, तं किछु कठिन क्षण सेहो आएल। हालांकि, ओ जोर दैत कहलनि जे नेशनल टीमक प्रति हुनकर समर्पण कहियो कम नहि भेल। ओ कहलनि, किछु बेहतरीन दिन आ राति छल, एहन जीत छल, जे हम कहियो नहि बिसरि सकब। किछु एहन हार सेहो छल, जकरा याद करब आइयो कठिन लगैत अछि। हमरा सं गलती सेहो भेल, हमरा कठिनाइ सेहो झेलय पड़ल आ कतेको बेर एहन भेल, जखन हम पुर्तगालक लोक सभ कें ओ नहि दए सकलौं, जकरा ओ बहुत आशा रखने छलाह। मुदा हम कहियो हार नहि मानलौं। सब सं पैघ बात, पुर्तगालक प्रतिनिधित्व करब हमरा लेल सदिखन गर्वक विषय रहल। ओ अपन इंटरनेशनल यात्रा मे संग देबाक लेल साथी खेलाड़ी, कोच, सपोर्ट स्टाफ आ परिवारक सेहो धन्यवाद देलनि। रोनाल्डो कहलनि, ओहि सभ कोच, डॉक्टर, फिजियोथेरेपिस्ट, ड्रेसर, कर्मचारी आ ओहि तमाम लोकक धन्यवाद, जे एतेक वर्ष धरि हमरा संग काज कयलनि। अहां सभ मे सं कतेको लोक कहियो तस्वीर मे नहि देखाइत छथि, मुदा अहां सभक बिना एहि मे सं कोनो तस्वीर संभव नहि होइत। हमर परिवार कें सेहो धन्यवाद, जे एहि सपना कें हमरा संग साझा कयलक। रोनाल्डो आगू कहलनि, हमर अनुपस्थिति कें बुझबाक, त्याग करबाक आ ओहि क्षण सभ कें स्वीकार करबाक लेल धन्यवाद, जखन राष्ट्रीय टीम कें ओहि जगहक जरूरत पड़ल, जे वास्तव मे अहां सभक छल। जं हम एतय तक पहुंचि सकलौं, तं एकर कारण ई अछि जे अहां सभ सदिखन हमरा संग ठाढ़ रहलौं। रोनाल्डोक संन्यास सं पुर्तगालक लेल एकटा युगक अंत भए गेल अछि आ आब राष्ट्रीय टीमक विरासत कें आगू बढ़ेबाक जिम्मेदारी नव पीढ़ीक कंधा पर आबि गेल अछि। हालांकि, रोनाल्डो ई स्पष्ट कए देलनि जे इंटरनेशनल फुटबॉल सं संन्यास लेलाक बादो देशक संग हुनकर जुड़ाव ओहिना बनल रहत। ओ कहलनि, आइ हम राष्ट्रीय टीमक संग मैदान पर अपन यात्रा समाप्त कए रहल छी। हम माथ ऊंच कए जा रहल छी, अपन तय कएल बाट पर गर्व करैत आ एहि संतुष्टिक संग जे हम पुर्तगाल लेल अपन सब किछु देलौं। मुदा हम अहां सभ मे सं एकटा बनल रहब। ओ आगू कहलनि, आइ हमरा एहसास भए रहल अछि जे हमर सब सं पैघ जीत ई छल जे हमरा दुनिया कें सब सं नीक देशक प्रतिनिधित्व करबाक अवसर भेटल।



दीप्ति, सदरलैंड आ सोभाना 'आईसीसी विमेंस प्लेयर ऑफ द मंथ' पुरस्कार लेल नामित

भारतक ऑफ-स्पिन ऑलराउंडर दीप्ति शर्मा, ऑस्ट्रेलियाक सीम-बॉलिंग ऑलराउंडर एनाबेल सदरलैंड आ बांग्लादेशक बल्लेबाज सोभना मोस्तरी कें अक्टूबर 2026 लेल 'आईसीसी विमेंस प्लेयर ऑफ द मंथ' पुरस्कार लेल नामित कयल गेल अछि। भारत हालहि जिंबाब्वेक विरुद्ध वनडे आ टी-20 सीरीज मे 3-0 सं क्लीन स्वीप केने छल। एहि दौरान दीप्ति बल्ला आ गेंद दुनू सं शानदार प्रदर्शन कयलनि। दीप्ति टी-20 सीरीजक पहिल मैच मे 49 रनक पारी खेललनि। एहि सीरीज मे कुल 2 विकेट सेहो लेलनि। एकर बाद वनडे सीरीज मे कुल 5 विकेट झटकलनि आ बल्लेबाजी करबाक एकमात्र मौका भेटला पर दोसर वनडे मे 106 रनक नाबाद पारी खेललनि। दोसर दिस, बांग्लादेशक बल्लेबाज सोभना ब्रिस्बेन मे इतिहास रचलनि। सोभना ऑस्ट्रेलियाक विरुद्ध दोसर वनडे मैच मे 134 गेंद पर 118 रन बनौलनि। ई वनडे प्रारूप मे बांग्लादेशक महिला खेलाड़ी द्वारा बनाओल गेल सर्वोच्च व्यक्तिगत स्कोर अछि। अपन एहि पारी मे ओ 18 बाउंड्री लगौलनि।



भले बांग्लादेश सीरीज 0-3 सं हाइर गेल, मुदा सोभना सीरीज मे 43क औसत सं कुल 129 रन बना सभके प्रभावित कयलनि। एहि बीच, एनाबेल ओहि सीरीज मे बांग्लादेशक विरुद्ध ऑस्ट्रेलिया लेल महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। ब्रिस्बेन मे खेलल गेल सीरीजक पहिल मैच मे ओ 30 रन दए 4 विकेट लेलनि आ एकर बाद नाबाद 25 रन बनौलनि। हुनकर एहि प्रदर्शनक बदौलत ऑस्ट्रेलिया सात विकेट सं शानदार जीत दर्ज कयलक। 25 वर्षीय खेलाड़ी सीरीजक आखिरी मैच मे 74 रनक नाबाद पारी खेललनि आ 25 रन दए 2 विकेट सेहो लेलनि। ओ 132क स्ट्राइक रेट सं 99 रन आ 4.12क इकॉनमी रेट सं 6 विकेट लैत सीरीज समाप्त कयलनि। एकर बाद एनाबेल न्यूजीलैंडक विरुद्ध टी-20 सीरीजक तीनू मोकाबला मे कुल 19 रन बनौलनि आ 1 विकेट झटकलनि।



वर्ष 17, अंक 57 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053